

**LATAR SOSIAL BUDAYA WONTEN CERBUNG JANGGRUNG
ANGGITANIPUN SRI SUGIYANTO
SATUNG GALING KAJIAN SOSIOLOGI SASTRA**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pendadaran
Anggayuh Gelar *Sarjana Pendidikan*



Dening:
Nurin Ranu Ernawa
NIM 10205244051

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Latar Sosial Budaya wonten Cerbung Janggrung anggitanipun Sri Sugiyanto Satunggaling Kajian Sosiologi Sastra* menika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah saking pembimbing.



Yogyakarta, 16 Juni 2014

Pembimbing



Sri Harti Widyastuti, M. Hum

NIP 19621008 198803 2 001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Latar Sosial Budaya wonten Cerbung Janggrung Anggitanipun Sri Sugiyanto Satunggaling Kajian Sosiologi Sastra* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* rikala tanggal 4 Juli 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak	Tanggal
		Asma	
1. Dr. Suwardi, M. Hum.	Ketua Penguji		10-07-2014
2. Avi Meilawati, S. Pd, M. A.	Sekretaris Penguji		11-07-2014
3. Drs. Afendy Widayat, M. Phil.	Penguji I		10-07-2014
4. Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.	Penguji II		11-07-2014

Yogyakarta, 11 Juli 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,


Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Nurin Ranu Ernawa
NIM : 10205244051
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih karya ilmiah menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika boten ngandhut materi ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara lan paugeran panyeratan karya ilmiah ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 16 Juni 2014

Panyerat



Nurin Ranu Ernawa

SESANTI

Prasaja, bakal nuwuhaken kabagyan ingkang sajati ing tembe

PISUNGSUNG

Skripsi menika kula aturaken dhateng Ibu kaliyan Bapak ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhateng ngarsanipun Allah SWT ingkang tansah paring kasaran, rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan “Latar Sosial Budaya wonten Cerebung *Janggrung* Anggitanipun Sri Sugiyanto Satunggaling Kajian Sosiologi Sastra” saperlu kangge nggayuh gelar sarjana pendidikan.

Skripsi menika saged mawujud amargi wontenipun panyengkuyung saking kathah pihak, awit saking menika panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum minangka dosen pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae. Kajawi menika, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng:


1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd, M.A minangka rektor Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin ngrantam skripsi menika;
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika;
4. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum, minangka Penasehat Akademik ingkang sampun paring bimbingan, *motivasi*, saha panjurung sadangunipun kula sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta;
5. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya ngelmu ingkang mupangat sanget kangge kula;
6. Staf karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya pambiyantunipun.

7. Dewan penguji Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun;
8. Tiyang sepuh kula, Bapak Sabar saha Ibu Miskati ingkang sampun paring panjurung saha donga pangestunipun;
9. Kanca-kanca PBD 2010 mliginipun kelas H, saha sedaya pihak ingkang sampun paring panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Panyerat ngrumaosi bilih skripsi menika taksih tebih saking sampurna, awit saking menika sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih jangkeping skripsi menika tansah katampi kanthi sukaning manah. Panyerat ugi gadhah pangajeng-ajeng mug-mugi skripsi menika saged migunani tumrap sinten kemawon ingkang maos. Mug-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, Juni 2014

Panyerat



Nurin Ranu Ernawa

WOSING ISI

	kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING ISI	ix
DHAFTAR TABEL	xii
DHAFTAR LAMPIRAN	xiii
SARINING PANALITEN	xiv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Prekawis	4
D. Wosing Prekawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	5
 BAB II GEGARAN TEORI	 7
A. Pangertosan saha Jinisipun Karya Sastra	7
B. Pangertosan Cerbung	7
C. Latar wonten Sastra	8
D. Latar Sosial Budaya wonten Sastra	10
E. Sastra minangka <i>Cermin</i> Sosial Budaya	12
F. Gayutanipun Sastra kaliyan Masyarakat	13

G. Pangertosan <i>Sosiologi Sastra</i>	16
H. Panaliten ingkang Jumbuh	17
I. Nalaring Pikir	18
 BAB III CARA PANALITEN	20
A. <i>Pendekatan</i> Panaliten	20
B. <i>Objek</i> Panaliten	20
C. Sumbering Data	21
D. Caranipun Ngempalaken Data	21
E. Pirantining Panaliten	22
F. Caranipun Nganalisis Data	26
G. Caranipun Ngesahaken Data	27
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN	29
A. Asiling Panaliten	29
1. Ringkesan Isi wonten Cerbung <i>Janggrung</i>	29
2. Data Latar Sosial Budaya wonten Cerbung <i>Janggrung</i>	35
3. Kawontenan Latar Sosial Budaya Masyarakat Indonesia Wetawis Taun 2005	60
B. Pirembagan	61
1. Latar Sosial Budaya	61
a. <i>Religiusitas</i> ingkang Inggil wonten Cerbung <i>Janggrung</i>	62
b. <i>Organisasi Sosial</i> ingkang Ngrembaka Salebeting Masarakat wonten Cerbung <i>Janggrung</i>	65
c. Kawruh saha Kaprigelan anggenipun Nganalisa Prekawis	70
d. Wujud Basa ingkang Dipunginakaken salebeting Cerbung <i>Janggrung</i>	78
e. Kesenian ingkang Adiluhung	102
f. Pakaryan ingkang Prasaja Salebeting Cerbung <i>Janggrung</i> ...	121
g. Pirantos ingkang Prasaja Salebeting Cerbung <i>Janggrung</i>	129

2. Kawontenan Sosial Budaya ingkang Kagambaraken wonten	
Latar	135
BAB V PANUTUP	142
A. Dudutan	142
B. Pamrayogi	145
KAPUSTAKAN	147
LAMPIRAN	149

DHAFTAR TABEL

	kaca
Tabel 1:	Perangan Religiuitas ingkang Inggil wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 36
Tabel 2:	Perangan <i>Organisasi Sosial</i> wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 37
Tabel 3:	Perangan Kawruh saha Kaprigelan anggenipun Nganalisis Prekawis wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 39
Tabel 4:	Perangan Wujud Basa wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 43
Tabel 5:	Perangan Kesenian ingkang Adiluhung wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 51
Tabel 6:	Perangan Pakaryan wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 55
Tabel 7:	Perangan Pirantos wonten Cerbung <i>Janggrung</i> 58

DHAFTAR LAMPIRAN

	kaca
Lampiran 1. Ringkesan Isi Cerbung <i>Janggrung</i>	149
Lampiran 2. Tabel Data Latar Sosial Budaya wonten Cerbung <i>Janggrung</i> ..	156

**LATAR SOSIAL BUDAYA WONTEN CERBUNG JANGGRUNG
ANGGITANIPUN SRI SUGIYANTO
SATUNG GALING KAJIAN SOSIOLOGI SASTRA**

Dening
Nurin Ranu Ernawa
NIM 10205244051

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken latar sosial budaya ingkang wonten salebeting cerbung Janggrung saha kawontenan sosial budaya masyarakat Indonesia ingkang kagambaraken wonten cerbung Janggrung.

Panaliten menika ngginakaken pendekatan sosiologi sastra. Objek ingkang dipunkaji inggih menika sedaya data ingkang wonten salebeting cerbung Janggrung ingkang gayut kaliyan latar sosial budaya. Sumber data primeripun inggih menika cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto ingkang kapacak wonten kalawarti mingguan Panjebur Semangat edisi 13 tanggal 26 Maret 2005 dumugi edisi 38 tanggal 17 September 2005, kaperang dados 26 seri. Teknik ingkang dipunginakaken inggih menika teknik maos saha nyerat. Caranipun ngesahaken data dipunpanggihaken mawi uji *validitas referensial* awujud *rujukan-rujukan* saha uji *reliabilitas intrarater* inggih menika ngambali analisis tumrap cerbung *Janggrung* kangge manggihaken data ingkang *konsisten*. Salajengipun data dipunanalisis kanthi *deskriptif interpretatif* amargi datanipun awujud data *verbal* ingkang mbetahaken andharan mawi *deskriptif*.

Asiling panaliten nedahaken bilih data latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung* kaperang dados pitu prekawis, inggih menika: (a) *religiusitas* ingkang inggil salebeting cerbung *Janggrung*, (b) *organisasi sosial* ingkang ngrembaka salebeting masyarakat, (c) kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis, (d) wujud basa ingkang dipunginakaken, (e) kesenian ingkang adiluhung, (f) pakaryan wonten masyarakat desa, saha (g) pirantos ingkang dipunginakaken masyarakat. Kawontenan masyarakat ingkang dados latar wonten cerbung *Janggrung* inggih menika: (a) Janggrung wetawis taun 2005 dados beksa pergaulan masyarakat, dumados saking ledhek, nanging tembung ledhek lajeng dipunalusaken dados “paraga beksa”, (b) suwelan salebeting seni Janggrung udakawis taun 1960, taksih kanthi cara maringaken arta ingkang dipunlebetaken wonten “kemben” antawisipun dhadha, (c) wonten sawetara masyarakat dhaerah ingkang pitados menawi ledhek menika dados sarana *penghubung* ingkang wigati, antawisipun panguripan masyarakat padesan kaliyan Dewi Sri utawi Dewi Kesuburan. Adhedhasar panaliten menika saged dipunpundhet dudutanipun bilih Sri Sugiyanto anggenipun ngripta cerbung *Janggrung* mundhut latar kawontenan sosial budaya masyarakat Indonesia wetawis taun 2005 minangka kawontenan ingkang ndhasari lampahing cariyos salebeting cerbung *Janggrung*.

LATAR SOSIAL BUDAYA DALAM CERBUNG JANGGRUNG
KARYA SRI SUGIYANTO
SALAH SATU KAJIAN SOSIOLOGI SASTRA

Oleh
Nurin Ranu Ernawa
NIM. 10205244051

ABSTRAK

Penelitian ini bertujuan untuk menjelaskan latar sosial budaya yang terdapat dalam cerbung *Janggrung* dan kondisi sosial budaya masyarakat Indonesia yang digambarkan dalam cerbung *Janggrung*.

Penelitian ini menggunakan pendekatan sosiologi sastra. objek yang dikaji adalah keseluruhan data yang terdapat dalam cerbung *Janggrung* yang berhubungan dengan latar sosial budaya. Sumber data primer berupa cerbung *Janggrung* karya Sri Sugiyanto yang dimuat dalam majalah mingguan Panjebar Semangat edisi 13 tanggal 26 Maret 2005 sampai dengan edisi 38 tanggal 17 September 2005, yang terbagi dalam 26 seri. Teknik yang digunakan adalah pembacaan dan pencatatan. Keabsahan data diperoleh melalui uji validitas referensial yang berupa rujukan-rujukan dan uji reliabilitas intrarater yaitu melihat dan mengkaji ulang cerbung *Janggrung* untuk mendapatkan data yang konsisten. Selanjutnya, data dianalisis secara deskriptif interpretatif karena data berupa data verbal yang memerlukan penjelasan secara deskriptif.

Hasil penelitian menunjukkan bahwa data latar sosial budaya dalam cerbung *Janggrung* dibagi menjadi dua yaitu latar sosial dan latar budaya. Yang termasuk data latar sosial adalah hubungan dalam masyarakat. Yang termasuk data latar budaya yaitu: (a) religiusitas yang tinggi dalam cerbung *Janggrung*, (b) organisasi sosial yang berkembang dalam masyarakat, (c) pengetahuan dan kemampuan menganalisa, (d) wujud bahasa yang digunakan dalam cerbung *Janggrung*, (e) kesenian yang bernilai tinggi, (f) mata pencaharian masyarakat desa, dan (g) peralatan yang digunakan masyarakat. Kondisi masyarakat yang menjadi latar dalam cerbung *Janggrung* yaitu: (a) kesenian *Janggrung* sekitar tahun 2005 menjadi tari pergaulan masyarakat, terdiri dari *ledhek*, tetapi kata *ledhek* kemudian diubah menjadi “pemeran tari”, (b) *suwelan* dalam seni *Janggrung* sekitar tahun 1960 masih dilakukan dengan cara memberikan uang yang dimasukkan dalam “kemben” diantara dada, (c) ada sebagian masyarakat daerah yang percaya bahwa *ledhek* menjadi sarana penghubung antara kehidupan masyarakat desa dengan Dewi Sri atau Dewi Kesuburan. Berdasarkan penelitian ini dapat disimpulkan bahwa pengarang (Sri Sugiyanto) dalam menciptakan cerbung *Janggrung* mengambil latar sejarah kehidupan sosial budaya masyarakat Indonesia khususnya Jawa sekitar tahun 2003 sebagai kondisi yang melatari jalannya cerita dalam cerbung *Janggrung*.

**SOCIAL CULTURE BACKGROUND
IN JANGGRUNG SERIAL BY SRI SUGIYANTO
A STUDY OF SOSIOLOGICAL LITERATURE**

By
Nurin Ranu Ernawa
NIM. 10205244051

ABSTRACT

The aims of the research are to explain the background of the social culture which is existing in Janggrung serial and the social culture condition of the Indonesian society which is draw in Janggrung serial.

The research uses sociological literary approach. The object of the study is all of the data contain in Janggrung serial which connect to the background of the social culture. Primary source of the data is Janggrung serial by Sri Sugiyanto that adopted in weekly magazine Panjebar Semangat edition 13 at 26 March 2005 to edition 38 at 17 Sept 2005 which consist 26 serial. The technique uses reading and notting technique. The validity of the data obtained through reference validity test which consist referrals and intrarater reability test is viewing and reviewing Janggrung serial to get consistent data. Further, the data is analyzed by descriptive interpretative because the data is verbal data which need explanation descriptively.

The result of the research shows that the background of the social culture in Janggrung serial is devided into social background and cultural background. Which includes social background data is relation in the society. Which includes cultural background data is: (a) high religiosity in Janggrung serial, (b) social organisation which is developing in the society, (c) knowledge and ability to analize, (d) a form of language in Janggrung serial, (e) valuable art, (f) livelihoods of rural people, and (g) equipment which is used in society. Social condition of the society who becomes background in Janggrung serial is: (a) Janggrung art at 2005 becomes association dance of society, consist of "ledhek", but the word ledhek is changed to "pemeran tari" (b) "suwelan" in Janggrung art at 1960 still done by give money which in put on "kemben" between the breast. (c) there are some people belive that "ledhek" becomes connection between society life with Dewi Sri or goddess of fertility. Based on the research, it can be concluded that the author (Sri Sugiyanto) creates Janggrung serial take historical background of social culture of Indonesian society specially Java at 2003 as a condition that underlie the plot of Janggrung serial.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Karya sastra menika asiling pikir utawa pakaryan prekawis sosial saking tiyang gesang. Panganggit asring mundhut ide saking kawontenan sosial masyarakat, sinaosa wonten ugi karya sastra ingkang dipundamel adhedhasar *imajinasi* saking panganggit menika piyambak. Satunggaling karya sastra ingkang wonten ing madyaning masyarakat inggih menika crita sambung (cerbung), wonten mriki crita sambung mawi basa Jawi. Menawi maos cerbung ingkang irah-irahanipun *Janggrung*, menika sajatosipun boten namung maos karya sastra.

Cerbung *Janggrung* ingkang kapacak ing kalawarti Panjebar Semangat edisi 13 tanggal 26 Maret 2005 dumugi edisi 38 tanggal 17 September 2005 menika wosipun ngandharaken kawontenan gesang, upaya anggenipun nglestantunaken seni Janggrung, prekawis sosial, saha kabudayan masyarakat Jawi ingkang kadadosan nalika kesenian Janggrung dipunanggep seni ingkang asor. Cerbung *Janggrung* mawi simbolik nggambaraken prekawis-prekawis ingkang kadadosan wonten masyarakat desa Kecik, Wonogiri. Wos salebeting cerbung menika gayut kaliyan prekawis kesenian tradhisional saemper tayub, ingkang sampun badhe ical ing jaman samenika.

Cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto inggih menika satunggaling karya sastra ingkang narik kawigatosan tiyang ingkang maos. Tembung “janggrung” wonten *Baoesastra Djawa* tegesipun nayuban nanging tledhekipun barangan, lajeng tiyang ingkang mbayar saged joged sareng kaliyan

tledhekipun. Janggrung menika satunggaling kesenian tradhisional saemper Tayub ingkang ngrembaka wonten tlatah Wonogiri sakukubanipun.

Gayut kaliyan tegesipun tembung Janggrung ing inggil, wosipun cerbung *Janggrung* gadhah ancas ingkang luhur inggih menika ngandharaken bilih seni Janggrung sanes kesenian ingkang nerak kasusilan, nanging kesenian ingkang prelu dipunlestantunaken. Wosing cerbung Janggrung ugi gampil dipunpahami, kathah perangan ingkang narik kawigatosan para maos, saha dereng nate dipunteliti dening tiyang sanes. Cerbung Janggrung menika kaperang dados 26 seri, saben seri ngandharaken prekawis-prekawis sosial budaya ingkang wonten gayutan antawisipun seri setunggal kaliyan seri sanesipun.

Cerbung *Janggrung* menika gadhah latar papan wonten tlatah Wonogiri. Wonogiri inggih menika satunggaling papan ingkang dumunung ing Jawi Tengah. Cariyos menika kadadosan wetawis taun 2005 wonten pundi kesenian Janggrung sampun boten lestantun. Wosing cariyos menika nun inggih nggambaraken prekawis kesenian tradhisional saemper tayub ingkang sampun badhe ical ing jaman samenika.

Kathah kawula mudha ingkang sampun boten purun gepok senggol kaliyan kesenian Janggrung. Nanging wonten satunggaling ledhek Janggrung saking desa Kecik ingkang taksih ngupaya supados kesenian Janggrung menika tetep lestantun wonten masyarakat, inggih menika Nyi Prenes. Lajeng para priyayi saha tiyang ingkang remen babagan seni ing tlatah menika, tansah ngupaya kados pundi caranipun kesenian Janggrung tansah lestantun saha tebih saking panyakrabawa asor.

Cariyos menika nggambaraken satunggaling *tata kemasyarakatan* ingkang nate ngrembaka wonten madyaning masyarakat Indonesia. Kangge neliti karya sastra ingkang wonten gayutanipun kaliyan masyarakat, temtu mbetahaken *pendekatan kemasyarakatan* ingkang saged ngudhar langkung teliti saha ngginakaken ilmu ingkang peranganipun gayut kaliyan *objek* panaliten.

Satunggaling *pendekatan* kalawau inggih menika *Sosiologi Sastra*. *Pendekatan Sosiologi Sastra* inggih menika ilmu ingkang ngandharaken bilih kawontenan karya sastra menika asalipun saking masyarakat, saha kangge masyarakat, sinaosa boten uwal saking pangertosan karya seni. Panaliten babagan sosiologi tumrap sastra ngasilaken pamanggih bilih karya sastra wonten tataran tartamtu minangka *ekspresi* masyarakat saha perangan saking masyarakat kasebut.

Perangan sosial budaya wonten cerbung Janggrung boten saged dipuntingali minangka *subjektivitas personal* kemawon, nanging kedah dipungayutaken kaliyan panaliten tumrap latar sosial budaya ingkang nate kadadosan wonten jaman rumiyin. Awit saking menika, kangge nggambaraken latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung*, panaliten menika ngginakaken pendekatan sosiologi sastra kanthi irah-irahan “Latar Sosial Budaya wonten Cerbung *Janggrung* Anggitanipun Sri Sugiyanto Satunggaling Kajian Sosiologi Sastra”. Panaliten menika samangke dipungayutaken kaliyan kawontenan sosial budaya wonten masyarakat, ingkang ndhasari panganggit damel cerbung Janggrung.

B. Underaning Prekawis

Saking dhasaring panaliten ing nginggil, wonten prekawis-prekawis ingkang prelu dipunpanggihaken caranipun. Prekawis kalawu inggih menika.

1. Kathah perangan latar sosial budaya salebeting cerbung *Janggrung* ingkang mirunggan, saha mbetahaken analisis ingkang wonten gayutanipun kaliyan cerbung menika.
2. Latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung* kedah dipungayutaken kaliyan latar sosial budaya ingkang nate kadadosan wonten jaman rumiyin.
3. Prekawis salebeting cerbung *Janggrung* kaliyan prekawis wonten gesang padintenan gadhah perangan ingkang sami, mliginipun babagan sosial budaya.

C. Watesaning Prekawis

Prekawis ingkang dipunteliti winates ing analisis wujud latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto, ingkang wonten ing kalawarti Panjebur Semangat edisi 13 tanggal 26 Maret 2005 dumugi edisi 38 tanggal 17 September 2005. Ancasipun watesaning prekawis menika supados panaliten menika *fokus* dhateng setunggal prekawis, satemah dipunpanggihaken asiling panaliten ingkang sampurna.

D. Wosing Prekawis

Wosing prekawis wonten panaliten inggih menika.

1. Kados pundi wujud *latar sosial budaya* wonten cerbung *Janggrung*?

2. Kados pundi gayutanipun Kawontenan Sosial Budaya masyarakat Indonesia kaliyan wujud latar sosial budaya ingkang Kagambaraken wonten cerbung *Janggrung*?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten adhedhasar wosing prekawis ing inggil, inggih menika.

1. Ngandharaken wujud *latar sosial budaya* wonten cerbung *Janggrung*.
2. Ngandharaken kados pundi gayutanipun kawontenan *sosial budaya* masyarakat Indonesia kaliyan wujud latar sosial budaya ingkang kagambaraken wonten cerbung *Janggrung*.

F. Paedahing Panaliten

1. Dipuntingali kanthi *teoretis*, panaliten menika dipunajab saged ngandharaken latar satunggaling kawontenan sosial budaya dhateng tiyang ingkang maos karya sastra. Panaliten menika ugi nedahaken karya sastra menika boten uwal saking masyarakat, satemah sastra menika ngandharaken kawontenan perangan sosial budaya satunggaling masyarakat.
2. Dipuntingali kanthi *praktis*, panaliten menika dipunajab saged nambah ilmu babagan karya sastra saha kangge *bahan ajar apresiasi kesusastraan*.

G. Pangertosan

1. Crita sambung: cariyos prosa rekaan ingkang langkung panjang saha langkung kompleks saking crita cekak, nanging boten langkung panjang

saking novel. Crita sambung menika gadhah struktur, tema, paraga, saha latar wonten cariyos.

2. **Latar sosial budaya:** dhasaring cariyos ingkang ngrembag samubarang ingkang wonten gayutanipun kaliyan kawontenan gesang sosial budaya masyarakat ing satunggaling papan wonten karya fiksi.
3. *Sosiologi sastra:* cabang ilmu ingkang *objek* panalitenipun ngrembag kagiyatan *sosial* tiyang gesang, ingkang dipungambaraken wonten karya seni sastra.
4. Cerbung *Janggrung*: cerbung ingkang wosipun ngandharaken kawontenan gesang saha kabudayan masyarakat Jawi ingkang kadadosan nalika kesenian Janggrung dipunanggep asor. Lajeng wonten saperangan masyarakat ingkang ngupaya supados kesenian Janggrung tansah gesang saha tebih saking panyakrabawa asor. Tembung Janggrung piyambak tegesipun kesenian tradhisional saemper tayub ingkang tledhekipun barangan.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Pangertosan saha Jinisipun Karya Sastra

Karya sastra menika perangan saking kabudayan ingkang sipatipun boten *statis*, ananging *dinamis* utawi ngalami ewah-ewahan. Sastra inggih menika asiling pikir saha tumindak tiyang gesang ingkang asalipun saking ide, raos, saha pikir ingkang dipungambaraken mawi wujud basa, saha ngewrat samubarang ingkang endah.

Jinisipun karya sastra miturut Plato saha Aristoteles (lumantar Budianta, 1990: 300) dipunperang dados tiga: 1) *puisi lirik*, inggih menika persona panganggit piyambak; 2) *puisi epik* (utawi prosa/gancaran), inggih menika panganggit micara kaliyan dhirinipun piyambak minangka *narator*, saha damel paraga wonten cariyos micara kanthi langsung; 3) drama, wonten karya sastra menika, panganggit katutup dening paraga-paraganipun. Kangge jinisipun prosa piyambak saged kaperang dados *novel*, *novelet*, *roman*, *cerkak*, *cerbung*, lan sapanunggalanipun, wondene drama saged kaperang dados *operet*, *sendratari*, *pantomim*, lan sapanunggalanipun.

B. Pangertosan Cerbung

Saking maneka warni karya sastra kadosta puisi, prosa, saha drama, cerbung ugi kalebet jinis prosa. Miturut Sudjiman (1986: 83), cerbung inggih menika *kisahan prosa rekaan* utawi gancaran ingkang langkung panjang saking cerkak, nanging boten langkung panjang saking novel. Kathah masyarakat ingkang remen maos cerbung amargi wosipun cerbung nggambaraken bebrayan

ageng wonten masyarakat, *psikologi*-nipun langkung prasaja, lelewaning basanipun boten awrat, saha kathah perangan ingkang damel para maos ngraosaken *keteganga* (Hartoko saha Rahmato, 1986: 47). *Lingkup* cariyos wonten cerbung winates wonten setunggal prastawa saha kawontenan.

Adatipun, cariyos wonten cerbung menika kapantha wonten perangan ingkang damel *tegang* satemah tiyang ingkang maos menika sansaya remen kangge maos cariyos kasebut. *Dengan penyajian yang demikian itulah maka cerbung mempunyai istilah yang disebut roman berangsur* (Sudjiman, 1988:14). *Dengan adanya cerbung berbahasa Jawa merupakan awal dari perkembangan sastra Jawa modern* (Hutomo, 1985: 7). Samenika cerbung wonten kalawarti langkung kathah ingkang ngginakaken basa Jawi minangka asiling karya sastrawan-sastrawan Jawi.

Miturut panalitenipun Hutomo (1985: 13), cerbung Jawa wiwit wonten ing kalawarti Panjebar Semangat no.44 taun III, 2 Nopember 1935 kanthi irah-irahan “Sandal Jinjit ing Sekaten Solo”. Kados dene karya sastra, cerbung ugi gadhah perangan-perangan *pembangun*. Perangan *pembangun* menika miturut Stanton (lumantar Nurgiyantoro, 2000: 25) dipunbedakaken dados tiga: fakta cerita, tema, saha srana pangucapan (sastra). Fakta (*facts*) salebeting cariyos wonten sipatipun paraga, alur, saha latar.

C. Latar wonten Sastra

Karya fiksi menika kedah kadadosan wonten satunggaling papan saha wonten wekdal tartamtu. Latar inggih menika sedaya katrangan ngengingi wekdal, papan, saha kahanan wontenipun kadadosan salebeting karya sastra

(Budianta, 2003: 86). Latar utawi *setting* saged nggambaraken cariyos menapa wontenipun saha cetha, ingkang ginanipun kangge nyipta kahanan ingkang kados kasunyatanipun.

Ingkang baku, latar menika saged kaperang dados tigang peranan utama, inggih menika papan, wekdal, saha sosial. Kanthi nggambaraken latar menika, cariyos ugi nggambaraken kawontenan sosial budaya ingkang ndhasari wontenipun karya sastra.

Latar tempat (papan) menika nggambaraken papan wonten pundi prastawa menika kadadosan wonten salebeting cariyos. Papan ingkang dipunginakaken wonten cariyos saged dipunserat kanthi nama-nama tartamtu. Latar menika saged gantos saking setunggal papan dados papan sanes miturut *plot* saha paraganipun.

Latar waktu (wekdal) inggih menika latar ingkang gayut kaliyan wekdal kadadosan satunggaling prastawa wonten karya fiksi. *Latar waktu* adaitipun dipungayutaken kaliyan prastawa sejarah. Wontenipun wekdal ingkang sami ing cariyos kaliyan prastawa sejarah, saged ndadosaken tiyang ingkang maos cariyos kasebut gadhah pangangen-angen bilih cariyos menika nyata saha saestu kadadosan. Urutanipun wekdal kedah dipunserat kanthi runtut satemah aluripun saged dipunpahami.

Latar sosial nggambaraken peranan ingkang gayut kaliyan gesang padintenan masyarakat wonten satunggaling papan ingkang dipuncariyosaken wonten karya fiksi (Nurgiantoro, 2000: 233). Kajawi basa daerah, prekawis babagan nama paraga ugi gayut kaliyan latar sosial. Latar sosial ngewrat

perangan-perangan ingkang kalebet wonten latar spiritual, kadosta adat wonten gesang menika, tradisi, kapitadosan, *pandangan hidup, sikap hidup, cara berpikir, status sosial*.

D. Latar Sosial Budaya wonten Sastra

Pawadan saking panganggit ngawontenaken karya sastra menika kangge ngudhar kawontenan minangka tiyang gesang ingkang gadhah ide, gagasan, saha piwulang tartamtu, mawi *imajinasi* saha *realitas sosial budaya* panganggit sarta ngginakaken basa.

Kawigatosan tumrap basa saha sastra dhaerah, gumantung kaliyan masyarakat ingkang gadhah saha ngginakaken basa kasebut, saha kadospundi masyarakat anggenipun nglestantunaken saha ngrembakakaken basa (Rosidi, 1995: 271).

Endraswara (2011: 185) ngandharaken bilih panaliten *sosiologi sastra* ingkang ngrembag peranan sosial budaya, kadadosan saking peranan sosial saha peranan budaya wonten sastra. Sosiobudaya wonten sastra inggih menika gambaran masyarakat. Karya sastra minangka caraning pikir kangge madosi piwulang wonten gesang menika, pendidikan, saha piwulang sanes ingkang saged ndadosaken pamaos mangertos babagan prekawis ingkang wonten gayutanipun kaliyan sosial budaya.

Dimensi sosial menika ngewrat maneka warni prekawis sosial ingkang dipunalami dening tiyang gesang minangka *makhluk sosial*. Endraswara (2011: 105) mengungkapkan bahwa kandungan sosial dalam sastra ada kalanya tidak

lepas dari masalah (a) agama, (b) budaya, (c) ekonomi, (d) politik, dan (e) iklim lingkungan.

Agama menika beda kaliyan religi. Atmosuwito (1989: 123), ngandharaken bilih *religi* langkung wiyar pangertosanipun saking agama. Agama menika winates wonten piwulang-piwulang tartamtu.

Budaya menika gambaran ngengingi gesangipun manungsa wonten masyarakat. Kabudayan inggih menika samubarang ingkang sampun dados adat, saha awrat menawi dipunewahi

Gayut kaliyan *sistem* saha *organisasi* masyarakat wonten karya sastra, Damono (1986: 1), ngandharaken:

Wonten ing karya sastra dipungambaraken kasunyatan sosial awujud gambaran gesang bebrayan ageng, saha pagesangan menika piyambak wonten mriki gesang padintenan ngewrat perangan kados makaten (a) bebrayan antawisipun masyarakat tartamtu, (b) antawisipun tiyang gesang, (c) antawisipun masyarakat tartamtu kaliyan setunggal tiyang, (d) gambaran saking pasrawungan setunggal tiyang kaliyan tiyang sanes utawi kaliyan masyarakat.

Karya sastra ugi gadhah *fungsi sosial politik*. Politik miturut Alfian (2003: 173) inggih menika perangan ingkang gayut kaliyan *kekuatan* utawi *power*. Tugasipun panaliti sosiologi sastra miturut Endraswara (2011b: 39) inggih menika:

- a) Kadospundi gayutanipun karya sastra wonten babagan politik.
- b) *ideologi* menapa ingkang dipunginakaken wonten sastra ingkang gayut, satemah saged mempengaruhi massa.
- c) *unsur pesan* wonten sastra kasebut wonten menapa boten.

Gayut kaliyan latar sosial budaya, perangan budaya menika ugi gadhah perangan-perangan ingkang samangke dados pandom panaliti anggenipun

nganalisis latar sosial budaya salebeting cerbung *Janggrung*. Perangan-perangan kabudayan miturut Koentjaraningrat (lumantar Pelly saha Menanti, 1994: 24) inggih menika (a) sistem religi saha upacara agama, (b) sistem saha organisasi kemasyarakatan, (c) sistem pengetahuan, (d) basa, (e) kesenian, (f) sistem mata pencaharian hidup, saha (g) sistem teknologi saha pirantos.

Karya sastra wonten gesangipun manungsa ugi saged dados sarana nepangaken perangan seni. Dados, karya sastra menika saged dipunpangaribawani dening kawontenan sosio budaya masyarakat.

E. Sastra minangka *Cermin* Sosial Budaya

Endraswara (2011: 169) ngandharaken bilih *cermin* menika pirantos ingkang *tembus pandang*. Cermin menika saged mantulaken cahya. Maos karya sastra menika sami kaliyan ningali dhirinipun piyambak wonten *cermin*. Sastra ingkang sae menika saged nggambaraken perangan sosial kanthi cara *estetis*.

Inkang unik, cermin menika boten tansah padhang. Kadhangkala cermin menika boten cetha amargi kenging *debu* (Endraswara, 2011: 171). Jumbuh kaliyan pamanggih menika, Ratna (2013: 6-7) ugi ngandharaken bilih sastra minangka *cermin* saking masyarakat inggih menika upaya kangge nggambaraken kasunyatan. Kajawi mawi *cermin (refleksi)*, sastra ugi nggambaraken kasunyatan kanthi cara *refraksi*, tegesipun sastrawan menika bebas, boten namung nggambaraken kasunyatan ingkang saestu, nanging ugi ngewahi wosing karya sastra menika jumbuh kaliyan kaprigelan anggenipun ngginakaken *kreativitas* saking sastrawan menika.

Karya sastra ingkang *kreatif* dipuntingali saged langkung *tahan*, boten kagiles dening lakuning jaman. Endraswara (2011: 171) ngandharaken karya ingkang ngewrat maneka warni kadadosan wonten gesang, saha sanes kados refleksi masyarakat, menika dipuntingali langkung sae. Nanging menawi karya sastra menika kanthi cetha namung nggambaraken kasunyatan salebeting masyarakat tanpa dipuntambahi kaliyan *estetika* kalawau, temtu karya sastra menika dipun sebut karya ingkang kirang sae.

Karya sastra menika nggambaraken kasunyatan wonten gesang salebeting masyarakat, saha ingkang wonten gayutanipun kaliyan perangan sosial. Karya sastra ugi dados paraga tumrap gesang para maos. Sedaya prekawis saha gambaraning gesang ingkang dipunlampahi dening paraga wonten karya sastra temtu ndadosaken tiyang gesang badhe menggali anggenipun nemtokaken tumindakipun salebeting masyarakat. Prekawis menika jumbuh kaliyan teori ingkang ngandharaken panaliten sastra babagan tiyang gesang salebeting masyarakat, utawi dipunsebut *sosiologi*.

F. Gayutanipun Sastra kaliyan Masyarakat

Sastra inggih menika *mimesis* utawi tiruan mawi proses *seleksi* kanthi *imajiner*. Ingkang dipuntiru dening sastrawan inggih menika dokumen-dokumen ingkang mirungan wonten satunggaling jaman. Satunggaling masyarakat minangka *objek* panaliten menawi dipundadosaken karya sastra dening sastrawan ingkang prigel, temtu karya menika saged *simetris* saha wonten *homologi* kaliyan kasunyatan (Endraswara, 2011b: 42).

Andharan ngengingi gayutanipun sastra kaliyan masyarakat adatipun jumbuh kaliyan andharan sastra saha masyarakat nggambaraken gesang. Gayutan antawisipun sastra saha masyarakat ingkang sipatipun deskriptif saged kaperang dados: 1) *sosiologi* panganggit, 2) wosipun karya sastra ingkang wonten gayutanipun kaliyan prekawis sosial, 3) prekawisipun para maos saha pangaribawa sosial saking karya sastra (Budianta, 1990: 111).

Miturut Damono (1978: 24) saking tigang peranan ing inggil, sampun kathah panaliten ingkang kaandhut wonten *sosiologi* sastra, saha saged dipunpundhut dudutanipun bilih wonten kalih peranan utama ing *sosiologi* sastra. Ingkang kaping pisan inggih menika *pendekatan* adhedhasar pamanggih bilih sastra inggih *cermin proses-ekonomis* kemawon. Pendekatan menika kawiwitan saking peranan-peranan ingkang boten kalebet sastra menika piyambak, tegesipun wonten pendekatan menika, teks sastra boten dipunanggep peranan ingkang utama.

Peranan ingkang kaping kalih inggih menika *pendekatan* ingkang nengenaken teks sastra kanthi ancas badhe dipunkaji. *Metode* ingkang dipunginakaken wonten *sosiologi* menika inggih *analisis teks* supados saged mangertos strukturipun, saha kangge mangertosi langkung premati kadadosan sosial menapa kemawon ingkang boten kalebet salebeting teks. *Pendekatan* menika ingkang dipunginakaken kangge neliti latar sosial saperangan masyarakat, ingkang dipungambaraken salebeting cerbung Janggrung.

Pendekatan ingkang kaping kalih ing inggil dipunginakaken minangka pambiyantu anggenipun neliti cerbung Janggrung mawi kalih kajian sastra inggih

menika *struktural* saha *sosiologis*. Pramila, wonten panaliten menika ngginakaken *pendekatan sosiologi sastra*.

Saking teori-teori ingkang sampun dipunandharaken ing inggil, saged dipunpahami bilih sastra inggih menika asiling karya tiyang gesang ingkang aslipun saking pamanggih utawi ide ingkang kaandharaken kanthi wujud basa saha ngewrat perangan ingkang endah. Karya sastra piyambak kaperang dados tigang jinis inggih menika puisi, prosa (gancaran), saha drama. Saking jinis karya sastra menika, cerbung menika cariyos ingkang kadadosanipun boten nyata saha kalebet karya sastra ingkang wujudipun prosa utawi gancaran.

Intrik ingkang wonten salebeting cerbung menika kathah sanget, satemah ndadosaken para sastrawan mantha cariyos salebeting cerbung. Adatipun, cariyos dipunpantha wonten kahanan ingkang mutawatiri satemah ndadosaken tiyang ingkang maos cerbung gadhah kawigatosan kangge nglajengaken maos cerbung kasebut.

Minangka karya sastra, cerbung ugi dipunsengkuyung dening perangan kados *fakta* salebeting cariyos, tema, saha sastra. *Fakta* salebeting cariyos menika ngewrat sipating paraga, alur, saha latar. Latar menika sedaya katrangan bab wekdal, papan saha kawontenan saking kadadosan salebeting karya sastra. Latar papan menika nedahaken papan wontenipun kadadosan ingkang dipuncariyosaken salebeting karya fiksi. Latar wekdal menika ngandharaken “kapan” prastawa salebeting karya sastra menika kadadosan. Latar sosial menika nedahaken perangan ingkang wonten gayutanipun kaliyan tumindak masyarakat wonten gesang saha papan ingkang dipuncariyosaken salebeting karya fiksi.

Sastra menika asring dipunsebut minangka gambaran sosial budaya jumbuh kaliyan jamanipun. Wonten salebeting gambaran menika, temtu dipunpanggihaken babagan tumindak, tradhisi, sistem kapitadosan, saha pandoming gesang satunggaling *komunitas* budaya.

G. Pangertosan *Sosiologi Sastra*

Sosiologi sastra kadadosan saking kalih ilmu, inggih menika sosiologi saha sastra. Damono (lumantar Endraswara, 2011: 2) ngandharaken pangertosan *sosiologi* inggih menika studi ingkang objektif, ilmiah, saha ngrembag babagan tiyang gesang wonten ing masyarakat. Wondene sastra menika sipatipun *evaluatif*, *subjektif*, saha *imajinatif*. Beda antawisipun sastra kaliyan *sosiologi* dipuntedahaken wonten beda rekaan kaliyan kasunyatan, saha *fiksi* kaliyan *fakta* (Endraswara, 2011: 8).

Saking pangertosan sosiologi kaliyan sastra menika, Endraswara (2011:8) ngandharaken bilih sosiologi sastra inggih menika pangertosan tumrap karya sastra kanthi ngandharaken peranan-perangan wonten masyarakat.

Saking pamanggih ing inggil, saged kapundhut dudutanipun bilih *sosiologi sastra* inggih menika ilmu ingkang nyinau babagan karya sastra, ingkang gayut kaliyan peranan wonten masyarakat. Peranan-peranan masyarakat wonten karya sastra menika samangke dipungayutaken kaliyan kasunyatan wonten bebrayan ageng.

H. Panaliten ingkang Jumbuh

Adhedhasar panaliten ingkang dipuntindakaken, seratan ingkang mliginipun neliti cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto mawi kajian sosiologi sastra mliginipun babagan latar sosial budaya dereng dipunpanggiaken kanthi wujud skripsi utawi panaliten sanesipun wonten Universitas Negeri Yogyakarta.

Nanging wonten panaliten sanes ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika, nun inggih *Latar Sosial Budaya dalam Cerbung Ting karya Dyah Kushar*. Panaliten menika dipuntindakaken dening Mardiana Tworismawati Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UNY taun 2008. Wonten panaliten menika, dipunpanggiaken perangan latar sosial budaya ingkang dipungambaraken wonten cerbung Ting, inggih menika wonten 8 jinis data latar sosial budaya kadosta: a) religi, (b) pasrawungan wonten masyarakat, (c) organisasi sosial saha politik, (d) ilmu saha katrampilan analisa, (e) basa, (f) seni, (g) pakaryan, (h) pirantos.

Data latar sosial budaya menawi dipungayutaken kaliyan fakta sejarah babagan kawontenan sosial budaya masyarakat Indonesia, saha kathah ingkang sami. Kawontenan masyarakat ingkang dados latar wonten cerbung Ting, kadosta wonten masyarakat ingkang taksih pitados kaliyan takhayul, kawontenan seni wayang wong ing masyarakat taksih lestantun, wonten tembang saha joged Genjer-genjer, wonten partai politik kados PKI, saha kawontenan masyarakat ingkang boten tentrem amargi prastawa G30S/PKI.

Wonten panaliten menika, kathah perangan ingkang sami kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntindakaken, inggih menika *Latar Sosial Budaya wonten Cerbung Janggrung anggitanipun Sri Sugiyanto*. Kekalihipun sami-sami ngrembag saha nganalisis latar sosial budaya, saha nggayutaken kawontenan sosial budaya masyarakat Indonesia ingkang kagambaraken wonten latar.

Umpaminipun, cariyos wonten cerbung *Ting* ngandharaken bilih masyarakatipun taksih wonten ingkang pitados dhateng takhayul, makaten ugi kaliyan cariyos cerbung *Janggrung*, masyarakatipun taksih wonten ingkang pitados kaliyan *mitos*. Wondene beda antawisipun panaliten cerbung *Ting* saha panaliten cerbung *Janggrung* inggih menika wonten papan saha wekdal kadadosan satunggaling prastawa, saha jinis latar sosial budaya ingkang saged dipunpanggiaken salebeting cariyos.

I. Nalaring Pikir

Cerbung *Janggrung* menika satunggaling karya sastra anggitanipun Sri Sugiyanto ingkang ingkang saged narik kawigatosanipun tiyang ingkang maos, awit saking wontenipun perangan-perangan ingkang dipuntutupi gayut kaliyan latar saha wosipun cerbung menika. “*Janggrung*” tegesipun nayuban nanging tledhekipun barangan, lajeng tiyang ingkang mbayar saged joged. *Janggrung* menika satunggaling kesenian tradhisional saemper Tayub ingkang ngrembaka wonten tlatah Wonogiri sakukubanipun.

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken kadospundi latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung* kalawau. Kajawi saking menika, panaliten

menika ugi ngandharaken kawontenan sosial budaya masyarakat ingkang dipungambaraken wonten cerbung *Janggrung*.

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara deskriptif saha ngginakaken *pendekatan sosiologi sastra*. Cak-cakanipun panaliten saged kaandharaken kados makaten: Kaping pisan, nandhingaken data setunggal kaliyan data sanesipun saha dipunbagi miturut *kategori* ingkang wonten, ingkang angka kalih, data dipunserat wonten *kartu data*. Ingkang angka tiga, asiling *kategorisasi* kaping pisan lajeng dipunanalisis kanthi *deskriptif interpretatif*. Ingkang angka sekawan, damel ingterpretasi tumrap data ingkang sampun dipungarap dados dudutan ngengingi latar sosial budaya, saha kawontenan sosial budaya ingkang ndhasari dipundamelipun cerbung *Janggrung*.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Pendekatan Panaliten

Pendekatan inggih menika tumindak utawi caranipun mangertosi satunggaling prekawis, utawi upaya wonten panaliten kangge neliti objek ingkang sampun dipuntemtokaken (Sangidu, 2004: 12). Wondene Endraswara (2003: 8) ngandharaken *pendekatan* inggih menika satunggaling *perspektif* panaliten sastra.

Pendekatan ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika, inggih *pendekatan sosiologi sastra*. *Pendekatan sosiologi sastra* inggih menika caranipun mangertosi satunggaling karya sastra, saha gayutanipun kaliyan masyarakat ingkang dados dhasar wontenipun karya sastra kasebut (Ratna, 2003:2). *Analisis sosiologi sastra* menika mliginipun ngrembag babagan ginanipun sastra, wonten mriki inggih menika karya sastra minangka gambaran masyarakat tartamtu.

B. Objek Panaliten

Objek ingkang dipunteliti wonten panaliten menika inggih sedaya data utawi samubarang ingkang gayut kaliyan latar sosial budaya wonten cerbung Janggrung, ing kalawarti Panjebur Semangat edisi 13 tanggal 26 Maret 2005 dumugi edisi 38 tanggal 17 September 2005. Awit saking menika, sedaya perangan ingkang wonten ing cerbung *Janggrung* saged njangkepi saha nyengkuyung data panaliten.

C. Sumbering Data

Data primer wonten panaliten menika inggih menika latar sosial budaya salebeting cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto. Cerbung menika kapacak wonten kalawarti Panjebur Semangat edisi 13 tanggal 26 Maret 2005 dumugi edisi 38 tanggal 17 September 2005. Cerbung menika kaperang dados 26 seri.

Data sekunder inggih menika katrangan-katrangan saking buku rujukan *artikel saha internet*, ingkang gayut kaliyan perangan wonten panaliten menika. Rujukan ingkang dipunginakaken inggih menika gayut kaliyan sejarah sosial budaya masyarakat Indonesia, wonten mriki artikel ingkang kapacak salebeting kalawarti mingguan Panjebur Semangat edisi 38 tanggal 17 September 2005 kanthi irah-irahan *Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata*.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Wonten saperangan cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data ingkang dipunjumbuhaken kaliyan panalitenipun, wonten mriki inggih menika panaliten sosiologi sastra. Bab menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken dening Endraswara (2011: 103) bilih ngempalaken data menika satunggaling paugeran wonten panaliten.

Tugas saking panaliti sosiologi sastra inggih menika nemtokaken pamanggih ingkang baku wonten sastra, minangka perangan saking *kehidupan sosial* (Endraswara, 2011:105). Adhedhasar bab kasebut, cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten panaliten menika inggih menika maos saha nyerat utawi nyathet.

Caranipun ngempalaken data salebeting cerbung Janggrung inggih kados makaten.

1. Maos cerbung Janggrung anggitanipun Sri Sugiyantokanthi premati saha dipunambali makaping-kaping;
2. Nyathet perangan-perangan ingkang ngewrat indikator babagan latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung*;
3. Asil saking nyathet perangan-perangan kalawau, lajeng dipunserat wonten kartu data;
4. Sasampunipun nyathet perangan ingkang gayut kaliyan latar sosial budaya, data dipunpantha miturut perangan latar sosial budaya ingkang kaandhut wonten saben data;
5. Salajengipun dipuntindakaken *pengkodean* data. Data-data kasebut dipunsukani *kode* mawi aksara saha angka jumbuh kaliyan urutanipun.

Inkang dipundadosaken data inggih menika ukara wonten cerbung *Janggrung*. Wondene data ingkang boten gayut kaliyan panaliten menika, boten dipunginakaken. Data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipundadosaken *sumber informasi* wonten panaliten menika, ingkang samangke badhe dipunanalisis.

E. Pirantining Panaliten

Panaliten menika ngginakaken cerbung utawi crita sambung kanthi irah-irahan Janggrung anggitanipun Sri Sugiyanto. Wonten mriki panaliti

minangka *perencana*, ingkang ngempalaken data, *penafsir* data, ingkang nganalisis data, saha ingkang ngandharaken asiling panaliten.

Semi (1993: 24) ngandharaken bilih wonten panaliten *kualitatif*, panaliti menika minangka pirantining panaliten ingkang gadhah kemampuan *intelektual*, kawruh, katrampilan anggenipun ngempalaken data, saha nyerat sedaya kadadosan ingkang dipunteliti.

Asil anggenipun ngempalaken data lajeng dipunserat wonten srana panaliten awujud *tabel*, minangka asil anggenipun nyerat data sasampunipun maos cerbung *Janggrung*. Tabel menika ginanipun kangge damel data ingkang sistematis saha gampil anggenipun nindakaken *klasifikasi* data. Wondene *format tabel penyajian* asiling panaliten saged dipungambaraken kados makaten:

a. Latar Sosial Budaya

Tabel 1. Perangan *Religiusitas* ingkang inggil wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Mitos ingkang taksih dipunpitados dening masyarakat		
2	Ritual ingkang taksih dipuntindakaken dening masyarakat		

Tabel 2. Perangan *Organisasi Sosial* wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Paguyuban utawi grup karawitan ingkang ngrembaka kanthi sae		
2	Sanggar beksan ingkang		

	ngrembaka kanthi sae		
3	Kepengurusan salebeting organisasi		
4	Anggota salebeting organisasi ingkang maneka warni		

Tabel 3. Perangan Kawruh saha Kaprigelan anggenipun nganalisa Prekawis wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan		
2	Nganalisa satunggaling prekawis		
3	Kawruh ngengingi kesenian beksan Janggrung ingkang mumpuni		

Tabel 4. Perangan Wujud Basa wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Paribasan		
2	Bebasan		
3	Tetembungan salebeting kesenian Janggrung		
4	Basa Jawi krama inggil		
5	Basa Jawi krama madya		
6	Basa Jawi ngoko		
7	Basa Jawi krama dhusun		
8	Basa Padesan		
9	Pepindhan		
10	Kerata basa		

11	Panyandra		
12	Macapat		
13	Sesanti		
14	Parikan		
15	Wangsalan		

Tabel 5. Perangan Kesenian ingkang Adiluhung wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Paraga salebeting kesenian Janggrung ingkang mumpuni		
2	Kaprigelan seni ingkang mumpuni		
3	Gladhen beksan saha karawitan ingkang ngremenaken salebeting Janggrung		
4	Sinten kemawon ingkang ningali pentas Janggrung		
5	Janggrung sarana <i>pertunjukan</i> ing acara tartamtu		
6	Acara salebeting <i>pementasan</i> ingkang ngremenaken		

Tabel 6. Perangan Pakaryan wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Jinising pakaryan ingkang prasaja salebeting masyarakat wonten cerbung Janggrung		
2	Asil anggenipun makarya		
3	Upaya pados pakaryan ingkang sampun awrat ing jaman		

	semanten		
--	----------	--	--

Tabel 7. Perangan Pirantos wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Pirantos salebeting kesenian Janggrung		
2	Titihan masyarakat wonten desa		
3	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005		
4	Pirantos wonten tetanen wetawis taun 2005		
5	Pirantos wonten sesadean wetawis taun 2005		

F. Caranipun Nganalisis Data

Nganalisis data inggih menika kagiyatan *pemaknaan data* ingkang sampun dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung anggitanipun Sri Sugiyanto. *Pemaknaan data* menika dipungayutaken kaliyan pamanggih (ide) ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit. Awit saking menika ngginakaken analisis data ingkang nggambaraken *ide* utawi *gagasan* minangka *visi* panganggit kangge nyengkuyung kawontenan latar sosial budaya ingkang badhe dipunteliti.

Cara nganalisis data menika dipunginakaken amargi data ingkang dipunteliti sipatipun *kualitatif* saha mbetahaken andharan *deskriptif*. Cara

nggambaraken data dipunginakaken kangge mangertosi latar sosial budaya saha kawontenan sosial budaya, ingkang ndhasari wontenipun cerbung *Janggrung*.

Cak-cakanipun nganalisis data ngginakaken metode *deskriptif kualitatif* menika kados makaten: Kaping pisan, nandhngaken data setunggal kaliyan data sanesipun saha dipunbagi miturut *kategori* ingkang wonten kangge nggampilaken analisis data. Ingkang angka kalih, data dipunserat wonten *kartu data*. Ingkang angka tiga, asiling *kategorisasi* kaping pisan lajeng dipunanalisis kanthi *deskriptif interpretatif*. Andharan menika adhedhasar pamanggihipun Proust (lumantar Endraswara, 2011: 112), caranipun nganalisis *sosiologi* sastra dipuntindakaken kanthi ngginakaken analisis *deskriptif interpretatif*.

Cara kasebut dipunginakaken amargi data panalitenipun awujud data *verbal* ingkang sipatipun *interpretatif* saha mbetahaken andharan *deskriptif*. Analisis dipuntindakaken mawi *interpretasi* tumrap latar sosial budaya, saha kawontenan latar sosial budaya ingkang ndhasari wontenipun cerbung *Janggrung* menika. Ingkang angka sekawan, damel ingterpretasi tumrap data ingkang sampun dipungarap dados dudutan ngengingi latar sosial budaya, saha kawontenan sosial budaya ingkang ndhasari dipundamelipun cerbung *Janggrung*.

G. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data wonten panaliten menika ngewrat kalih peranan, inggih menika *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. *Uji validitas* data ngetang kadospundi analisis ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pawartos wonten data ingkang sampun cumawis, menapa cara kasebut sae utawi boten.

Data ingkang cumawis dipunuji ngginakaken *validitas referensial*, inggih menika awujud rujukan-rujukan ingkang saged dipunginakaken kangge mangertosi kawontenan sosial masarakat Indonesia saking buku sejarah, media massa, saha buku sanesipun ingkang gayut.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika ningali saha ngambali anggenipun neliti cerbung *Janggrung*, supados saged pikantuk data ingkang *valid* saha *reliabel*. Wonten mriki, *reliabilitas* menika nengenaken *konsistensi* data. Menawi dipunpanggihaken analisis ingkang *konsisten* tumrap data ingkang cumawis, data menika dipunsebut *reliabel*.

Reliabilitas intrarater menawi dipuntingali saking tembungipun, *intra* gadhah teges *sendiri* utawi piyambak, saha *rater* ingkang gadhah teges *pengamat*. Pramila, cara ngambali anggenipun neliti data menika adhedhasar *kemampuan* utawi kaprigelannipun piyambak, utawi *apresiasi* saking panaliti (pengamat).

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten dipunpanggihaken saking dhata ingkang sampun dipunanalisis kanthi cara ngempalaken dhata miturut ancasing panaliten, saha *interpretasi* dhata. Asiling analisis menika lajeng dipunandharaken kanthi wujud tabel saha *deskripsi verbal*.

Asiling panaliten ingkang dipunpanggihaken inggih menika: (1) data latar sosial budaya ingkang dipunandharaken mawi deskripsi saha ringkesan tabel, samangke dipunpantha dados latar sosial saha latar budaya, (2) kawontenan (kondisi) sosial budaya masyarakat Indonesia rikala kahanan kesenian Janggrung sampun badhe cures, kanthi wujud *deskripsi verbal*.

1. Ringkesan Isi wonten Cerbung Janggrung

Kawontenan seni Janggrung ingkang rumiyin nate dados tontonan pethingan wonten madyaning masyarakat, samenika wetawis taun 2005 sampun badhe cures. Menapa malih kanthi wontenipun pawarta salebeting masyarakat bilih Janggrung menika seni ingkang nerak kasusilan satemah dipunanggep asor drajadipun. Sajatosipun boten sedaya paraga Janggrung pentes dipunanggep asor, sedayanipun gumantung kaliyan paraga ingkang nglampahi. Nanging kathah masyarakat ingkang nggebyah uyah, paraga Janggrung ingkang sae saha murwat bebudenipun ugi ndherek dipunanggep asor.

Sinaosa kados makaten kawontenanipun Janggrung, nanging taksih wonten pethinganipun paraga Janggrung ingkang boten kersa ninggalaken seni

Janggrung inggih menika Nyi Prenes. Piyambakipun panggah kukuh sinaosa tanggapan Janggrungipun namung kadhangkala. Sajatosipun getih seni saking Nyi Prenes menika tumurun wonten putrinipun inggih menika Welas, nanging Welas kados boten remen menawi simbokipun kedah nglajengaken panggaotan Janggrung, menawi dipuncampuri kaliyan tumindak sembranan.

Nanging Nyi Prenes panggah kukuh boten badhe ninggalaken seni Janggrung minangka pakaryanipun. Kepara piyambakipun ugi gadhah gegayuhan bilih Palguna, jaka kencuripun Nyi Rawit saha Pak Kemis nglajengaken bakat seninipun, sinaosa tiyang sepuhipun Palguna radi kawratan amargi Palguna taksih kencur. Salebeting jiwanipun Palguna pancen wonten getih seni ingkang tumurun saking tiyang sepuhipun ingkang tilas ledhek Janggrung. Nanging gegayuhanipun kangge mlebet SMKI boten saged kaleksanan amargi tiyang sepuhipun langkung kersa menawi Palguna mlebet sekolah negeri. Palguna ndherek, piyambakipun pitados bilih menawi badhe ngrembakakaken kaprigelanipun boten kedah mlebet sekolah seni.

Satunggaling dinten pak Tarjo dipunutus dening Pak Brayat kangge ndhawuhi Nyi Prenes saha Welas supados dados paraga Janggrung wonten pahargyan kawin emasipun Pak Brayat, saha kawin perakipun Pak Mulyono, putranipun Pak Brayat ingkang paling sepuh. Proses gladhen dipuntindakaken kanthi nyawijikaken swantenipun gendhing kaliyan beksan Janggrung. Ngantos dinten pahargyan menika tumeka wonten dalemipun Pak Brayat, kathah tamu ingkang kepranan kaliyan pentas beksa Janggrung. Para tamu boten ngira menawi paraga Janggrung pranyata ayu-ayu saha bagus-bagus.

Makaten adicara pahargyan saged kalampahan kanthi rancag ngantos paripurnaning adicara. Nanging wonten satunggaling tamu undangan inggih menika Pak Dul Bandhu ngersakaken tumindak sembrana nalika mangertos bilih Nyi Prenes saweg wonten ruang ganti utawi ruang rias. Boten wonten tiyang sanes kajawi kekalihipun. Tamu sanesipun taksih mriksani seni hiburan ingkang taksih gayeng wonten njawi. Nyi Prenes nulak kekajenganipun Pak Dul Bandhu ingkang thukmis menika. Nanging Pak Dul Bandhu boten nyerah, ngantos boten wonten ingkang mangertos menapa ingkang kadadosan antawisipun kalih tiyang kalawau.

Pak Widura menika boten wasis wonten babagan gendhing, nanging gegayuhanipun kangge ngedegaken sanggar karawitan sajakipun sampun kawujud. *Sekar Kalongking* inggih menika nama ingkang dipunpilih kangge sanggar karawitan menika. Pak Widura saha Bu Wahyuni anggenipun milih anggota pranyata wasis saestu. Pak Bambang kemawon ingkang kajibah nggladhi para anggota ngraos mongkog saha remen amargi para anggotanipun sami gatekan saha boten lalen anggenipun ngapalaken urutanipun not.

Ngantos satunggaling dinten sanggar karawitan Sekar Kalongking dipunpitados kangge ngiringi beksan Janggrung wonten adicara ngundhuh manten sadherekipun Pak Lebda. Pak Lebda menika rumiyin nate ngasta wonten kantor Kebudayaan. Ingkang dados ledhek Janggrung inggih menika Nyi Prenes, Welas, saha Kanthil. Kanthil menika rayinipun Welas, piyambakipun sampun dangu nilar griyanipun amargi boten purun menawi dipunpeksa Nyi Prenes ndherek Janggrung menawi wonten tandhak ingkang ngersakaken sembranan.

Ingkang dipunpasrahi ngracik beksan Palguna saha Kanthil, wondene ingkang dipunpatah nggarap gendhingipun inggih menika Pak Bambang. Karawitan Sekar Kalongking ingkang dipunpandhegenai dening Bu Wahyuni garwanipun Pak Widura, nyata prigel-prigel saestu, swantenipun gendhing saged dipunraosaken kanthi nyamleng, jumbuh menawi dipungathukaken kaliyan beksan Janggrung ingkang dipungarap alusan. Wekdal kangge beksan Janggrung menika boten dangu, udakawis namung setengah jam, nanging saged damel para tamu kepranan saestu. Paraganipun ingkang ayu-ayu, beksanipun ingkang endah, saha tabuhan gendhing ingkang raosipun rempeg dipunpirengaken.

Pak Lebda anggenipun badhe nglestantunaken Janggrung boten namung cekap semanten. Nalika wonten adicara rasulan utawi resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar malih. Kanthil saha Welas ingkang kadhapuk dados paraga Janggrung, dipungarap beksan alusan. Nalika wonten tombokan ugi namung tombok alusan, saha winates paraga-paraga ingkang dipunkeparengaken. Saking gethok tular, Janggrungipun Nyi Prenes wiwit pikantuk kawigatosan malih. Jeneng Janggrung wiwit dipuntepungi dening masyarakat silih gumanti. Kathah warga desa Kecik utawi sanesipun ingkang nanggap Janggrungipun Nyi Prenes kangge adicara-adicara tartamtu.

Kajawi Pak Widura ingkang sampun kasil ngedegaken sanggar karawitan Sekar Kalongking, Palguna ingkang samenika kuliah wonten jurusan seni ugi gadhah gegayuhan kangge ngedegaken sanggar beksan Janggrung. Nanging dereng dipunwujudaken pepenginanipun Palguna menika, sampun kaathah tiyang ingkang rangu-rangu menapa samangke sanggar beksan Janggrung

menika saged lestantun saha maju. Menapa malih Palguna menika samangke dados sarjana seni, menapa cekap gesang ing madyaning padesan namung badhe mecaki jagading Janggrung. Palguna menggalih bilih pamanggihipun tiyang sanes menika wonten leresipun, nanging piyambakipun panggah kukuh badhe ngedegaken sanggar menika, sinaosa kathah pepalangipun. Umpaminipun Pak Padmo ingkang katingal serik dhateng Palguna, amargi piyambakipun nate ngedegaken sanggar beksan nanging wekasanipun namung kantung jeneng.

Wekasan Palguna sampun ngedegaken sanggar beksan Janggrung. Ning Manis putranipun Pak Dul Bandhu ingkang wiwit dados anggota. Sansaya dangu anggota sanggaripun Palguna sansaya kathah, wiwit lare alit dumugi lare SMA wonten. Kanthil ugi ndherek mbiyantu Palguna anggenipun nggladhi anggota sanggar menika. Anggenipun gladhen beksan ugi dipunbedakaken dados kalih, lare alit piyambak, ingkang radi ageng piyambak. Sedaya sampun wonten jadwalipun piyambak-piyambak.

Sansaya dangu sanggar beksanipun Palguna sansaya ngrembaka. Kepara wiwit dipunpentasaken wonten adicara tartamtu. Wiwit adicara mengeti HUT RI, Palguna kaliyan Kanthil sansaya greget anggenipun nggladhi anggotanipun, makaten ugi ingkang dipungladhi boten kawon semangatipun. Awit asringipun nggladhi sesarengan, sajakipun tuwuh raos tresna antawisipun Palguna kaliyan Kanthil. Nanging saking Palguna menapa dene Kanthil boten kepengin salawase nggladhi sanggar Janggrung menika wonten sesandhunganipun.

Adicara mengeti HUT RI saged lumampah kanthi rancag. Pentas Janggrung ingkang dipungarap pasangan sinambi gegeculan saha boten wonten

tombokan ugi saged ndamel para tamu kepranan. Sanggar beksanipun Palguna pikantuk pangalembana saking kathah tamu, kalebet Prastiwi, keponakanipun Pak Bambang ingkang nembe wisuda sarjana seni. Piyambakipun ngalembana tumrap gregetipun Palguna ingkang taksih gadhah gegayuhan kangge nglestantunaken seni Janggrung.

Dereng telas pangalembana saking masyarakat tumrap sanggar beksanipun Palguna, Pak Kasi Kebudayaan ingkang dipundherekaken dening Pak Bambang saha Pak Lebda dalasan Prastiwi rawuh wonten sanggaripun Palguna maringi informasi bilih badhe dipunwontenaken lomba tari rakyat tingkat Jawa Tengah. Pak Kasi Kebudayaan ngersakaken ngangkat Janggrung Wonogiren kangge ndherek lomba kasebut. Ingkang dipundhapuk minangka paraga beksan samangke para anggota sanggar beksanipun Palguna.

Ngadhepi lomba tingkat Jawa Tengah temtu mbetahaken gladhen ingkang boten sekedhap. Kedah greget amargi wekdalipun tansaya caket kaliyan lomba. Palguna, Kanthil saha Prastiwi sansaya greget anggenipun nggladhi para paraga Janggrung. Kalebet persiapan kados kostum, rias, seragam karawitan ugi sampun wiwit dipunsamaptakaken.

Lomba tari rakyat menika dipunadani wonten wayah ndalu, mapan wonten Kabupaten Kendal. Ingkang ndherek lomba wonten wolung kontingen. Janggrung Wonogiren wiwit jumedhul kanthi undhian nomer gangsal. Garapan Janggrung enggal menika damel penonton sami ngguyu amargi salebeting beksan menika wonten garapan beksan ingkang mloto. Nalika nengga pengumuman menika wekdal ingkang damel boten sabar kangge mangertosi asilipun.

Nalika Janggrung Wonogiren diumumaken minangka penyaji terbaik tari rakyat tingkat Jawa Tengah boten rinasa luh kabungahan tumetes, nganos boten kuwawa badhe surak. Sedaya sami salaman kebak raos mongkog saha bombong. Wiwit menika jeneng Janggrung sansaya ngumandhang. Setunggal mbaka setunggal media wiwit ngewrat warta wontenipun Janggrung ingkang dipungarap. Sanggar Janggrungipun Palguna ugi wiwit dipunaosi.

Kahanan menika temtu damel mongkog manahipun Palguna saha Pawitri, menapadene Kanthil. Nalika Pawitri nyekel pundhkipun Palguna, manahipun kedher. Pawitri sajatosipun tansah kepengin semandhing wonten sisihipun Palguna kangge ngumandhangaken endahipun seni Janggrung, nanging ali-ali wonten drijinipun Prastiwi sampun njiret pangloncita ing batinipun Prastiwi. Palguna ugi ngraosaken sajatosipun sajroning manah wonten raos ingkang gumathok. Nanging ali-ali wonten drijinipun Prastiwi mujudaken ali-ali sengkeran.

2. Data Latar Sosial Budaya wonten Cerbung Janggrung

Supados gampil anggenipun damel *klasifikasi data*, latar sosial budaya ingkang wonten salebeting cerbung Janggrung dipundamel perangan-perangan. Endraswara (2011: 107) ngandharaken bilih *klasifikasi data* menika dipuntindakaken menawi sedaya data sampun rampung dipunkempalaken. Anggenipun ngempalaken data adatipun dereng tumata, satemah dipunbetahaken *klasifikasi data*.

Wonten pirembaganipun, data latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung* samangke dipundadosaken kalih, inggih menika data latar sosial saha data latar budaya. Perangan ingkang kalebet latar sosial budaya menika wonten pitu, inggih menika (a) perangan *religiusitas* ingkang inggil , (b) *organisasi sosial* ingkang ngrembaka salebeting masarakat, (c) kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis, (d) wujud basa wonten cerbung *Janggrung*, (e) perangan kesenian wonten cerbung *Janggrung*, (f) perangan pakaryan wonten cerbung *Janggrung*, saha (g) perangan pirantos wonten cerbung *Janggrung*. Saben *klasifikasi latar sosial budaya* salebeting cerbung *Janggrung* kasebut dipunandharaken wonten tabel data kados makaten.

Tabel 1. Perangan *Religiusitas* ingkang inggil wonten Cerbung *Janggrung*

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Blaka minangka sipat ingkang dipunwulangaken agama	“Ora mungkin yen Karyo Mingun tumindak kaya ngene. Dheweke kuwi wonge jujur. Tur mau awan wis kandha yen sing eleb sawah nyi Prenes lan pak Kemis,” swara atine Pengkuh karo clilang-clileng ing sakiwa tengene kono mbok menawa ana wong sing ndingkik. Kahanan panggah sepi. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 6)	48
2	Mitos ingkang taksih dipunpitados dening masyarakat	“Dhawuhane yen ora ndang didandani, mengko sawah-sawahe wong wong Kecik kene padha ora panen.” “Napa mboten nyangga sepanenan mawon ki?” “Enak temen yen nganti isa nutug nganti panen, lha wong tumapake pari mbledug wae wis ora kanthen. Eman-eman ragate lan parine yen ta nganti padha ora panen.”	77

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		“Apa sajake ora tau Janggrungan kuwi Ki, dhawuhane ora gelem dibembeg nganti kanjat taunan,” cluluke mbah Tanem pijet. “Napa nggih onten sesambungane Ni?” “Ya ora ana sambung rapete. Nanging ndhisik-ndhisik swargi Bayan tuwa sing dituwekke panemune neng desa kene iki, saben-saben panen ora lowong karo Janggrungan. Ngiras pantes nglipur karo para kadang tani sing mentas pethel olehe tetanen.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)	
3	Ritual ingkang taksih dipuntindakaken dening masarakat	Nalika mbah Bayan tuwa isih sugeng, adat Janggrungan ing ara-ara cedhak dhawuhan kuwi tansah dileksanakake minangka adat ritual lan panglipur marang para tani sing mentas panen. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 11)	79

Tabel 2. Perangan Organisasi Sosial ingkang ngrembaka salebeting masyarakat wonten Cerebung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Paguyuban utawi grup karawitan ingkang ngrembaka kanthi sae	Jroning ati pancen bener ngendikane pak Joko. Sajrone dheweke bisa karawitan lan njoget, neng njaban sekolahan wis ngasilake dhuwit, nadyan dheweke ora niat komersil. Akeh grup-grup karawitan sing merlokake tenagane. Utamane group-group	21, 39, 71

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		karawitan putri. Cekelan sing disenengi ricikan alus. Asile sithik mbaka sithik dicelengi, malah kena kanggo ragat sekolah. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2) “Pak Brayat ora ngersakke Janggrung sing sembranan Las, nanging Janggrung sing alus kebak subasita. Sing ngiringi wae ibu-ibu PKK Desa. Karawitan Sekar Sari. Dakkira ora bakal nyebal saka paugeran sing nerak kasusilan.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 4) “Sekar Kalongking” mujudake jeneng sing dipilih minangka tetenger karawitane pak Widura disekseni dening pak Camat, pak Bambang minangka Pemilik Kebudayaan lan para sesepuh desa. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 10)	
2	Sanggar beksan ingkang ngrembaka kanthi sae	“Aku nyengkuyung lamun mas Palguna lan mbakyu Kanthil sida ngedegke sanggar Janggrung iki. Sapa ngerti mengko bakal oleh kawigaten saka masyarakat. Merga sanggar-sanggar sing gelem nggulawentah marang seni tradisi kuwi arang lho mas,” panuture Ning Manis kanthi kebak pangarep-arep. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 19) “Mengko dhisik ta, ngedegke sanggar kuwi ora gampang lho, Pal. Contone wae sanggar tari sing wis daklakoni, nyatane ora sempulur. Mosok awakmu malah arep adeg sanggar sing	104, 118

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		mligi Janggrung, apa ora kowang-kowang.” “Sedaya rak dereng dicobi, pak. Malah niki dereng dibentuk pengurus mpun oleh sing ajeng tumut. Pak Padmo mangke mlebet pengurus, ngiras pantes ndherek dados sesepuh. ” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 19)	
4	Anggota salebeting organisasi	Sing baku anggotane sanggar Janggrung kuwi ana sanga. Wadone lima lanange papat. Dene bocah cilik-cilik uga wiwit padha melu dadi anggota. Ing jadwal latihan dipilahke. Sing bocah-bocah diwenahi tarian bocah-bocah, kayata tari Kelinci, tari Kupu-kupu, lan sapanunggalane. Dene sing gedhe-gedhe wis diwarahi tari dasar klebu batangan tayub. Latihane cukup seminggu pisan kanthi program isa nambah wektu latihan yen ta ora ngganggu pasinaon ing sekolahan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 20)	106

Tabel 3. Perangan Kawruh saha Kaprigelan anggenipun nganalisa Prekawis wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan	Satemene ora saben Janggrung pantes dianggep asor. Kabeh mau gumantung paraga sing nglakoni. Nanging sing jenenge wae urip ing samodrane sesrawungan sok kelem ing unen-unen, “digebyah uyah”, saengga sing	3, 44, 46, 74, 93

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		dadi ledhek Janggrung murwat lan apik bebudene ya katut melu dicap kaya mengkono mau. (Sugiyanto, 2005: 19 seri1)	
		“Kahanan desa iki kok pancet wae, pak. Sajake ora ana kaundhakane. Apa pancen wis ora ana grengsenge warga kanggo ngolah kegiatan?” “Kapan sliramu teka?” “Lagi mau bengi,” “Durung ana sedina kok sliramu wis nduga, apa titikane Par?” “Kahanan dalam panggah padha. Malah pager-pager omah pekarangan sajak wis padha ora kopen. Suket-suket kiwa tengen dalam padha njembrung. Lan maneh iki lho pak, galengan uwangan lan panggarape sawah pacet wae. Apa kahanan ngene iki yen musim ketiga apa ya padha panen?” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 5)	
		“Sabèn lelakon kuwi ora ana sing bisa nyelaki wektu Nyi. Nadyan wis ora payu njanggrung, nyatane dheweke padha puguh ngantebi kasetyane kanggo ngupaya boga njajah desa milang kori. Ora mung golek rejeki wae pawadane, nanging uga kepingin ngelingake warga desa, manawa seni Cokek lan Janggrung iku butuh kawigaten kang sanyatane.” Nyi Prenes mesem. Jroning ati	

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		ngalembana marang Pengkuh sing duwe wawasan jembar. (Sugiyanto, 2005: 46 seri 10)	
2	Nganalisa satunggaling prekawis ingkang mirunggan	Nyi Prenes meneng, sajak lagi ngundha pangudarasa. Tembunge Welas dirasa ana benere. Menawa anggone ambyur ing donyane Janggrung wis kejeron nerak angger-angger kasusilan. Mesthine tumindak kaya ngono kuwi ora perlu dilakoni. Janggrung bisa wibawa waton sing dadi ledhek ora lelemeran, tansah kebak rasa kurmat, ngregem rega lan ajining dhiri. Nanging kabeh wis kedlarung. Ndonya wis padha nyekseni yen saiki akeh sing padha nganggep asor saben krungu tembung Janggrung. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 12) “Ning dheweke kurang ajar karo aku, kang.” “Babagan panggautan sing mbok lakoni ta?” Nyi Prenes unjal ambegan wae. “Krenahe Kanthil kuwi bener, nyi. Dheweke emoh mbok peksa lelemeran kanthi paes Janggrung sing saya ora ngrembaka iki. Coba saiki gagasan lan nalaren kanthi jero, sapa wae sing ambyur ing donyane seni tanpa gondhelan kasusilan apa uripe bakal tentrem. Dak kira ora. Wong urip kuwi dudu gambar dhuwit ajine, nanging kawibawan.” (Sugiyanto, 2005: 47 seri 12)	81, 84

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
3	Kawruh ngengingi kesenian Janggrung	“Piye nyi Prenes lan nyi Lindri kuwi, sajake kabotan pa yen digarap ngene iki?” “Nggih radi bingung, pak. Murugke nggih mboten nate mambu sekolahan seni,” wangsulane nyi Lindri karo klecam klecem. “Sing jenenge garapan ki ya ngene iki. Mengko waton sregep sinau lan kulina ya ora kangelan. Pancen joged sing apik, mapan lan ngresepi kuwi kudu bisa ngenggoni telung perkara. Yaiku wiraga, wirama lan wirasa.” Kabeh padha njinggleng ngrungokke apa sing dingendikakake pak Lebda kuwi. “Wiraga teges cekak aose wae sing magepokan karo obahe awak babagan joged, dene iramane gendhing lan sapanunggalane kuwi mlebu ing wirama mau. Yen wis jangkep loro njoged kuwi obahe kudu dirasakke, cocog ora karo gendhinge, nganti tekan polatane. Yen ing tari gagrak Surakarta, joget sing apik kuwi kudu ngugemi gondhelan waton sing diarani Hasta Sawanda. Hasta tegese wolu, sawanda mengku teges wateg, saka tembung wanda.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 16) “Ning garapan menika rak sampeyan kathah permakanipun saking pakem lan aslinipun Janggrung pak Lebda,” pak Kasi isih ketara	95, 101, 114

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		kukuh saka kederenge. “Pancen ingkang dipunwastani garap menika kedah wonten ewah-ewahan. Kompagipun beksan, polatan, cakrikipun beksan. Nadyan kanthi garapan ingkang kados mekaten, nanging mboten badhe linggar saking angger-angger seni rakyat. Janggrung jogetipun kedah katon temata lan guyup, milane sok katelah tayub. Cobi gendhing-gendhing ingkang dipun racik sampun mujudake gendhing-gendhing gagrag lawas, utawi kuna, ingkang raosipun sampun njangget dhateng manahipun warga desa. Othog Owog, Boyong Basuki, Godril, Orek-orek, menika rak sampun mratandhani cirikas gendhing-gendhing rakyat. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 24)	

Tabel 4. Perangan Wujud Basa wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Paribasan	Ana unen-unen “Cokek ketleyek, Janggrung ora duwe siung. Tayub ora oleh papan eyub.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1) Nyi Prenes, salah sijine ledhek janggrung ing desa Kecik sing isih setengah umur, ora mupus mecaki lakune jaman. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1) Pancen sing jeneng lakune urip kuwi sok owah gingsir. Ndhisik nalika janggrung tau dadi tontonan pethingan neng	1, 4, 5, 8

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		tengahe masyarakat, prasasat sing jenenge ledhek tansah dadi kembang pocapan sing diaji-aji. Mbuh jogete, mbuh swarane, mbuh rupane, mbuh samubarange, waton ana Janggrung manggrung mesthi sing nonton tumpleg bleg nanti parak esuk. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)	
2	Bebasan	“Palguna duwe bakat. Lan awake dhewe iki urip ana jagate janggrung paribasane wis mbalung sumsum. Dheweke kuwi duwe turasing getih saka wong tuwane, masa mbakyu Rawit ora tanggap.” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 1) Nyi Rawit wekasane mung nyarah marang Palguna. Paribasane didhadhunga medhot, dipalangi mlumpat. Wong nyatane dheweke sekolah bakal golek ragad dhewe. Palguna pancen wis duwe pikiran sing memet anggone kepingin kuliah njupuk jurusan seni. Mboke sadurunge ya tidha-tidha, nanging bareng anake lanang kuwi nuduhake celengane neng bank atine ya krasa kabuka sing wekasane ya menahi panjurung. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 8)	11, 65
3	Tetembungan salebeting kesenian Janggrung	“Nyi, mumpung durung kasep aku pengin golek panggautan sing kena dak jagakke nganti tuwa. Merga wis akeh conto, tedhek sing wis kisut kulite kegawa umur wis ora ana sing gelem nggape maneh.” Nyi Prenes mleruk karo	14, 37, 110

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		mencap-menceb ketara ayune merga pipine sing dheik ketara obah-obah. (Sugiyanto, 2005: 43 seri 1)	
		“Dinane kari sasi ngarep pendhak iki lho ndhuk Las. Tamune wong sugih-sugih, mesthi tombokane wis kena ditohke.” “Wong sugih kuwi durung mesthi loma lho Lik. Srawunge malah mbabayani, dhuwit gedhe sok nggawa ati,” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 3)	
4	Basa Jawi krama inggil	“Mboten badhe ical saking manah kula pak,” wangsulane Palguna keprungu manteb. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2) “Cethane aku kuwi arep ngundhuh manten, ning manten lawas. Nanging bakal daktanggapke Janggrung.” “Janggrung?” Nyi Prenes mlongo setengah ora percaya. “Bener, Janggrung. Mesthi sliramu kaget, merga wong duwe gawe saiki wis arang banget nanggap Janggrung, Janggrung saya kesisih kagawa ombyake jaman.” “Nanging bapak menika priyagung luhur, mesthinipun tamunipun ugi priyagung-priyagung ingkang luhur, menapa janggrungan kula saged mranani. Menapa malih Kanthil dereng saged mesthekaken wangsulanipun pak,” Nyi Prenes krasa grogi. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 13)	19, 88

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
5	Basa Jawi krama madya	“Ah, iki mung coba-coba kok mbak, ngiras pantes ngleluri kabudayan Jawa. Yen mboten awak dhewe, mengke njur sinten sing gelem ngurip-urip seni Janggrung ngeten niki,” wangsulane Palguna andhap asor. “Aku yen dibutuhake mengko ya gelem kok urun-urun bau. Ngiras pantes golek pengalaman ana tengahe masyarakat.” “Matur nuwun mbak Pras.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 23)	112
6	Basa Jawi ngoko	“Jroning jiwamu ana bakat kependhem Pal. Dak jaluk aja nganti ilang sawuse lulus SMP mengko,” ngendikane pak Joko. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)	18, 63, 69
7	Basa Jawi krama dhusun	“Nyi Prenes, kula angsal welingan, njenengan ken ndang wangsul,” celathune Pawitri karo lungguh ing sisihe mboke. (Sugiyanto, 2005: 43 seri 1) “Mboten pak, kula sampun manteb kangge mecaki seni jiwa menika. Raosipun kok ndadosaken tentrem teng manah.” Pak Joko mesem. Pundhake Palguna dipuk-puk. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)	15, 20
8	Basa Padesan	“Satemene Kanthil ora melu TKW. Dheweke dak titipke adhiku neng Sala sing duwe sanggar tari. Malah iki wis lulus SMKI.” “Kula kok dereng percados, nalaripun kadospundi Kanthil	40, 82

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		ngantos ndherek adhikipun bapak. Mangka wonten seratan piyambakipun kesah tumut TKW wiwit kawan taun kepengker?”	
		Nyi Prenes sedhele-sedhela mung unjal ambegan landhung. Sajrone ati uleng antarane gething lan bungah dadi siji. Ndhisik atine nyi Prenes pancen tatu, rumangsa diundhat dening anake wadon sing klebu gawan kuwi. Kanthil klebu prawan sing longgor awake, ayu rupane nanging katon singset. Dheweke ketara tregal-tregel yen lagi nyeblakake sampure. Nanging kipa-kipa yen sing tombok padha sembranan. Bola bali nyi Prenes nyoba ngrimuk atine supaya gelem digendhak wong lanang sing dhuwite kandel. Nanging Kanthil panggah puguh. Dheweke gelem Janggrung neng kalangan wae, ora bakal diterusake neng njaba, apa neng papan liya. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 12)	
9	Pepindhan	Wengi kang sepi. Kabeh padha leyeh-leyeh sawuse kliwat jam wolu bengi. Palguna ora lali kaya padatan lungguh neng latar nggeseki rabab. Krasa senggrekan alus kebak irama sing mapan. Swarane dumeling nyendhal ati , krasa nganyut-anyut. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 2)	26, 27, 28, 45, 85, 92, 97, 103
		Awan kuwi krasa nantang. Panase ngudubilah kaya kuwawa ngobong kulit bae.	

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		(Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)	
		Nadyan wengi kuwi wis katon sepi kagawa mendhunge tansaya peteng, nyi Prenes durung bisa turu. Hawane krasa gerah kagawa pikirane sing uleg. Njegreg kethap-kethip ijen, kelingan Kanthil nalika isih umbelen. Ah, bocah kuwi menyang ngendi-endi tansah kemanthil, beteke ngrasakake nyi Prenes kadidene ibune sawutuhe. Antarane Welas lan Kanthil pindha jambe sinigar ayune . Umure sing kacek limang taun kuwi krasa kaya mbakyu adhi nunggal wadhah lan wijine. (Sugiyanto, 2005: 47 seri 12)	
10	Kerata basa	“Piye ya Bu Sri. Rasane atiku kok kurang teteg ngadhepi kasetyane wong lanang. Aja-aja mung kepengin bleger we ora tekan njero ati,” wangsulane Nyi Prenes klewa-klewa. “Jenenge wae wong lanang, tembunge ala-ala menang. Yen ana ngarepan mlithit matrem janji, ning yen mlangkah lawang sok seje kocape. Sajake ngedhug-dhuge dupeh amba jangkahe. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)	31
11	Panyandra	Nyi Prenes mesem ijen nuli mlebu omah. Ing atine wiwit krasa yen Pengkuh katon duwe ati marang dheweke. Wong lanang pidegsa sing gaweyane dadi kuli panggul neng pasar kuwi saiki watake katon semeleh, tur ora sugih gunem. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)	32, 43

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		Welas meneng, praupane sedhela mbrabak, nuli ndhingkluk ora wani ngulati pak Dul Bandhu sing sajak kedhep tesmak anggone nyawang perangan dhadhane kang nyengkir gadhing. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 5)	
12	Macapat	“Bapak Pocung, dudu watu dudu gunung, satriya ing Plembang, dedegira ageng inggil, yen lumampah si Pocung lembehan grana. Ooongg bumi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon. Thok cek gendhang gong. Nong-nong-nong gong. Gik-gik-gik gong. Dlang dhondhang thung gong....” swarane Kencung Umuk ngglenggeng neng ngarep omahe Nyi Prenes pernah isih ana ndalan ngadhepake gapura mlebu. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3) “Hmm... apa ora kelingan unine tembang asmarandana kae, gegaraning wong akrami, dudu bandha dudu rupa, amung ati pawitane, luput pisan kena pisan, yen gampang luwih gampang yen angel-angel kelangkung, tan kena tinambak arta,” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 6)	33, 47
13	Sesanti	“Janggrung kuwi wiwit jaman dhisik ya ngono kuwi Las, dadi ledhek kudu gelem sembranan, ora gampang putung aten, ning ya ora gampang kecanthol tresna.” “Kuwi jarene sapa mbok?” “Ya jarene wong-wong wiwit jaman ndhisik, simbok kuwi	38

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		rak mung kari ngleluri jaman sing wis mlaku.” “Simbok ngugemi sesanti kuwi?” 9 Sugiyanto, 2005: 19 seri 4)	
14	Parikan	“Ing wasana cepak semanten atur kula nglantaraken werdining sedya bapak Brayat sekaliyan. Wadhuk Gajah mungkur Wonogiri, wonten kethithaling atur kula nyuwun pangaksami. Billahitaufik wal hidayah, wassalamualaikum warah matullahi wabarakatuh.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7) Sing laop-laop ana ndalan kuwi pancene Kancung Umuk, karo sedhela-sedhela ngglenggeng kendhangan lan senggakan Sinom Parijatha thung ndlang dhet, dhet dhet dah, thung dhet thung gong. “Loro telu, papat lima enem, Janggrunge ayu-ayu sing nyawang padha marem. Yake eyo, e e yake eyo, ayo disengkuyung.” 9 Sugiyanto, 2005: 19 seri 20)	54, 107
15	Wangsalan	“Njanur gunung kang Kemis sekalihan. Sajak ana wigati sing ngangseg?” pitakone nyi Prenes karo nyithe roko sing kari uthisan. “Arep mertakke jare Kanthil arep bali, nyi?” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 12)	83

Tabel 5. Perangan Kesenian wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Paraga salebeting kesenian Janggrung ingkang mumpuni	Weruh keprigelane Palguna munggah kalangan kuwi nyi Prenes dadi kepranan. Ora ngira babar pisan bocah sing lagi kelas loro SMP wis baut nyeblakke sampur ora geseh karo wiramane gendhing. Dheweke kepingin ngejak samangsa ana tanggapan Janggrung, piride kena nggo gawe gawoke penonton. Mensthi wae nyi Prenes wis nyisihake opah kanggo anake nyi Rawit kuwi. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 1) “Wonten napa Pak, sajakipun ajeng janggrungan?” “Ho oh Cung, diutus pak Brayat. Pendhak iki, sasi ngarep arep nanggap Janggrung. Pak Brayat tau duwe omong, yen anggone omah-omah bisa menangi taun emas bakal nanggep Janggrung. Sing diantebi nyi Prenes lan gendhuk Welas.” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 30) “Mila ing kalodhangan punika minangka pambukane pasegahan badhe kasugata beksan Janggrung kanthi tandhak utawi ledhek nyi Prenes, nyi Lindri, dalasan gendhuk Welas. Dene pelandang saha pelarihipun bagus Palguna kaliyan ki Padmo. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)	10, 35, 53, 66, 73, 80, 98
2	Kaprigelan seni ingkang mumpuni	Nadyan wong tuwane wis ngoncadi pakaryan njanggrung sing wis tau dipecaki, nanging kasunyatane getih seni sing nuruni marang Palguna kuwi	17

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		ora bisa diselaki. Nyatane jaka kencur kuwi wiwit SMP wis pinter njoget lan karawitan. Guru-gurune wae padha ngungun marang kaprigelane Palguna. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)	
3	Gladhen beksan saha karawitan salebeting Janggrung ingkang ngremenaken	Nalika semana ing daleme didegake sanggar tari, ning sing padha latihan mung arang kadhing, wekasane saiki mung kari jeneng wae. Ewasemana kanggone wong kepengin golek beksa kanggo wong duwe gawe isih padha njujug ing daleme pak Padmo. 9 Sugiyanto, 2005: 19 seri 2) “Lha sing arep ngrebab sapa, Dhik Sek?” “Nggih Pak Bambang mawon.” Bu Kades kuwi meneng sedhela nuli manggut-manggut sajak setuju. “Piye dhik Pal, apa sliramu kabotan?” “Menawi makaten saged, kula namung ndherek.” “Ya wis yen ngono, saiki wis klir. Kari ngenteni suk Setu mbutuhake latihan. Merga Janggrunge iki mung Janggrung netepi srana wae. Dadi kudu dilatih luwih dhisik. Sokur ibu-ibu PKK mengko ora kabotan,” ngendikane bu Yustinah. “Menika langkung sae bu, sokur mboten namung sepindhah latihanipun. Mergi menawi kirang sae rak nggih saget ngasoraken paguyuban menika.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 5)	24, 42, 116

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
4	Ingkang ningali pentas Janggrung	Kaur desa kuwi meneng. Ing batin mbenerke omongane Kancung Umuk. Yen sing nanggap tontonan wong sugih tamune lan undangane ya wong sugih-sugih. Yen sing duwe gawe wong gedhe lan pangkat, undangane lan tamune ya wong gedhe-gedhe. Wong cilik-cilik ora wani mara, merga ora duwe jas sing mlithit setrikane lan kempling sepatune. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 3)	36, 50, 56, 111
		Gendhing Roning Tawang laras pelog wis paripurna. Jam wolu kurang sepuluh menit Pak Mulyono nyuwun pirsane menyang pak Widura sing dadi paniti priksa tamu sing rawuh wis jumbuh karo undangan apa ora. Nyatane wis ora ana sing kecicir. Prasasat undangan patang atus wis komplit , saengga acara bakal kawiwitan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)	
		Tamu-tamu lanang pandulune tumuju gendhuk Welas sing nyata ayu merak ati. Ora kalah nyi Lindri lan nyi Prenes katon mbombrong gawe gawe gregeten sing nyawang nadyan umure wis setengah tuwa. Beda maneh karo tamu-tamu putri, sajake padha kepranan marang Palguna sing nyata bagus lan isih enom pisan. Prasasat padha ngalembana ing batin utawa karo klesak-klesik kepengin ngerti sapa satemene Palguna iku. 9 Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)	

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
5	Janggrung sarana <i>pertunjukan</i> ing acara tartamtu	“Acarane iki ulang taun kawin emase pak Brayat, lan mesisan nggawe tanggap warsa kawin perak pak Mulyono putrane sing tuwa dhewe. Ngiras pantes panjenengane kuwi kepingin nuduhake marang tamune, babagan kesenian Jawa sing butuh tangan-tangan kanggo nglestarekake. Nyatane tontonan sing ditanggap kabeh dumadi saka kabudayan jawa. Wiwit Klenengan, Fragmen Wayang Wong lan Janggrunge awake dhewe iki mengko. Apa ora jeneng hebat. Mosok awake dhewe wis ana sing nggatekake malah saiki arep mlayu ngedohi, rak jeneng ora sumbut ta?” 9 Sugiyanto, 2005: 20 seri 4) Pawiwahan ngundhuh manten neng daleme pak Lebda sida nanggap Janggrung tenan. Janggrung sing wis digarap kanthi wektu setengah jam wae. Mergane mengko bakal diterusake pakeliran padhet kanthi lakon Wahyu Makutha Rama. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 17)	41, 96, 99, 100, 109, 113, 115, 120
6	Acara salebeting <i>pementasan</i> ingkang ngremenaken	Wiwit jam pitu bengi, karawitan Sekar Sari wis ngumandhangke tabuhan soran sing nyamleng. Ladrang Harjuna Mangsah krasa sigrak, kanthi tabuhan balungan gemontang bening. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7) Ladrang Santi Mulya laras pelog pathet lima keprungu	49, 51, 52, 55, 58, 59, 60, 119

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		munya hangrangin mratandhani adicara kaul kawin emase pak Brayat lan ngiras pantes mengeti kawin perake pak Mulyono kawiwitan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)	
		Acara resmi pidhato ora akeh , mung saka pak Teguh Winaryo sing minangka tetuwanggane pawiwahan kang ngendika, ngudal kandha wigatining perlu, jinajaran pak Brayat sekalihan dalasan pak Mulyono sekalihan. 9 (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)	

Tabel 6. Perangan Pakaryan wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Jinising pakaryan ingkang prasaja salebeting masyarakat wonten cerbung Janggrung	Sing wis tau dadi ledhek wiwit padha omah-omah lan golek pakaryan liya sing jamak karo kiwa tengene. Ana sing bakulan, ana sing dodolan lan ana sing nrima mung grima tani apadene buruh wae. Pegawean apa wae padha disrabut beteke kepengin ngilangake pamor janggrunge (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)	2, 6, 16, 70, 86, 90, 102, 108
		Jenenge pancen Palguna. Nanging dudu jeneng wayang ing Palguna Palgunadi. Ing jiwane pancen ana getih seni sing lumuntur ngukur jiwa ragane. Nanging saiki panggaotane bapake dadi tukang batu lan tukang kayu saliyane tani. Dene mboke bakulan isih candhak kulak	

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		asil tetanen neng pasar Ngadirojo. Nadyan kanthi mengkono nyatane anggone omah-omah isa temata nadyan ora klebu keluarga sing sugih. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2) “Las, engga cawisna unjukan loro, karo nyamikan. Sajake Pak Lebda duwe wigati tenan,” prentahe nyi Prenes semu bisik-bisik menyang Welas. Sing dikongkon ora ndadak nganggo wangsulan wis jumangkah memburi. Gupuh-gupuh nyi Prenes mapag tamune sing katon gagah kebak prebawa nadyan wus katon sepuh, diampingi pak Bambang sing minangka penilik kabudayan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 13)	
2	Asil anggenipun makarya	“Aku ora bakal ninggalake Janggrung Las. Nadyan saiki wis okeh wong-wong padha ora gelem nanggap.” Welas panggah durung awèh wangsulan, nganti Nyi Prenes nyedhaki lan ngepuk-puk pundhake. 9 Sugiyanto, 2005: 20 seri 1) “Apa sing mbok kandhakke kuwi pancen yen dirasa bener Nyi. Lemah telung tlebek iki ora bakal kentas kanggo urip ngetutake rukune ing tengah-tengahe sesrawungan,” pak Kemis nglenggana. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 1) Krungu krentege Palguna bakal nerusake kuliah, pak Kemis ora ketara kaget. Sing rada njola malah nyi Rawit merga mikir bab ragad.	7, 13, 64

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		”Kabeh iki durung dilakoni nyi, tekade Palguna dak jurung kanthi mongkoge ati. Perkara ragad kuwi kena dipikir karo mlaku,” wangsulane pak Kemis tanpa tidha-tidha. “Awake dhewe uga butuh ragad kanggo Pawitri ki. Apa ya kentas yen panggaotane awake dhewe mung tukang mbarang ngene iki?” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 8)	
3	Upaya pados pakaryan ingkang sampun awrat ing jaman samenika	“Jaman saiki golek gawean angel Las. Apa maneh neng kutha-kutha wis okeh sing di PHK. Nadyan diselaki kaya ngapa kasunyatanane awake dhewe bisa ngopeni awak nganti tekan seprene.” Welas tanggap, mboke sajak ora seneng yen nyritakake babagan Kathil sing lunga. Dheweke bisa ngrasakake jaman sing saya maju iki pancene saya angel golek gawean sing gumathok kanggo nguripi tembe mburi. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 9) “Mbak Nunik ki rak wis rampung kuliah ta? Mosok sarjana trima bukak warung lesehan ngene, apa ora eman-eman ijasah mbak?” “Saiki golek gaweyan angel, dhik. Durung mesthi sarjana mesthi nemu gaweyan sing gumathok. Yen kabeh kepingin dadi pegawai kantor, sapa sing arep nggaji? Wong negara utange sak ambreg. Pulu-pulu gaweyan ngene, sing penting kena nggo mangan dhik,” banyolane	67, 91

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		Nunik karo nyodhorake es jeruk. 9 Sugiyanto, 2005: 20 seri 14)	

Tabel 7. Perangan Pirantos wonten Cerbung Janggrung

No	Perangan	Indikator	No. Data
1	Pirantos salebeting kesenian Janggrung	“Pancen Palguna duwe bakat Nyi. Nyatane dheweke ricikan gamelan ora tau nulak. Wiwit saka kendhang, mbalung, bonang, nganti tekan ricikan alus wis isa dirasakke. Klebu anggone nyeblakke sampur wis ngenut pada. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 1) Rong dina engkas lomba neng Semarang bakal digelar. Palguna lan Prastiwi kabantu dening Kanthil nyiapake uba rampene, klebu kostum lan tata riase pisan. Dene pak Lebda lan pak Bambang kajibah nyenyepuhi karawitane. Kabeh lumaku kanthi rancag. Seragam karawitan wis dicawisi dening kantor Kebudayaan. 9 Sugiyanto, 2005: 19 seri 26)	12, 22, 57, 87, 117
2	Titihan masyarakat wonten desa	Ana sepedha bebek Yamaha 80 werna biru mlebu platarane omah nedhenge Palguna ngrewangi Pawitri adhine wedok sing lagi ngentasi kacang brol sing dipepe. Dudu kacang panen, nanging kacang sing tuku neng pasar. Kacang kuwi digaringke terus digawe ose, bathine kena nggo mangan saben dinane. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 2)	23, 25, 34

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		Pak Padmo melu nggleges, terus pamitan ngono wae. Sing ditinggal age-age ngrampungke mulungi kacang. Srengenge wis ngadhepke sagenter ing sisih kulon. Pak Kemis kanthi numpak sepedha onthel mlebu plataran mulih saka nyambut gawe anggane dadi tukang watu. 9 Sugiyanto, 2005: 20 seri 2) Cep klakep, karo lungguh lendhet-lendhet wit waru neng gapurane omahe nyi Prenes, Kancung Umuk nalika ana wong numpak sepedha motor bebek Legenda isih nganggo sragam perangkat desa. Pak Tarjo Kaur Desa sing teka. Tanpa ngebel langsung mlebu plataran omah rada mlebu emper diangkah rada eyup. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)	
3	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005	Nyi prenes age-age njupuk ember diisi banyu disiramke neng latar bali ambal ping nem. Sedhela unjal ambegan karo ngulati latar sing bleduge wis krasa suda. Ambune kaya ampo lemah ketiban banyu udan. Sedhela mesem terus lungguh neng lincak emper karo sangga uwang. 9 Sugiyanto, 2005: 19 seri 3) Wengi kuwi wis kliwat tabuh sepuluh. Palguna lengek-lengk ana latar mbeber klasa. Rong dina terang sawuse sawuse seminggu mbethethet disiram banyu udan prasasat ora ana terange. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 8)	29, 30, 61, 62, 72, 75

Tabel Salajengipun

No	Perangan	Indikator	No. Data
		Kenthongan wis dithuthuk ambal pindho sadurunge srengenge mesem ana sisih wetan. Pak Sudikun sing minangka jaga tirta wis siaga ana patroli wiwit pruput esuk mau. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)	
4	Pirantos wonten tetanen wetawis taun 2005	Durung ana wong liwat sing arep mangkat kerja bakti mikul pacul . Pancen isih kesuken rasane yen sing krungu kenthongan kudu ndang mangkat mikul pacul mlaku menyang dhawuhan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)	76
5	Pirantos wonten sesadean wetawis taun 2005	Nini Tanem pijet kuwi manggut-manggut ora lali karo ngunyer-unyerke susure neng lambe sing wis kebak dubang. Bakule sega gudheg wis mingket. Tenggoke diangkat arep menyang pasar. Sing padha kerja bakti wiwit padha liwat mikul pacul. Pak Sudikun age-age aba rokok patang pak menyang warung cedhake kono. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)	78, 89

3. Kawontenan Latar Sosial Budaya Masyarakat Indonesia Rikala Taun 2005

Kawontenan latar sosial budaya masyarakat Indonesia rikala taun 2005 menika ingkang ndadosaken Sri Sugiyanto gadhah inspirasi kangge ngripta cerbung Janggrung. Rikala taun 2005 kawontenan Janggrung ingkang dipunanggep asor wonten masyarakat sampun wiwit kalis, beda kaliyan

kawontenan Janggrung rikala taun 1960 ingkang taksih ngginakaken suwelan ingkang nerak kasusilan, sinaosa ing taun 2005 menika taksih wonten masyarakat ingkang nggebyah uyah tumrap image para paraga Janggrung. Menika dipunsebabaken kawontenan masyarakat jaman rumiyin ingkang dereng *modern*, kalebet perangan kawruh. Kawontenan kawruh menika ingkang ndadosaken masyarakat mliginipun wonten padesan taksih remen nggebyah uyah tumrap sedaya pawartos ingkang wonten.

Saperangan prekawis ingkang wigati ngengingi kawontenan masyarakat wetawis taun 2005 inggih menika.

- a. Kawontenan (eksistensi) kesenian Janggrung
- b. Ritual nanggap Janggrung
- c. Ginanipun beksa Janggrung
- d. Pakaryan

B. Pirembagan

Wosing pirembagan menika inggih latar sosial budaya saha kawontenan sosial budaya ingkang kagambaraken wonten cerbung Janggrung, samangke dipundadosaken wolung perangan. Cara anggenipun ngandharaken asiling panaliten inggih menika dipuntindakaken *inferensi*, kanthi nggayutaken data kaliyan teori saha kawruh ingkang jumbuh.

1. Latar Sosial Budaya Salebeting Cerbung *Janggrung*

Ing ngandhap menika pirembagan saking wujud latar sosial budaya ingkang kapanggihaken salebeting cerbung *Janggrung*.

a. *Religiusitas ingkang Inggil wonten Cerbung Janggrung*

(1) *Blaka minangka sipat ingkang dipunwulangaken agama*

Tiyang ingkang gadhah sipat blaka samangke ugi badhe dipunkormati dening tiyang sanes, amargi tiyang ingkang blaka menika tansah dipunpitados dening tiyang sanes kangge nindakaken samubarang ingkang wigati. Tiyang ingkang blaka ndadosaken tiyang sanes ngraos aman saha tentrem menawi badhe nindakaken satunggaling prekawis.

(48) “Ora mungkin yen Karyo Mingun tumindak kaya ngene. **Dheweke kuwi wonge jujur.** Tur mau awan wis kandha yen sing eleb sawah nyi Prenes lan pak Kemis,” swara atine Pengkuh karo clilang-clileng ing sakiwa tengene kono mbok menawa ana wong sing ndingkik. Kahanan panggah sepi. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 6)

Pethikan ing inggil menika swara batosipun Pengkuh ingkang saweg neliti kenging menapa toya uwangan kantun separo ilinipun. Prasasat toya uwangan menika dipunilekaken dhateng sabinipun Karyo Mingun. Nanging Pengkuh taksih pitados menawi ingkang njegal toya uwangan menika sanes Karyo Mingun. Piyambakipun pitados menawi Karyo Mingun gadhah sipat blaka, satemah boten nate nindakaken tumindak ingkang awon kasebut. Pethikan menika jumbuh kaliyan teori ing inggil bilih tiyang ingkang gadhah sipat blaka menika dipunkormati dening tiyang sanes, amargi tiyang ingkang blaka menika dipunpitados dening kathah tiyang salebeting gesang bebrayan.

(2) *Mitos ingkang taksih dipunpitados dening masyarakat*

Satunggaling wujud religiusitas ingkang inggil wonten cerbung *Janggrung* inggih menika *mitos* ingkang taksih dipunpitados dening masyarakat.

Mitos menika raket gayutanipun kaliyan *ritual*. Wonten ing kathah kawontenan, mitos menika prekawis ingkang dados pawadan kenging menapa ritual menika dipuntindakaken.

(77) “Dhawuhane yen ora ndang didandani, mengko sawah-sawahe wong wong Kecik kene padha ora panen.”

“Napa mboten nyangga sepanenan mawon ki?”

“Enak temen yen nganti isa nutug nganti panen, lha wong tumapake pari mbledug wae wis ora kanthen. Eman-eman ragate lan parine yen ta nganti padha ora panen.”

“Apa sajake ora tau Janggrungan kuwi Ki, dhawuhane ora gelem dibembeg nganti kanjat taunan,” cluluke mbah Tanem pijet.

“Napa nggih onten sesambungane Ni?”

“Ya ora ana sambung rapete. Nanging ndhisik-ndhisik swargi Bayan tuwa sing dituwekke panemune neng desa kene iki, saben-saben panen ora lowong karo Janggrungan. Ngiras pantes nglipur karo para kadang tani sing mentas pethel olehe tetanen.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)

Pethikan ing inggil menika pacelathon antawisipun pak Sudikun, mbah Tanem pijet, kaliyan Tunah minangka tiyang ingkang sade sekul. Pak Sudikun ngendika menawi dhawuhanipun boten dipundandosi, samangke sabin kagunganipun tiyang Kecik boten saged panen, amargi toyanipun boten lancar. Lajeng mbah Tanem pijet gadhah penggalih ngengingi prekawis menika. Piyambakipun gadhah pamanggil bilih dhawuhan menika risak amargi samenika warga desa Kecik sampun boten nate nanggap Janggrung.

Jumbuh kaliyan teori mitos bilih mitos menika raket gayutanipun kaliyan ritual, pacelathon ing inggil nedahaken bilih mitos ‘dhawuhanipun risak amargi samenika warga Kecik sampun boten nate nanggap Janggrung’ menika ndadosaken warga Kecik nindakaken ritual utawi adat nanggap Janggrung. Sajatosipun ritual menika boten wonten gayutan kaliyan prekawis ghaib, nanging Janggrung menika saged kangge panglipur para tani ingkang judheg amargi

sabinipun boten saged panen. Kanthi manah ingkang bungah, temtu ndadosaken para tani langkung sregep saha tlanten anggenipun makarya wonten sabin.

(3) Ritual ingkang taksih dipuntindakaken dening masarakat

(79)

.....
Nalika mbah Bayan tuwa isih sugeng, adat Janggrungan ing ara-ara cedhak dhawuhan kuwi tansah dileksanakake minangka adat ritual lan panglipur marang para tani sing mentas panen. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 11)

Gayut kaliyan mitos, wonten ugi prekawis ritual salebeting perangan religi. Ritual inggih menika dipuntindakaken kanthi ancas simbolis, ritual ugi dipuntindakaken adhedhasar satunggaling agami utawi tradhisi saking satunggaling komunitas saha masyarakat. Kagiyan salebeting ritual menika sampun gumathok tatacaranipun, saha boten kedah leres anggenipun nindakaken.

Pethikan ing inggil menika nedahaken ritual ingkang taksih dipuntindakaken dening masyarakat salebeting cerbung Janggrung. Pethikan menika minangka penggalih saking pak Sudikun minangka jaga tirta, bilih taun-taun kepungkur bendungan utawi dhawuhan menika boten nate rusak sinaosa dhawuhan menika dipundamel saking tanggul watu ingkang dipunbludru lemah suket klolor saha dipunototi pathok pathok pring. Wonten taun kepungkur ugi tansah dipunwontenaken Janggrungan mapan wonten caketipun dhawuhan, minangka adat ritual saha panglipur tumrap para tani ingkang mentas panen.

Beda kaliyan kawontenan samnika wonten pundi dhawuhan menika rusak. Tiyang-tiyang desa taksih pitados kaliyan gugon tuhon ingkang wonten sambung raketipun kaliyan Janggrungan saben mentas panen menika. Tiyang desa

gadha pamanggih bilih dhawuhanipun risak amargi sampun boten nate dipunwontenaken Janggrungan.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Janggrung minangka sarana adat ritual saking warga desa Kecik, ingkang gadha tatacara, beksan, saha iringan ingkang jumbuh. Ritual dipunwontenaken Janggrung menika ugi mangaribawani tumrap mitos tiyang desa Kecik bilih dhawuhanipun risak amargi samenika boten nate dipunwontenaken Janggrungan. Prekawis ing inggil ugi nedahaken bilih ritual taksih dipuntindakaken salebeting cerbung Janggrung.

b. Organisasi Sosial ingkang Ngrembaka Salebeting Masyarakat wonten Cerbung Janggrung

Organisasi sosial inggih menika satunggaling paguyupan ingkang dipunadani dening masyarakat, wonten ingkang mawi dhasar hukum, saha wonten ugi ingkang boten. Organisasi menika gadha ancas minangka sarana masyarakat kangge mbangun nagari. Minangka makhluk sosial, tiyang gesang menika ngawontenaken organisasi sosial menika kangge nggayuh ancas tartamtu ingkang boten saged dipuntindakaken piyambak. Wonten cerbung Janggrung, kathah organisasi sosial ingkang ngrembaka wonten madyaning masyarakat.

(1) Paguyuban utawi grup karawitan ingkang ngrembaka kanthi sae

(21) Ironing ati pancen bener ngendikane pak Joko. Sajrone dheweke bisa karawitan lan njoget, neng njaban sekolahan wis ngasilake dhuwit, nadyan dheweke ora niyat komersil. **Akeh grup-grup karawitan sing merlokake tenagane. Utamane group-group karawitan putri. Cekelan sing disenengi ricikan alus.** Asile sithik mbaka sithik dicelengi, malah kena kanggo ragat sekolah. (Sugiyanto, 2005:19 seri 2)

Pethikan ing inggil inggih menika penggalhipun Palguna saha nedahaken paguyuban utawi grup-grup karawitan taksih ngrembaka wonten madyaning masyarakat salebeting cerbung. Palguna menggalih bilih kaprigelan ingkang dipungadhahi sampun saged ngasilaken arta, kados karawitan saha beksan sinaosa piyambakipun boten wonten niat kangge *komersil*. Nanging kasunyatanipun kathah grup grup karawitan, mliginipun grup karawitan putri ingkang mbetahaken Palguna kangge njangkepi tabuhanipun. Asil saking mbiyantu grup karawitan menika sekedhik mbaka sekedhik saged kangge ragat sekolah. Grup karawitan ingkang dipunandharaken ing inggil menika nedahaken wujud organisasi sosial, amargi grup karawitan menika gadhah ancas ingkang cetha, inggih menika gladhen karawitan supados anggotanipun saged nabuh gamelan kanthi sae. Menawi ingkang dados anggota organisasi namung setunggal, temtu boten saged nggayuh ancas ingkang wonten, ingkang kedahipun dipuntindakaken sesarengan. Menika satunggaling titikanipun organisasi sosial.

(39) “Pak Brayat ora ngersakke Janggrung sing sembranan Las, nanging Janggrung sing alus kebak subasita. **Sing ngiringi wae ibu-ibu PKK Desa. Karawitan Sekar Sari.** Dakkira ora bakal nyebal saka paugeran sing nerak kasusilan.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 4)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Nyi Prenes dhateng Welas, saha nedahaken peranan organisasi sosial awujud paguyuban utawi grup-grup karawitan ingkang taksih ngrembaka wonten madyaning masyarakat salebeting cerbung. Welas saha Nyi Prenes dipunutus dados paraga

Janggrung wonten acara syukuran kawin emasipun Pak Brayat. Inggang ngiringi beksanipun inggih menika Karawitan Sekar Sari, anggotanipun inggih menika ibu-ibu PKK Desa. Karawitan Sekar Sari menika nedahaken satunggaling organisasi sosial wonten desa, gadhah anggota saha ancas ingkang cetha, nggladhi para anggotanipun supados wasis wonten prekawis gamelan, satemah saged dipunginakaken kangge ngiringi acara-acara tartamtu.

(71) **“Sekar Kalongking” mujudake jeneng sing dipilih minangka tetenger karawitane pak Widura** disekseni dening pak Camat, pak Bambang minangka Pemilik Kebudayaan lan para sesepuh desa.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 10)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan organisasi sosial awujud paguyuban utawi grup karawitan ingkang taksih ngrembaka wonten madyaning masyarakat salebeting cerbung. Pak Widura minangka warga desa Kecik gadhah gegayuhan kangge mujudaken saha nglegantunaken seni tradhisional Jawa mliginipun karawitan, sinaosa piyambakipun menika boten prigel ing prekawis gamelan. Grup karawitanipun Pak Widura dipunparingi nama Sekar Kalongking dipunsekseni dening Pak Camat, Pak Bambang minangka Penilik Kebudayaan saha para sesepuh desa. Minangka grup karawitan, Sekar Kalongking dados satunggaling organisasi sosial ingkang wonten ing desa Kecik. Sekar Kalongking gadhah pengurus, anggota, saha ancas ingkang cetha sarta dipunwujudaken sesarengan.

(2) Sanggar Beksan ingkang ngrembaka kanthi sae

Kajawi grup karawitan, organisasi sosial sanesipun ingkang dipunpangguhaken inggih menika sanggar beksan. Sanggar beksan inggih menika papan utawi sarana ingkang dipunginakaken dening komunitas tartamtu kangge nindakaken kagiyatan beksan, wiwit saking gladhen dumugi pementasan. Kados ingkang wonten ing pethikan menika.

(104) **“Aku nyengkuyung lamun mas Palguna lan mbakyu Kanthil sida ngedegke sanggar Janggrung iki.** Sapa ngerti mengko bakal oleh kawigaten saka masyarakat. Merga **sanggar-sanggar sing gelem nggulawentah marang seni tradisi kuwi arang lho mas,”** panutire Ning Manis kanthi kebak pangarep-arep. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 19)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Ning Manis dhateng Palguna, saha nedahaken perangan organisasi sosial awujud sanggar beksan ingkang taksih ngrembaka wonten madyaning masyarakat salebeting cerbung. Saged dipunmangertos bilih Ning Manis nyengkuyung upayanipun Palguna saha Kanthil kangge mujudaken sanggar beksan Janggrung, amargi sanggar-sanggar ingkang nggulawentah dhateng seni tradhisi menika dereng kathah. Sanggar Janggrung ingkang dipunpandegani dening Palguna menika cetha ancasipun, kangge nggladhi para anggotanipun supados trampil ing olah beksan Janggrung. Minangka tiyang ingkang nggladhi wonten Palguna kaliyan Kanthil. Anggotanipun maneka warni, saking lare alit dumugi ingkang sampun ageng. Kajawi saking menika, ugi kathah paraga salebeting cerbung *Janggrung* ingkang gadhah niat badhe nglectantunaken kesenian ingkang badhe cures menika. Menika nedahaken bilih sanggar Janggrung minangka organisasi sosial gadhah ancas saha kagiyatan ingkang cetha.

(3) *Kepengurusan Salebeting Organisasi*

(105) “Mengko dhisik ta, ngedegke sanggar kuwi ora gampang lho, Pal. Contone wae sanggar tari sing wis daklakoni, nyatane ora sempulur. Mosok awakmu malah arep adeg sanggar sing mligi Janggrung, apa ora kowang-kowang.”

“Sedaya rak dereng dicobi, pak. Malah niki dereng dibentuk pengurus mpun oleh sing ajeng tumut. **Pak Padmo mangke mlebet pengurus, ngiras pantes ndherek dados sesepuh.**” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 19)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pak Padmo kaliyan Palguna, saha nedahaken peranan organisasi sosial awujud kepengurusan salebeting organisasi. Palguna ngandharaken gegayuhan saha niatipun kangge mujudaken sanggar Janggrung ing desanipun. Palguna ugi nyuwun supados Pak Padmo kersa dados pengurus wonten sanggaripun minangka sesepuh, amargi dereng madeg mawon sampun wonten ingkang ndaftar dados anggota. Tegesipun, sanggar tari ingkang badhe dipunwujudaken dening Palguna menika cetha ancasipun, amargi Palguna ugi sampun nyamptakaken pengurus saha anggotanipun.

Minangka organisasi non-formal, sanggar beksan Janggrung gadhah jadwal gladhen saha sistem anggenipun sinau beksan. Nanging jadwal gladhen sanggar beksan menika ugi njumbuhaken kaliyan pasinaon wonten sekolah minangka organisasi formal, kanthi pangangkah boten ngganggu kuwajibaning para anggota wonten sekolah.

(4) *Anggota Salebeting Organisasi ingkang Maneka Warni*

(106) Sing baku **anggotane sanggar Janggrung kuwi ana sanga.** Wadone lima lanange papat. **Dene bocah cilik-cilik uga wiwit padha melu dadi anggota. Ing jadwal latihan dipilahke. Sing bocah-bocah**

diwenehi tarian bocah-bocah, kayata tari Kelinci, tari Kupu-kupu, lan sapanunggalane. Dene sing gedhe-gedhe wis diwarahi tari dasar klebu batangan tayub. Latihane cukup seminggu pisan kanthi program isa nambah wektu latihan yen ta ora ngganggu pasinaon ing sekolahan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 20)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan organisasi sosial awujud anggota wonten sanggar beksan ingkang maneka warni. Anggota wonten sanggar Janggrung ingkang dipunpandegani dening Palguna wiwit ngrembaka. Pramila, minangka tiyang ingkang nggladhi para anggotanipun, Palguna kedah damel sistem saha jadwal gladhen kanthi leres, supados boten ngganggu kuwajibaning para anggota ingkang taksih sami sinau ing sekolah formal. Menika nedahaken bilih sanggar tari Janggrung ingkang dipunpandegani dening Palguna saged nuwuhaken raos tanggel jawab saha pitados dhateng tiyang sepuhipun anggota-anggota sanggar.

c. Kawruh saha Kaprigelan anggenipun Nganalisa Prekawis

(1) Kawruh Ngengingi Kawontenan ingkang Mirunggan

Minangka satunggaling perangan latar budaya, kawruh inggih menika sedaya prekawis ingkang dipunmangertos dening tiyang gesang ngengingi pirantos, sipat, kahanan, saha pangajab. Tuladhanipun inggih menika kawruh ngengingi kawontenan Janggrung wonten jaman samenika.

(3) Satemene ora saben Janggrung pantes dianggep asor. Kabeh mau gumantung paraga sing nglakoni. Nanging sing jenenge wae urip ing samodrane sesrawungan sok kelem ing unen-unen, “digebyah uyah”, saengga sing dadi ledhek Janggrung murwat lan apik bebudene ya katut melu dicap kaya mengkono mau. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan, wonten ngriki inggih menika kawontenan seni Janggrung ing jaman samenika. Janggrung samenika dipunanggep asor. Sajatosipun kawontenan menika boten kadadosan tumrap saben paraga Janggrung. Namung paraga tartamtu ingkang ndadosaken Janggrung minangka seni ingkang asor drajatipun. Paraga ingkang murwat saha sae bebudenipun ndherek dipunsebut Janggrung ingkang asor. Pawadanipun inggih kalawau, amargi saperangan paraga Janggrung purun menawi wonten tiyang kakung ingkang ngersakaken tumindak sembrana. Menika ndadosaken sedaya paraga Janggrung “digebyah uyah”, sedayanipun dipunanggep asor.

Perangan kawruh sanesipun inggih menika kawruh ngengingi kawontenan ing desa, mliginipun desa Kecik minangka papan wonten cerbung Janggrung. Kados ingkang dipunandharaken dening Parjimo dhateng Pak Padmo menika.

(44) “Kahanan desa iki kok pancet wae, pak. Sajake ora ana kaundhakane. Apa pancen wis ora ana grengsenge warga kanggo ngolah kegiatan?”

“Kapan sliramu teka?”

“Lagi mau bengi,”

“Durung ana sedina kok sliramu wis nduga, apa titikane Par?”

“Kahanan dalan panggah padha. Malah pager-pager omah pekarangan sajak wis padha ora kopen. Suket-suket kiwa tengen dalan padha njembrung. Lan maneh iki lho pak, galengan uwangan lan panggarape sawah pacet wae. Apa kahanan ngene iki yen musim ketiga apa ya padha panen?” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 5)

Pethikan ing inggil nedahaken wujud kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan, wonten ngriki kawontenan ing desanipun Parjimo. Parjimo

ingkang sampun kalih taun boten wonten ing desa amargi tindak dhateng kutha ngandharaken menawi kahanan ing desanipun menika boten kathah kaundhakanipun. Kahananipun margi samenika panggah sami kaliyan kahanan rikala rumiyin, pager-pager griya sampun boten kopen. Suket-suket sakiwa tengenipun margi sampun sami panjang. Menapa malih galengan uwangan saha panggarapipun sawah sami rusak. Menika nedahaken bilih paraga Parjimo gadhah kawruh ngengingi kawontenan ing desanipun, amargi piyambakipun mangertos kahanan desa saderengipun tindak dateng kutha.

(74) “Saben lelakon kuwi ora ana sing bisa nyelaki wektu Nyi. Nadyan wis ora payu njanggrung, nyatane dheweke padha puguh ngantebi kasetyane kanggo ngupaya boga njajah desa milang kori. Ora mung golek rejeki wae pawadane, nanging uga kepingin ngelingake warga desa, manawa seni Cokek lan Janggrung iku butuh kawigaten kang sanyatane.”

Nyi Prenes mesem. Ironing ati ngalembana marang Pengkuh sing duwe wawasan jembar. (Sugiyanto, 2005: 46 seri 10)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis ingkang wujudipun kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan. Pacelathon ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pengkuh kaliyan Nyi Prenes. Pengkuh ngandharaken kawontenanipun para paraga Cokek ingkang nembe dipuntanggap dening Nyi Prenes. Para paraga Cokek kalawau pranyata tilas paraga Janggrung. Nanging paraga Cokek menika boten mandheg anggenipun ngupaya pados rejeki, sinaosa sampun boten payu anggenipun makarya Janggrung. Janggrung ingkang sampun dipunanggep asor satemah boten kathah tiyang ingkang remen. Nalika seni Cokek

dipunraos langkung saged ngasilaken arta, para paraga Cokek kalawau sami puguh ngantepi kasetyanipun kangge ngupaya njajah desa milang kori. Boten namung pados rejeki kemawon pawadanipun, nanging ugi kangge ngemutaken warga desa bilih seni Cokek saha Janggrung sajatosipun mbetahaken kawigatosan saking masyarakat ingkang saestu. Andharan menika nedahaken bilih Pengkuh gadhah kawruh ngengingi kawontenanipun para paraga Cokek samenika.

Salajengipun perangan kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis ingkang wujudipun kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan, saged dipunpanggihaken wonten pethikan menika.

(93) “Bapak kuwi pikirane ngeres. Sapa ngerti suk mben Janggrung isa anja ing donyane kabudayan.”

“Anja mbelgedhes, saiki ora ana sing ketarik karo Janggrung. Kesenian kuwi kuna.”

“Ning wolak-walike jaman ora kena digerba lho pak. Nyatane saiki barang antik ya dadi inceran,” panangkise Ning Manis. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 15)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Ning Manis kaliyan tiyang sepuhipun, Pak Dul Bandhu. Wonten pethikan menika Pak Dul Bandhu ngendika bilih samenika sampun boten wonten ingkang remen kaliyan seni Janggrung amargi kesenian menika kina. Nanging wonten pethikan menika, Ning Manis ugi gadhah kawruh ngengingi kawontenan jaman, bilih wolak waliking jaman boten saged dipungerba, tuladhanipun wonten jaman samenika pirantos utawi barang ingkang antik dados inceran, dipunpadosi dening kathah tiyang. Makaten ugi kaliyan kawontenan seni Janggrung, sinaosa dipunanggep asor dening masyarakat, saged ugi ngrembaka saha dados seni ingkang kebak

kawibawan ing jaman salajengipun menawi paraganipun tansah njagi ajining dhiri saha kawibawan. Prekawis menika nedahaken kawruh ingkang dipunmangertos dening Ning Manis ngengingi kawontenan seni Janggrung ing tembe.

(2) Nganalisis Satunggaling Prekawis

Tiyang gesang menika sajatosipun gadhah kaluwihan akal pikiran menawi dipuntandhingaken kaliyan makhluk sanesipun. Akal pikiran menika ingkang ndadosaken tiyang gesang ngginakaken kawruh ingkang dipungadhahi kangge nganalisis saperangan prekawis wonten gesang menika.

(81) Nyi Prenes meneng, sajak lagi ngundha pangudarasa. Tembunge Welas dirasa ana benere. Menawa anggone ambyur ing donyane Janggrung wis kejeran nerak angger-angger kasusilan. Mesthine tumindak kaya ngono kuwi ora perlu dilakoni. Janggrung bisa wibawa waton sing dadi ledhek ora lelemeran, tansah kebak rasa kurmat, ngregem rega lan ajining dhiri. Nanging kabeh wis kedlarung. Ndongya wis padha nyekseni yen saiki akeh sing padha nganggep asor saben krungu tembung Janggrung. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 12)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis ingkang wujudipun nganalisis satunggaling prekawis. Nyi Prenes menggalih, bilih anggenipun ambyur wonten jagading Janggrung sampun nerak angger-angger kasusilan. Kedahipun tumindak sembrana boten prelu dipuntindakaken, menapa malih wonten jagading Janggrung minangka seni ingkang endah saha adiluhung. Dados tledhek Janggrung sampun samesthinipun njagi unggah ungguh, boten lelemeran, tansah ngregem rega saha ajining dhiri, supados seni Janggrung menika piyambak gadhah kawibawan wonten madyaning masyarakat. Nanging miturut Nyi Prenes sedaya menika sampun kedlarung. Samenika sampun kathah tiyang ingkang nganggep asor seni

Janggrung. Prekawis menika nedahaken akal pikiran ingkang dipungadhahi Nyi Prenes, saha dipunginakaken kangge nganalisis satunggaling prekawis.

(84) “Ning dheweke kurang ajar karo aku, kang.”

“Babagan panggautan sing mbok lakoni ta?”

Nyi Prenes unjal ambegan wae.

“Krenahe Kanthil kuwi bener, nyi. Dheweke emoh mbok peksa lelemeran kanthi paes Janggrung sing saya ora ngrembaka iki. Coba saiki gagasan lan nalaren kanthi jero, sapa wae sing ambyur ing donyane seni tanpa gondhelan kasusilan apa uriipe bakal tentrem. Dak kira ora. Wong urip kuwi dudu gambar dhuwit ajine, nanging kawibawan.” (Sugiyanto, 2005: 47 seri 12)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Kang Kemis kaliyan Nyi Prenes, saha nedahaken perangan kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis ingkang wujudipun nganalisis satunggaling prekawis. Wonten pethikan ing inggil, Kang Kemis gadhah analisa ngengingi tumindakipun Kanthil ingkang boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Nyi Prenes. Kanthil boten purun menawi nindakaken pakaryan Janggrung kanthi ngladheni sembranan sinten kemawon ingkang ngersakaken tombokan saha suwelan kemben. Saking prekawis menika, Kang Kemis gadhah analisa bilih tumindakipun Kanthil menika leres. Kanthil boten purun menawi dipunpeksa lelemeran kanthi paes Janggrung ingkang sansaya boten ngrembaka. Kang Kemis ugi gadhah pamanggih bilih menawi ambyur wonten jagading seni nanging boten dipundhasari kaliyan kasusilan, samangke gesangipun boten badhe tentrem, amargi tiyang gesang menika sanes bandha ajinipun, nanging kawibawan. Saking pamanggih Kang Kemis dhateng Nyi Prenes menika nedahaken bilih Kang Kemis gadhah akal pikiran ingkang dipunginakaken kangge nganalisa prekawisipun Nyi Prenes.

(3) Kawruh Ngengingi Kesenian Beksan ingkang Mumpuni

Gesang wonten jagading seni sampun samesthinipun mangertos samubarang ingkang gayut kaliyan seni menika. Makaten ugi paraga-paraga ingkang ambyur ing jagading seni Janggrung, samesthinipun mangertos menapa kemawon perangan, pirantos, saha kadospundi beksan Janggrung ing leres saha prayogi.

(95) “Piye nyi Prenes lan nyi Lindri kuwi, sajake kabotan pa yen digarap ngene iki?”

“Nggih radi bingung, pak. Murugke nggih mboten nate mambu sekolahan seni,” wangsulane nyi Lindri karo klecam klecem.

“Sing jenenge garapan ki ya ngene iki. Mengko waton sregep sinau lan kulina ya ora kangelan. **Pancen joged sing apik, mapan lan ngresepi kuwi kudu bisa ngenggoni telung perkara. Yaiku wiraga, wirama lan wirasa.**”

Kabeh padha njinggleng ngrungokke apa sing dingendikakake pak Lebda kuwi.

“Wiraga teges cekak aose wae sing magepokan karo obahe awak babagan joged, dene iramane gendhing lan sapanunggalane kuwi mlebu ing wirama mau. Yen wis jangkep loro njoged kuwi obahe kudu dirasakke, cocog ora karo gendhinge, nganti tekan polatane. Yen ing tari gagrak Surakarta, joget sing apik kuwi kudu ngugemi gondhelan waton sing diarani Hasta Sawanda. Hasta tegese wolu, sawanda mengku teges wateg, saka tembung wanda.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 16)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pak Lebda, Nyi Lindri saha Nyi Prenes, saha nedahaken perangan kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis ingkang wujudipun kawruh ngengingi kesenian beksan ingkang mumpuni. Pak Lebda minangka tilas Penilik Kebudayaan temtu wasis saha mangertos kawruh-kawruh bab seni. Pramila nalika kangungan gawe ngundhuh manten rayinipun, piyambakipun nanggap Janggrung. Janggrung

ingkang kebak kawibawan, boten wonten omben saha tombokan. Inggang dipunutus dados paraga inggih menika Nyi Prenes, Nyi Lindri, Welas, saha Kanthil. Pak Lebda minangka tiyang ingkang wasis wonten bab seni maringi andharan dhateng paraga Janggrung ngengingi perkara saha perangan menapa kemawon ingkang kedah dipungatosaken nalika mbeksa, saha kadospundi caranipun beksan ingkang sae. Menika nedahaken kawruh ngengingi kesenian Janggrung ingkang wonten ing satunggaling paraga, inggih menika Pak Lebda.

(114) “Ning garapan menika rak sampun kathah permakanipun saking pakem lan aslinipun Janggrung pak Lebda,” pak Kasi isih ketara kukuh saka kederenge.

“Pancen ingkang dipunwastani garap menika kedah wonten ewah-ewahan. Kompagipun beksan, polatan, cakrikipun beksan. Nadyan kanthi garapan ingkang kados mekaten, nanging mboten badhe linggar saking angger-angger seni rakyat. Janggrung jogetipun kedah katon temata lan guyup, milane sok katelah tayub. Cobi gendhing-gendhing ingkang dipun racik sampun mujudake gendhing-gendhing gagrag lawas, utawi kuna, ingkang raosipun sampun njangget dhateng manahipun warga desa. Othog Owog, Boyong Basuki, Godril, Orek-orek, menika rak sampun mratandhani cirikas gendhing-gendhing rakyat. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 24)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pak Kasi Kebudayaan kaliyan Pak Lebda, saha nedahaken perangan kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis ingkang wujudipun kawruh ngengingi kesenian beksan ingkang mumpuni. Pak Kasi Kebudayaan kaliyan Pak Lebda saweg ngrembag Janggrung kangge persiapan lomba tari rakyat tingkat Jawa Tengah. Salebeting pirembagan wonten pamanggih ingkang beda, Pak Kasi ngersakaken Janggrung ingkang dipunpentasaken kangge lomba samangke inggih Janggrung ingkang pakem, boten wonten ewah-ewahan, saha jumbuh kaliyan

Janggrung ingkang asli. Wondene Pak Lebda ngersakaken Janggrung ingkang garapan, tegesipun wonten ewah-ewahan, kompagipun beksan, polatan, saha cakrikipun beksan. Gendhingipun dipundamel gagrag lawas, ingkang raosipun sampun njangget dhateng manahipun warga desa. Pamanggih-pamanggih saking Pak Kasi saha Pak Lebda menika nedahaken bilih kekalihipun gadhah kawruh ngengingi kesenian Janggrung.

d. Wujud Basa ingkang dipunginakaken Salebeting Cerbung Janggrung

(1) Paribasan

Salebeting cerbung Janggrung menika kathah ukara ingkang ngginakaken paribasan kangge nggambaraken satunggaling prekawis. Paribasan inggih menika unen-unen ingkang tegesipun wantah utawi menapa wontenipun. Wosipun paribasan menika boten ngemu pepindhan.

(1) Ana unen-unen “**Cokek ketleyek, Janggrung ora duwe siung. Tayub ora oleh papan eyub.**” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun paribasan. *Cokek ketleyek, Janggrung ora duwe siung. Tayub ora oleh papan eyub* menika tegesipun seni cokek sampun kasoran, Janggrung boten gadhah kakuwatan, saha Tayub boten pikantuk kawigatosan saking masyarakat. Cokek, Janggrung saha Tayub menika jinising seni tradhisional Jawi ingkang adiluhung,

nanging wonten jaman samenika sampun dipunanggep asor saha kirang kawigatosan saking masyarakat.

Dipunsebut paribasan amargi ukara menika ngemu surasa ingkang menapa wontenipun. Tegesipun tembung aran ingkang dipunandharaken, dipunsebut kanthi cetha, boten dipunpindha. Wonten ngriki inggih tembung *cokek, janggrung*, saha *tayub*.

(4) Nyi Prenes, salah sijine ledhek janggrung ing desa Kecik sing isih setengah umur, **ora mupus mecaki lakune jaman**. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun paribasan. *Ora mupus mecaki lakune jaman* tegesipun boten pasrah wonten kahanan jaman samenika. Nyi Prenes minangka satunggaling ledhek Janggrung wonten cerbung *Janggrung*, boten pasrah kaliyan kawontenan bilih ing jaman samenika kesenian Janggrung sampun boten dipungandrungi dening masyarakat, kepara dipunanggep asor drajatipun. Piyambakipun panggah kukuh badhe nglajengaken pakaryanipun minangka ledhek Janggrung.

Ukara ingkang kacithak kandel ing inggil kalebet paribasan amargi ukara menika ngemu surasa ingkang menapa wontenipun, utawi wantah. Tegesipun tembung aran ingkang dipunandharaken, dipunsebut kanthi cetha, boten dipunpindha. Wonten ngriki inggih tembung *lakune jaman*.

(5) Pancen sing jeneng lakune urip kuwi sok owah gingsir. Ndhisik nalika janggrung tau dadi tontonan pethingan neng tengahe masyarakat,

prasasat sing jenenge ledhek tansah dadi **kembang pocapan** sing diaji-aji. Mbuh jogete, mbuh swarane, mbuh rupane, mbuh samubarange, waton ana Janggrung manggrung mesthi sing nonton tumpleg bleg nanti parak esuk. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun paribasan. *Kembang pocapan* tegesipun pangalembana tumrap samubarang ingkang prayogi. Paribasan menika nggambaraken kahananing ledhek Janggrung nalika seni menika taksih dados tontonan pethingan wonten madyaning masyarakat. Paraga Janggrung tansah pikantuk pangalembana, amargi saking beksanipun, swantenipun, pasuryanipun, saha samubarangipun ingkang endah.

Tembung *kembang pocapan* menika dipunsebut paribasan amargi tembung menika ngemu surasa ingkang menapa wontenipun, utawi wantah. Tegesipun tembung aran ingkang dipunandharaken, dipunsebut kanthi cetha, boten dipunpindha. Wonten ngriki inggih tembung *pocapan*.

(8) “Sliramu weruh anake nyi Rawit, **jaka kencure** pak Kemis kae?”

“Dhik Palguna sing dikarepake simbok?” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun paribasan. *Jaka kencur* tegesipun putra ingkang yuswanipun dereng dhiwasa, saha taksih dipunsebut *remaja*. Wonten pethikan ing inggil, paraga Welas saha Nyi Prenes saweg ngrembag satunggaling paraga sanesipun inggih menika Palguna, *jaka kencuripun* Pak Kemis. *Jaka kencur* wonten ngriki nggambaraken Palguna ingkang taksih dereng dhiwasa miturut yuswanipun, amargi piyambakipun taksih

kelas kalih SMP. *Jaka kencur* menika nedahaken paribasan amargi tembung *kencur* nggambaraken tembung *jaka* ingkang tegesipun tiyang kakung ingkang dereng dhiwasa miturut yuswanipun. Tembung *jaka* menika cetha, jumbuh kaliyan kahanan ingkang sajatosipun, saha boten dipunpindha.

(2) Bebasan

Kajawi paribasan, salebeting cerbung Janggrung ugi ngewrat bebasan. Bebasan menika dipunginakaken kangge nggambaraken samubarang ingkang wonten ing surasaning cerbung. Bebasan inggih menika unen-unen ingkang ngemu surasa pepindhan utawi boten ngemu surasa ingkang sajatosipun.

- (11) “Palguna duwe bakat. Lan awake dhewe iki urip ana jagate janggrung paribasane wis **mbalung sumsum**. Dheweke kuwi duwe turasing getih saka wong tuwane, masa mbakyu Rawit ora tanggap.”
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 1)

Pethikan ing inggil inggih menika pancelathon antawisipun Nyi Prenes kaliyan Nyi Rawit, saha nedahaken perangan basa ingkang wujudipun bebasan. Tembung *mbalung sumsum* menika tegesipun sampun rumaket ing jiwa, utawi manjiwa ngasarira. Nyi Prenes saged mbiji bakat saenipun Palguna amargi piyambakipun ambyur ing jagading Janggrung sampun mataun-taun, wiwit piyambakipun taksih nem. Dados seni Janggrung menika sampun mbalung sumsum utawi sampun rumaket ing jiwaniipun Nyi Prenes, lan samenika dados pakaryanipun piyambak. Tembung *mbalung sumsum* kalebet bebasan amargi

ngemu surasa pepindhan utawi teges ingkang boten sajatosipun. Tembung *balung sumsum* wonten mriki boten dipuntegesi perangan salebeting badan manungsa, nanging dipuntegesi sampun rumaket ing jiwa.

(65) Nyi Rawit wekasane mung nyarah marang Palguna. Paribasane **didhadhunga medhot, dipalangi mlumpat**. Wong nyatane dheweke sekolah bakal golek ragad dhewe.

Palguna pancen wis duwe pikiran sing memet anggone kepingin kuliah njupuk jurusan seni. Mboke sadurunge ya tidha-tidha, nanging bareng anake lanang kuwi nuduhake celengane neng bank atine ya krasa kabuka sing wekasane ya menahi panjurung. (Sugiyanto, 2005: 20 seri8)

Pethikan ing inggil ugi nedahaken perangan basa awujud bebasan, nyariyosaken bilih Palguna sampun mantep tekadipun badhe nglajengaken kuliah. Nyi Rawit minangka tiyang sepuhipun Palguna wekasanipun namung nyarah saha njurung gegayuhanipun Palguna menika, amargi tekadipun Palguna menika *didhadhunga medhot, dipalangi mlumpat*. Tembung *didhadhunga* tegesipun sinaosa ditaleni ngangge dhadhung, tembung *dipalangi* tegesipun dipunalangi. Nanging teges wonten ngriki sanes teges ingkang sajatosipun, teges wonten ngriki teges ingkang ngemu surasa pepindhan. Dados ukara *didhadhunga medhot, dipalangi mlumpat* menika kangge nggambaraken tekadipun Palguna ingkang boten saged dipun alangi malih. Ukara ingkang ngemu surasa pepindhan menika dipunsebut bebasan.

(3) Tetembungan Salebeting Kesenian Janggrung

Cerbung Janggrung sampun samesthinipun nyariyosaken prekawis seni Janggrung piyambak, satemah kathah tetembungan ingkang gayut kaliyan seni

Janggrung dipunginakaken salebeting cerbung. Ing ngandhap menika wonten saperangan pethikan cariyos ingkang nedahaken tetembungan ingkang mligi dipunginakaken salebeting kesenian Janggrung.

(14) “Nyi, mumpung durung kasep aku pengen golek panggautan sing kena dak jagakke nganti tuwa. Merga wis akeh conto, **tedhek** sing wis kisut kulite kegawa umur wis ora ana sing gelem nggape maneh.”
Nyi Prenes mleruk karo mencap-menceb ketara ayune merga pipine sing dheik ketara obah-obah. (Sugiyanto, 2005: 43 seri 1)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Nyi Rawit kaliyan Nyi Prenes, saha nedahaken perangan basa ingkang wujudipun tetembungan salebeting kesenian Janggrung. Tembung *tledhek* ing pethikan menika tegesipun tiyang estri ingkang pakaryanipun njoged. Tembung menika kalebet tetembungan ingkang adatipun dipunginakaken wonten seni Janggrung. Wonten pethikan ing inggil Nyi Rawit ngendika dhateng Nyi Prenes bilih piyambakipun badhe pados pakaryan sanesipun ingkang langkung saged nyekapi kabetahaning gesang. Nyi Rawit sampun boten kersa dados tledhek Janggrung amargi samenika Janggrung sampun boten pikantuk kawigatosan malih saking masyarakat.

(37) “Dinane kari sasi ngarep pendhak iki lho ndhuk Las. Tamune wong sugih-sugih, mesthi **tombokane** wis kena ditohke.”
“Wong sugih kuwi durung mesthi loma lho Lik. Srawunge malah mbebayani, dhuwit gedhe sok nggawa ati,” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 3)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Welas kaliyan Kancung Umuk. Kekalihipun ngrembag pentas Janggrung ingkang badhe dipunadani wonten dalemipun Pak Brayat ngiras pantes kawin emasipun. Welas

ingkang dipundhawuhi dados paraga Janggrung, satemah Kancung Umuk ingkang mangertos pawarta menika lajeng matur dhateng Welas bilih dhayohipun tiyang sugih satemah tombokanipun mesthi kathah. Tembung tombokan menika tembung ingkang mligi dipunginakaken wonten jagading seni Janggrung. Tembung tombokan tegesipun arta ingkang dipunparingaken dhateng tledhek wonten acara tayuban utawi Janggrungan.

(4) Basa Jawi Ragam Krama Inggil

Unggah ungguh menika sampun dados titikanipun tiyang Jawi. Makaten ugi unggah ungguh wonten perangan basa. Basa Jawi gadhah tingkatan-tingkatan gayut kaliyan panganggenipun inggih menika krama, madya, saha ngoko. Panganggening tingkatan basa Jawi menika wigati sanget minangka wujud unggah ungguh tiyang Jawi. Panganggening basa Jawi menika dipunjumbuhaken kaliyan kahanan saha kaliyan sinten pawicantenan dipuntindakaken.

Panganggening basa Jawi ragam krama wonten masyarakat Jawi adaitipun dipunginakaken minangka pakurmatan tumrap tiyang ingkang langkung sepuh, tiyang ingkang langkung minulya drajatipun, saged ugi tumrap tiyang ingkang dereng tepang kanthi raket. Tuladhanipun inggih kados ukara ing ngandhap menika.

(19) **“Mboten badhe ical saking manah kula pak,”** wangsulane

Palguna keprungu manteb. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Palguna dhateng Pak Joko. Ukara ingkang dipunginakaken Palguna menika kalebet basa Jawi ragam krama. Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun murid dhateng gurunipun, satemah kedah ngginakaken basa krama minangka wujud unggahungguh. Drajatipun mitra tutur inggih menika Pak Joko langkung inggil menawi dipuntandhingaken kaliyan penutur inggih menika Palguna, amargi Palguna menika murid, saha Pak Joko menika gurunipun. Menawi dipuntingali saking yuswanipun, Palguna ingkang langkung nem menawi dipuntandhingaken kaliyan Pak Joko.

(88) “Cethane aku kuwi arep ngundhuh manten, ning manten lawas. Nanging bakal daktanggapke Janggrung.”

“Janggrung?” Nyi Prenes mlongo setengah ora percaya.

“Bener, Janggrung. Mesthi sliramu kaget, merga wong duwe gawe saiki wis arang banget nanggap Janggrung, Janggrung saya kesisih kagawa ombyake jaman.”

“Nanging bapak menika priyagung luhur, mesthinipun tamunipun ugi priyagung-priyagung ingkang luhur, menapa janggrungan kula saged mranani. Menapa malih Kanthil dereng saged mesthekaken wangsulanipun pak,” Nyi Prenes krasa grogi. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 13)

Pethikan ing inggil ugi nedahaken perangan basa ingkang wujudipun basa Jawi ragam krama. Pacelathon menika inggih pacelathon antawisipun Pak Lebda kaliyan Nyi Prenes. Pak Lebda menika rumiyin ngasta wonten kantor Kebudayaan, badhe ndhawuhi Nyi Prenes, Welas, saha Kanthil supados dados paraga Janggrung wonten acara ngundhuh manten sedherekipun. Amargi saking perangan pakaryan saha drajat Pak Lebda menika langkung inggil tinimbang Nyi Prenes, satemah Nyi Prenes ngginakaken basa krama dhateng Pak Lebda, sinaosa

yuswanipun boten kalangkung tebih. Menika satunggaling unggah-ungguh ingkang wonten ing masyarakat Jawi.

(5) Basa Jawi Ragam Krama Madya

Tingkatan ingkang kaping kalih wonten basa Jawi inggih menika basa krama madya ingkang adatinipun dipunginakaken kangge tiyang ingkang dipunkurmati nanging drajatipun sami utawi boten langkung inggil saking panutur.

(112) **“Ah, iki mung coba-coba kok mbak, ngiras pantes ngleluri kabudayan Jawa. Yen mboten awak dhewe, mengke njur sinten sing gelem ngurip-urip seni Janggrung ngeten niki,”** wangsulane Palguna andhap asor.

“Aku yen dibutuhake mengko ya gelem kok urun-urun bau. Ngiras pantes golek pengalaman ana tengahe masyarakat.”

“Matur nuwun mbak Pras.” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 23)

Ukara ingkang kacithak kandel wonten pethikan ing inggil nedahaken perangan basa awujud basa krama madya. Basa madya menawi dipuntingali kados sami kaliyan basa krama inggil nanging ingkang dipundamel krama dipuntengenaken tembung aran saha tembung kriyanipun, wondene tembung pangarep saha tembung panggandhenipun boten dipundamel krama. Wonten pacelathon ing inggil, Palguna ngginakaken basa madya dhateng Prastiwi, amargi Prastiwi menika tiyang dipunkurmati dening Palguna, nanging drajatipun Prastiwi boten langkung inggil saking Palguna. Tembung-tembung ingkang dipunkramakaken inggih namung tembung aran saha tembung kriyanipun. Wontene tembung pangarep saha tembung panggandhengipun boten.

(6) Basa Jawi Ragam Ngoko

Tingkatan wonten basa Jawi ingkang langkung ngandhap inggih menika basa ngoko, ingkang adatipun dipunginakaken dening tiyang ingkang sampun tepung saha sami drajatipun, utawi boten langkung inggil saking penutur. Basa ngoko menika saged ugi dipunginakaken dening tiyang ingkang langkung sepuh dhateng tiyang nem, tuladhanipun tiyang sepuh dhateng putranipun.

(18) **“Jroning jiwamu ana bakat kependhem Pal. Dak jaluk aja nganti ilang sawuse lulus SMP mengko,”** ngendikane pak Joko.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pak Joko dhateng Palguna. Ukara ingkang dipunginakaken Pak Joko menika kalebet basa ngoko. Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun guru dhateng muridipun, satemah ngginakaken basa ngoko. Drajatipun mitra tutur inggih menika Palguna, boten langkung inggil saking penutur inggih menika Pak Joko, amargi Pak Joko menika guru, saha Palguna menika muridipun. Saking perangan yuswa ugi sampun samesthinipun Pak Joko ngginakaken basa ngoko dhateng Palguna.

(7) Basa Jawi Ragam Krama Dhusun

Basa Jawi krama ingkang dipunginakaken paraga kangge pawicantenan salebeting cerbung Janggrung kathah awujud basa krama dhusun. Titikanipun basa Jawi ragam krama dhusun menika basanipun boten baku, tegesipun boten

ngginakaken basa baku ingkang samesthinipun dipunginakaken wonten basa Jawi ragam krama inggil.

- (15) “Nyi Prenes, kula angsal welingan, **njenengan ken ndang** wangsul,” celathune Pawitri karo lungguh ing sisihe mboke.
(Sugiyanto, 2005: 43 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken pacelathon antawisipun Pawitri kaliyan Nyi Prenes, saha nedahaken perangan basa ingkang wujudipun basa Jawi ragam krama dhusun. Salebeting ukara ingkang dipunandharaken dening Pawitri wonten tembung-tembung ingkang nedahaken basa krama dhusun, inggih menika tembung *njenengan*, *ken*, saha *ndang*. Tembung *njenengan* gadhah basa baku *panjenengan* ingkang tegesipun sampeyan utawi kowe. Tembung *ken* gadhah basa baku *akén* atawi *akon* ingkang tegesipun kandha supaya tiyang sanes nindakaken (tumandang). Lajeng tembung *ndang* gadhah basa baku *andang* ingkang tegesipun enggal utawi tumuli. Tetembungan ingkang boten baku menika nedahaken basa Jawi ragam krama dhusun. Adatipun masyarakat sampun asring ngginakaken basa krama dhusun menika satemah ing gesang padintenan kathah ingkang ngginakaken basa menika.

- (20) “Mboten pak, kula sampun manteb kangge mecaki seni jiwa menika. Raosipun kok ndadosaken tentrem **teng** manah.”
Pak Joko mesem. Pundhake Palguna dipuk-puk. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Palguna kaliyan Pak Joko, ugi nedahaken perangan basa ingkang wujudipun basa Jawi ragam krama dhusun. Tembung-tembung krama dhusun menika kathahipun dipunpanggiaken wonten ukaranipun tiyang ingkang langkung nem dhateng tiyang ingkang langkung sepuh, amargi tiyang nem menika ngginakaken basa krama nanging ingkang boten baku. Salebeting ukara ingkang dipunandharaken dening Palguna wonten tembung ingkang nedahaken basa krama dhusun, inggih menika tembung *teng*. Tembung *teng* menika sajatosipun saking basa baku wonten ingkang tegesipun *ing* utawi ancer-ancer ingkang nedahaken dunung. Tembung ingkang boten baku menika nedahaken basa Jawi ragam krama dhusun.

(8) Basa Padesan

Salebeting basa Jawi wonten ugi basa padesan ingkang ngginakaken tetembungan ingkang kalebet kasar. Dipunsebut basa padesan amargi limrah dipunginakaken dening tiyang wonten desa. Basa padesan ingkang dipunpanggiaken wonten cerbung Janggrung inggih menika.

(40) “Satemene Kanthil ora melu TKW. Dheweke dak titipke adhiku neng Sala sing duwe sanggar tari. Malah iki wis lulus SMKI.”
 “Kula kok dereng **percados**, nalaripun kadospundi Kanthil ngantos ndherek adhikipun bapak. Mangka wonten seratan piyambakipun kesah tumut TKW wiwit kawan taun kepengker?”

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pak Lebda kaliyan Nyi Prenes. Paraga-paraga kasebut ngrembag prekawis Kanthil putranipun Nyi Prenes ingkang prasasat boten dados TKW, nanging dipuntitipaken rayinipun Pak Lebda ingkang gadhah sanggar beksan. Kanthil ugi

prasasat sampun lulus SMKI. Tembung ‘percados’ ingkang dipunandharaken dening Nyi Prenes menika kalebet basa padesan, amargi adatipun dipunginakaken dening tiyang wonten desa. Tembung ‘percaya’ taksih dipunanggep kasar dening masarakat desa, satemah ngginakaken tembung ‘percados’ kalawau ingkang dipunbiji langkung alus. Nanging menika lepat, amargi tembung ingkang leres inggih menika ‘pitados’.

(82) Nyi Prenes sedhele-sedhela mung unjal ambegan landhung. Sajrone ati uleng antarane gething lan bungah dadi siji. Ndhisik atine nyi Prenes pancen tatu, rumangsa diundhat dening anake wadon sing klebu gawan kuwi. Kanthil klebu prawan sing longgor awake, ayu rupane nanging katon singset. Dheweke ketara tregal-tregel yen lagi nyebalakake sampure. Nanging kipa-kipa yen sing tombok padha sembranan. Bola bali nyi Prenes nyoba ngrimuk atine supaya gelem **digendhak** wong lanang sing dhuwite kandel. Nanging Kanthil panggah puguh. Dheweke gelem Janggrung neng kalangan wae, ora bakal diterusake neng njaba, apa neng papan liya. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 12)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun basa padesan, amargi wonten tembung ingkang radi kasar menawi dipunpirengaken, inggih tembung *digendhak*. Nanging menawi wonten desa tembung menika sampun asring dipunginakaken saha sampun dipunanggep limrah, satemah tiyang ingkang mirengaken utawi mitra tutur boten ngraos duka. Tembung *digendhak wong lanang sing dhuwite kandel* menika tegesipun *dipunremeni dening tiyang kakung ingkang sugih*. Tembung menika sampun limrah dipunginakaken dening Nyi Prenes wonten desanipun, satemah dipunsebut basa padesan.

(9) Pepindhan

Salebeting cerbung Janggrung ugi dipunpanggihaken ukara ingkang ngemu pepindhan. Pepindhan inggih menika unen-unen ingkang ngemu teges emper-emperan. Padatan, pepindhan menika ngginakaken tembung *kaya*, *pindhha*, *lir*, *kadya*, *pendah*. Nanging, wonten ugi pepindhan ingkang boten ngginakaken tetembungan kalawau, amargi sampun member utawi dipunemperaken. Tuladhanipun pepindhan salebeting cerbung Janggrung inggih menika.

(26)Wengi kang sepi. Kabeh padha leyeh-leyeh sawuse kliwat jam wolu bengi. Palguna ora lali kaya padatan lungguh neng latar nggeseki rabab. Krasa senggreakan alus kebak irama sing mapan. **Swarane dumeling nyendhal ati**, krasa nganyut-anyut. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 2)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun pepindhan. Ukara *swarane dumeling nyendhal ati* tegesipun swarane nrenyuhake sanget. Menika nggambaraken swanten rebab ingkang dipuntabuh Palguna sinambi lenggah wonten latar griyanipun. Swara senggreakanipun alus kebak irama ingkang mapan, ndadosaken sinten kemawon ingkang mirengaken badhe ngraosaken trenyuh. Ukara *swarane dumeling nyendhal ati* dipunsebut pepindhan amargi ngemu titikanipun pepindhan, inggih menika wonten kahanan, tiyang, utawi pirantos ingkang dipunemperaken. Minangka pirantos ingkang dipunemperaken inggih menika *swarane*, wonten ngriki tegesipun swarane rebab. Minangka tembung ingkang ngemperaken inggih menika *dumeling nyendhal ati*, ingkang tegesipun nrenyuhaken sanget. Jinis pepindhan saking pethikan ing inggil inggih menika pepindhan ingkang boten ngginakaken tembung-tembung ingkang

ngemperaken kados kaya, pindha, lir, kadya, saha pendah. Pepindhan menika sampun memper utawi dipunemperaken. Tuladha salejengipun inggih menika.

(28) Awan kuwi krasa nantang. **Panase ngudubilah kaya kuwawa ngobong kulit bae.** (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)

Pethikan ukara ing inggil nedahaken wujud pepindhan. Ukara *panase ngudubilah kaya kuwawa ngobong kulit bae* tegesipun siang menika panas sanget. Tembung *panase ngudubilah* menika dipunsebut kahanan ingkang dipunemperaken. *Kaya kuwawa ngobong kulit* menika dipunsebut ukara ingkang ngemperaken, kanthi ngginakaken tembung *kaya*. Tegesipun inggih menika panas sanget.

(85) Nadyan wengi kuwi wis katon sepi kagawa mendhunge tansaya peteng, nyi Prenes durung bisa turu. Hawane krasa gerah kagawa pikirane sing uleg. Njegreg kethap-kethip ijen, kelingan Kanthil nalika isih umbelen. Ah, bocah kuwi menyang ngendi-endi tansah kemanthil, beteke ngrasakake nyi Prenes kadidene ibune sawutuhe. Antarane Welas lan Kanthil **pindha jambe sinigar ayune**. Umure sing kacek limang taun kuwi krasa kaya mbakyu adhi nunggal wadhah lan wijine. (Sugiyanto, 2005: 47 seri 12)

Ukara ingkang nedahaken pepindhan wonten pethikan ing inggil inggih menika *pindha jambe sinigar ayune*, tegesipun boten wonten bedane. Nyi Prenes menggalih prekawis putrinipun kekalih. Sinaosa Kanthil menika anak gawan, nanging sampun dipunanggep putranipun piyambak. Antawisipun Welas saha Kanthil *pindha jambe sinigar ayune*, tegesipun Welas saha Kanthil minangka

mbakyu saha rayinipun sami-sami ayu, boten wonten bedanipun. Ukara *antarane Welas lan Kanthil pindha jambe sinigar ayune* menika dipunsebut pepindhan amargi wonten tiyang saha samubarang ingkang dipunemperaken inggih menika ayune Welas saha Kanthil. Kajawi menika wonten ugi ukara ingkang ngemperaken inggih menika *pindha jambe sinigar*, ingkang tegesipun boten wonten bedanipun. Ukara menika ugi ngginakaken tembung *pindha* ingkang kedahipun wonten salebeting pepindhan.

(92) Mung kebeneran wae wengi kuwi Palguna mlebu warung lesehan. Kanthil **atine kaya entuk emas sagunung anakan**. Mitra kenthele tunggal desa sing tansah lelumban ing donyane Janggrung. Umure luwih tuwa rong taun. Nom-noman kuwi sajak seneng weruh Kanthil bakal bali neng desane. (Sugiyanto, 2005: 20 seri 14)

Ukara ingkang nedahaken wujudipun pepindhan wonten pethikan ing inggil inggih menika *Kanthil atine kaya entuk emas sagunung anakan*, tegesipun manahipun Kanthil bungah sanget. Kanthil saha Palguna boten sengaja kepanggih wonten warung lesehan, kekalihipun sampun dangu boten kepanggih. Satemah kangge nggambaraken raos bungah wonten manahipun Kanthil dipunginakaken pepindhan kalawau. Ukara *Kanthil atine kaya entuk emas sagunung anakan* dipunsebut pepindhan amargi wonten tiyang saha samubarang ingkang dipunpindha, inggih menika atinipun Kanthil. Lajeng wonten ukara ingkang ngemperaken inggih menika *kaya entuk emas sagunung anakan*. Ukara menika ugi ngginakaken tembung *kaya* ingkang kedahipun wonten salebeting pepindhan

(10) Keratabasa

Wujud perangan basa salajengipun inggih menika keratabasa. Keratabasa ugi dipunsebut jarwa dhosok. Keratabasa inggih menika negesi

suraosing tembung awewaton asal utawi mula-bukanipun, limrahipun kapidir saking wewancahanipun, kapendhet sunduk prayoginipun. Utawi saged dipunandharaken bilih keratabasa inggih menika katrangan menggahing tembung mawi dipunkinten-kinten tegesipun utawi miturut pamanggihipun tiyang ingkang ngandharaken. Keratabasa ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung inggih menika.

(31) “Piye ya Bu Sri. Rasane atiku kok kurang teteg ngadhepi kasetyane wong lanang. Aja-aja mung kepengin bleger we ora tekan njero ati,” wangsulane Nyi Prenes klewa-klewa.

“Jenenge wae **wong lanang, tembunge ala-ala menang**. Yen ana ngarepan mlithit matrem janji, ning yen mlangkah lawang sok seje kocape. Sajake ngedhug-dhuge dupeh amba jangkahe. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)

Pethikan ukara ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Bu Sri Gudheg kaliyan Nyi Prenes. Kekalihipun minangka randha saweg ngrembag prekawis tiyang kakung. Bu Sri ngandharaken menawi Pengkuh tilas wong mendem menika gadhah raos tresna dhateng Nyi Prenes, nanging Nyi Prenes taksih dereng teteg manahipun nampi tiyang kakung kangge dados garwanipun. Bu Sri Gudheg saged mangertos menapa ingkang dipunraosaken dening Nyi Prenes. Piyambakipun ngendika dhateng Nyi Prenes bilih wong *lanang* menika *tembunge ala-ala menang*. Tegesipun, menapa kemawon ingkang dipuntindakaken dening wong lanang menika sarwa leres. Kadhangkala mlithit matrem janji, nanging menawi jumangkah terkadhang beda kocapipun. Ukara wong lanang, tembunge ala-ala menang menika satunggaling wujud kerata basa,

amargi anggenipun negesi tembung menika waton, gumantung kaliyan pamanggihipun tiyang ingkang ngandharaken.

(11) Panyandra

Panyandra inggih menika unen-unen saemper pepindhan ingkang surasanipun mawi tetandingan sarta ngemu teges mirip utawi memper. Ingkang dipuncandra inggih prekawis ingkang sae saha mengku ngalem kaendahan, kados kahananing manungsa, kahananing sata kewan, kahananing tetuwuhan, saha kahananing alam. Panyandra ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung inggih menika.

(32) Nyi Prenes mesem ijen nuli mlebu omah. Ing atine wiwit krasa yen Pengkuh katon duwe ati marang dheweke. **Wong lanang pidegsa** sing gaweyane saiki dadi kuli panggul neng pasar kuwi saiki watake katon semeleh, tur ya ora sugih gunem. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun panyandra, inggih menika ukara *wong lanang pidegsa*. Tembung *pidegsa* inggih menika tembung kangge nyandra pawakanipun tiyang kakung, tegesipun pawakanipun gagah sanget. Wonten pethikan ing inggil Nyi Prenes saweg menggalih prekawis Pengkuh, tiyang kakung pidegsa ingkang katingal gadhah raos tresna dhateng piyambakipun. Ukara *wong lanang pidegsa* menika dipunginakaken kangge nggambaraken pawakanipun Pengkuh. Saged dipunsebut

panyandra amargi ukara kasebut ngemu teges memper saha ngalem kahananing manungsa.

(43) Welas meneng, praupane sedhela mbrabak, nuli ndhingkluk ora wani ngulati pak Dul Bandhu sing sajak kedhep tesmak anggone nyawang **perangan dhadhane kang nyengkir gadhing**. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 5)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun panyandra, inggih menika ukara *dhadhane kang nyengkir gadhing*. Tembung *nyengkir gadhing* inggih menika tembung kangge nyandra perangan dhadhanipun wanita satemah saemper kaliyan gadhing. Wonten pethikan ing inggil Welas radi wedi ngulati Pak Dul Bandhu ingkang mriksani perangan dhadhanipun kang nyengkir gadhing. Tegesipun perangan dhadhanipun Welas utawi endah saemper kaliyan gadhing.

(12) Macapat

Wujuding kasusastran Jawi wonten ingkang awujud gancaran (prosa), geguritan (puisi) saha wonten ugi ingkang awujud sekar. Wondene werninipun sekar inggih menika sekar ageng, sekar tengahan, lan sekar macapat. Saking tigang werni sekar kalawau ingkang badhe dipunrembag inggih menika sekar Macapat.

(33) **“Bapak Pocung dudu watu dudu gunung, satriya ing Plembang, dedegira ageng inggil, yen lumampah si Pocung**

lembehan grana. Ooongg bumi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon. Thok cek gendhang gong. Nong-nong-nong gong. Gik-gik-gik gong. Dlang dhondhang thung gong....” swarane Kencung Umuk ngglenggeng neng ngarep omahe Nyi Prenes pernah isih ana ndalan ngadhepake gapura mlebu. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)

Pethikan ing inggil inggih menika ukaranipun Kancung Umuk ingkang saweg nembang. Tembang ingkang dipunsekaraken inggih menika tembang Pocung. Saged dipunsebut tembang Pocung menika dipuntingali saking guru gatra, guru lagu saha guru wilanganipun. Tembang Pocung gadhah paugeran guru gatra: 4 tegesipun kadadosan saking sekawan gatra, guru wilangan saha guru lagu: 12u, 6a, 8i, 12a menika nedahaken cacahing wanda saben gatra saha guru lagu saben pungkasaning gatra. Paugeran menika jumbuh kaliyan tembang Pocung ingkang dipunsekaraken dening Kancung Umuk.

<i>Bapak Pocung dudu watu dudu gunung</i>	12u
<i>satriya ing Plembang</i>	6a
<i>dedegira ageng inggil</i>	8i
<i>yen lumampah si Pocung lembahan grana</i>	12a

Padatan, tembang Pocung gadhah samubarang ingkang dipunbatang supados saged mangertos menapa wosipun. Batangan wonten tembang Pocung ingkang dipunsekaraken dening Kancung Umuk inggih menika kewan gajah.

(47) “Hmm... apa ora kelingan unine tembang asmarandana kae,
gegaraning wong akrami, dudu bandha dudu rupa, amung ati
pawitane, luput pisan kena pisan, yen gampang luwih gampang yen

angel-angel kelangkung, tan kena tinambak arta,” (Sugiyanto, 2005: 20 seri 6)

Pethikan ing inggil menika ukaranipun Pak Kemis ingkang ngendika kaliyan Pengkuh. Pengkuh ingkang gadhah raos tresna dhateng Nyi Prenes dereng wantun menawi kedah ngandharaken menapa wosing manahipun dhateng Nyi Prenes. Piyambakipun ngraos dereng pantes amargi pakaryanipun namung kuli, wondene Nyi Prenes sampun tuwuh kaliyan arta gambar buta asiling njanggrung. Nanging Pak Kemis maringi piweling kanthi nyekaraken tembang asmaradhana. Saged dipunsebut tembang Asmaradhana menika dipuntingali saking guru gatra, guru lagu saha guru wilanganipun. Tembang Asmaradhana gadhah paugeran guru gatra: 7 tegesipun kadadosan saking pitung gatra, guru wilangan saha guru lagu 8i, 8a, 8é, 8a, 7a, 8u, 8a menika nedahaken cacahing wanda saben gatra saha guru lagu saben pungkasaning gatra. Paugeran menika jumbuh kaliyan cakepan tembang Asmaradhana ingkang dipunsekaraken dening Pak Kemis.

(13) Sesanti

Wujud perangan basa salajengipun ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung inggih menika sesanti. Sesanti utawi semboyan inggih menika ukara ingkang wosipun awujud pepuji utawi dedonga, tekad ingkang kuwat, pangangkah utawi pituduh kangge tuntunan gesang wonten bebrayan. Kadhangkala sesanti menika dipunpanggihaken ing paribasan, nanging boten mesthi sesanti awujud paribasan.

(38) “Janggrung kuwi wiwit jaman dhisik ya ngono kuwi Las, **dadi ledhek kudu gelem sembranan, ora gampang putung aten, ning ya ora gampang kecanthol tresna.**”

“Kuwi jarene sapa mbok?”

“Ya jarene wong-wong wiwit jaman ndhisik, simbok kuwi rak mung kari ngleluri jaman sing wis mlaku.”

“Simbok ngugemi **sesanti** kuwi?” (Sugiyanto, 2005: 19 seri 4)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Nyi Prenes kaliyan Welas, saha nedahaken perangan basa awujud sesanti. Nyi Prenes saha Welas ngrembag prekawis Janggrung wonten pundi pamanggih antawisipun Nyi Prenes saha Welas boten sami. nyi Prenes ngugemi ukara *dadi ledhek kudu gelem sembranan, ora gampang putung aten, ning ya ora gampang kecanthol tresna*. Ukara menika dipunsebut sesanti amargi sampun dados semboyan ingkang dipunugemi dening manungsa, sinaosa wosing sesanti menika boten prayogi. Nyi Prenes ngugemi sesanti menika namung ngleluri adatipun tiyang-tiyang sepuh wiwit jaman rumiyin.

(14) Parikan

Parikan inggih menika unen-unen ingkang dumados saking kalih ukara. Ukara ingkang sepisan ginanipun kangge narik kawigatosan, wondene ukara kaping kalih minangka wosipun. Parikan menika kadosdene pantun manawi wonten ing basa Indonesia. Ingkang baku, parikan ugi ngginakaken purwakanthi swara. Wujudipun parikan ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung inggih menika.

(54) “Ing wasana cekap semanten atur kula nglantaraken werdining sedya bapak Brayat sekaliyan. **Wadhuk Gajah mungkur Wonogiri, wonten kethithaling atur kula nyuwun pangaksami.** Billahitaufik

wal hidayah, wassalamualaikum warah matullahi wabarakatuh.”
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan wusananing sesorah menika kaandharaken dening Pak Teguh Winaryo minangka tetuwangganing pawiwahan ing dalemipun Pak Brayat. Pethikan menika ngemu parikan. Ukara *wadhuk Gajah mungkur Wonogiri* minangka ukara sepisan, ginanipun kangge narik kawigatosan. Wondene ukara *wonten kethithaling atur kula nyuwun pangaksami* menika wosing parikan utawi ancas ingkang badhe kaandharaken dening Pak Teguh Winaryo, inggih menika nyuwun pangaksami dhateng sedaya tamu. Parikan *wadhuk Gajah mungkur Wonogiri, wonten kethithaling atur kula nyuwun pangaksami* menika ugi ngginakaken purwakanthi swara, inggih menika unen-unen ingkang runtut vokalipun, menika jumbuh kaliyan paugeraning parikan.

(107) Sing laop-laop ana ndalan kuwi pancene Kancung Umuk, karo sedhela-sedhela ngglenggeng kendhangan lan senggakan Sinom Parijatha thung ndlang dhet, dhet dhet dah, thung dhet thung gong.
“Loro telu, papat lima enem, Janggrunge ayu-ayu sing nyawang padha marem. Yake eyo, e e yake eyo, ayo disengkuyung.”
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 20)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun parikan. Ukara ingkang dipunandharaken dening Kancung Umuk inggih menika *Loro telu, papat lima enem, Janggrunge ayu-ayu sing nyawang padha marem* kadadosan saking kalih ukara. Ukara sepisan *Loro telu, papat lima enem* dipunsebut sampiran utawi ukara ingkang ginanipun kangge narik kawigatosan. Ukara kaping kalih *Janggrunge ayu-ayu sing nyawang padha marem* dipunsebut

wosing parikan utawi ancas ingkang badhe kaandharaken dening Kancung Umuk, inggih menika paraga Janggrungipun sami ayu satemah ingkang nyawang dados marem. Parikan ing inggil ugi ngginakaken purwakanthi swara, inggih menika unen-unen ingkang runtut vokalipun, menika jumbuh kaliyan paugeraning parikan.

(15) Wangsalan

Perangan basa salajengipun inggih menika wangsalan. Pangertosan wangsalan piyambak inggih menika unen-unen saemper cangkriman nanging dipunbatang piyambak. Ukaranipun boten sami persis nanging memper kemawon.

(83) “**Njanur gunung** kang Kemis sekalihan. Sajak ana wigati sing ngangseg?” pitakone nyi Prenes karo nyithe roko sing kari uthisan.

“Arep mertakke jare Kanthil arep bali, nyi?” (Sugiyanto, 2005: 20 seri12)

Tembung *njanur gunung* wonten pethikan ing inggil nedahaken perangan basa ingkang wujudipun wangsalan. Pethikan menika inggih pacelathon antawisipun Nyi Prenes kaliyan Pak Kemis. Nyi Prenes ngandharaken pitakon dhateng Pak Kemis saha Nyi Rawit *njanur gunung* kekalihipun mara wonten dalemipun. Tembung *njanur gunung* menika tegesipun kadingaren, menawi dipunbatang menika dados aren, saking tembung kadingaren. Wangsalan wonten pethikan ing inggil kalebet wangsalan lamba, amargi namung ngemu setunggal batangan, inggih menika aren.

e. Kesenian ingkang Adiluhung

(1) Paraga wonten Kesenian Janggrung ingkang Mumpuni

Masyarakat Jawi mangertos maneka warni kesenian, mliginipun kesenian tradhisional. Satunggaling kesenian tradhisional inggih menika kesenian Janggrung. Janggrung inggih menika kesenian tradhisional Jawi saemper tayub ingkang ngrembaka ing tlatah Wonogiri, tledhekipun barangan, saha tiyang ingkang mbayar samangke saged njoged kaliyan paraga Janggrungipun.

(10) Weruh keprigelane **Palguna mungguh kalangan** kuwi nyi Prenes dadi kepranan. Ora ngira babar pisan bocah sing lagi kelas loro SMP wis baut nyebalke sampur ora geseh karo wiramane gendhing. Dheweke kepingin ngejak samangsa ana tanggapan Janggrung, piride kena nggo gawe gawoke penonton. Mensthi wae nyi Prenes wis nyisihake opah kanggo anake nyi Rawit kuwi. (Sugiyanto, 2005: 20 seri1)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian ingkang wujudipun paraga wonten kesenian Janggrung. Saged dipunmangertos bilih Palguna ingkang taksih kelas kalih SMP sampun wasis dados paraga Janggrung, nyebalakaken sampur boten geseh kaliyan wiramaning gendhing. Nyi Prenes minangka tledhek Janggrung ugi kepranan kaliyan kaprigelanipun Palguna menika.

(35) “Wonten napa Pak, sajakipun ajeng janggrungan?”
 “Ho oh Cung, diutus pak Brayat. Pendhak iki, sasi ngarep arep nanggap Janggrung. Pak Brayat tau duwe omong, yen anggone omah-omah bisa menang taun emas **bakal nanggap Janggrung. Sing diantebi nyi Prenes lan gendhuk Welas.**”
 (Sugiyanto, 2005: 20 seri 3)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian ingkang wujudipun paraga wonten kesenian Janggrung. Ukara ingkang kacithak kandel menika nedahaken bilih Nyi Prenes saha Welas inggih menika paraga Janggrung utawi adatipun dipunsebut tledhek Janggrung. Nyi Prenes ingkang wiwit nem sampun nggepok kaliyan seni Janggrung temtu sampun kawentar namanipun minangka paraga Janggrung ing tlatah desa Kecik. Getih seni saking Nyi Prenes tumurun dhateng Welas ingkang boten kawon kaprigelanipun kaliyan Nyi Prenes, kepara langkung sae beksanipun. Dados paraga Janggrung kedah tansah njagi kasusilan, menapa malih ingkang badhe nanggap inggih menika tiyang ageng kados Pak Brayat, paraga Janggrung kedah saged mbeksan kanthi kebak subasita.

(53) “Mila ing kalodhangan punika minangka pambukane pasegahan badhe kasugata **beksan Janggrung kanthi tandhak utawi ledhek nyi Prenes, nyi Lindri, dalasan gendhuk Welas. Dene pelandang saha pelarihipun bagus Palguna kaliyan ki Padmo.**
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian ingkang wujudipun paraga wonten kesenian Janggrung. Pethikan ing inggil inggih menika sesorah saking Pak Teguh Winaryo minangka tetuwangganing pawiwahan. Piyambakipun ngandharaken wonten adicara pahargyan kawin emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono samangke badhe kasugata beksan Janggrung. Minangka paraga Janggrung utawi ledhekipun inggih menika Nyi Prenes, Nyi Lindri, saha Welas, wondene pelandang saha pelarihipun inggih menika Palguna kaliyan Pak Padmo. Pelandang inggih menika juru laden, wonten ngriki tiyang ingkang mbekta baki ingkang wosipun pirantos ingkang dipunbetahaken salebeting

pahargyan. Wondene pelarih inggih menika tiyang ingkang tinanggenah ngawasi saha tanggel jawab menawi wonten paraga pengibing ingkang tumindak nerak kasusilan.

(66) Sajake Remong Tambal mujudake tontonan sing banget digandrungi dening warga desa. Yen ing tlatah Jawa Tengah ya meh memper Janggrung cak cakane. Mung bedane yen Janggrung sing ana ndhuwur panggung kuwi jenenge ledhek, dene **Remong Tambal diparagani sawijine wanita kanthi dandanan lan joget Remong**. Ing pentas kuwi ya ana tombokan, kaya patrape tombokan neng tontonan Janggrung. Sing tombok nuli jejogetan anut iramane gendhing sing dipesen.

(Sugiyanto, 2005: 45 seri 8)

Pethikan ing inggil nedahaken bedanipun paraga salebeting kesenian Janggrung saha kesenian Remong Tambal. Kesenian Remong Tambal ingkang asalipun saking tlatah Blitar menika cak-cakanipun memper kaliyan seni Janggrung. Wonten pentas Remong Tambal ugi wonten tombokan, kados patrapipun tombokan wonten tontonan Janggrung. Bedanipun menawi seni Janggrung paraga ingkang wonten inggil panggung namanipun ledhek, nanging menawi Remong Tambal dipunparagani dening satunggaling wanita kanthi dandanan saha beksan Remong. Menika nedahaken nama-nama paraga beksan salebeting seni Janggrung utawi seni sanesipun kalebet seni Remong Tambal.

(98) Sadurunge adicara tanggap wacana silaturrahmine wong bebesanan, para tamu sinugata ing seni Janggrung sing **diwiwiti kanthi gumyake Gambyong Pangkur dening Welas lan Kanthil**. Sing nonton padha gawok weruh **paraga ayu-ayu sing wasis ulah beksa kuwi**.

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 17)

Pethikan ing inggil nedahaken bilih Welas saha Kanthil dados paraga Janggrung wonten acara pawiwahan ngundhuh manten ingkang dipunadani wonten dalemipun Pak Lebda. Kekalihipun mbeksa Gambyong Pangkur kangge miwiti pentas Janggrung. Ingkang mriksani pentas Janggrung menika sami kepranan amargi ledhekipun pranyata ayu-ayu saha linuwih anggenipun mbeksa. Minangka ledhek, sampun samesthinipun nyuguhaken tontonan ingkang ngremenaken ing pandulu. Saking unggah ungguh, dandanipun, busana, dumugi beksanipun.

(2) Kaprigelan Seni ingkang Mumpuni

Gayut kaliyan kesenian ingkang ngrembaka ing tlatah Jawi, sampun samesthinipun kathah ugi kaprigelan wonten babagan seni ingkang dipungadhahi dening para paraga seni. Mliginipun wonten seni Janggrung, paraganipun sampun mesthi prigel wonten prekawis beksan saha gendhingipun.

(17) Nadyan wong tuwane wis ngoncadi pakaryan njanggrung sing wis tau dipecaki, nanging **kasunyatane getih seni sing nuruni marang Palguna kuwi ora bisa diselaki. Nyatane jaka kencur kuwi wiwit SMP wis pinter njoget lan karawitan.** Guru-gurune wae padha ngungun marang kaprigelane Palguna. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)

Ukara ingkang kacithak kandel menika nedahaken kaprigelan seni ingkang dipungadhahi dening satunggaling paraga inggih menika Palguna. Wiwit SMP Palguna sampun wasis bab beksan saha karawitan. Sinaosa tiyang sepuhipun sampun ngoncadi pakaryan njanggrung ingkang nate dipuntindakaken, nanging kasunyatanipun getih seni ingkang tumurun dhateng Palguna boten saged

dipunselaki. Kaprigelan menika kedahipun dipungladhi kanthi saestu supados saged ngrembaka saha nglestantunaken kabudayan Jawi.

(3) Gladhen Beksan saha karawitan ingkang ngremenaken salebeting cerbung Janggrung

Beksan saha karawitan inggih menika kalih perangan ingkang boten saged dipunpisah salebeting kesenian Janggrung. Kangge nampilaken pentas Janggrung ingkang sae, temtu mbetahaken gladhen ingkang tumata. Samenika sampun kathah sanggar-sanggar tari ingkang ancasipun nggladhi anggotanipun supados wasis anggenipun mbeksa. Makaten ugi kaliyan sanggar karawitan ingkang ancasipun nggladhi anggota supados wasis anggenipun nabuh gendhing. Wujud gladhen beksan saha karawitan ingkang dipunpanggihaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika.

(24) **Nalika semana ing daleme didegake sanggar tari**, ning sing padha latihan mung arang kadhing, wekasane saiki mung kari jeneng wae. Ewasemana kanggone wong kepengin golek beksa kanggo wong duwe gawe isih padha njujug ing daleme pak Padmo.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian ingkang wujudipun gladhen beksan, saged dipuntingali wonten pethikan bilih Pak Padmo ingkang ngawontenaken sanggar beksan wonten desa Kecik. Nanging ingkang gladhen beksan wonten sanggaripun Pak Padmo menika boten kathah, namung kadhangkala kemawon. Wekasanipun sanggaripun Pak Padmo samenika namung jeneng kemawon. Prekawis menika nedahaken upaya kangge nggladhi beksan

dening Pak Padmo kanthi ngawontenaken sanggar beksan. Nanging ingkang dados prekawis, anggota ingkang gladhen namung sekedhik, satemah wekasanipun sanggar menika boten mlampah malih.

(42) **“Lha sing arep ngrebab sapa, Dhik Sek?”**

“Nggih Pak Bambang mawon.”

Bu Kades kuwi meneng sedhela nuli manggut-manggut sajak setuju.

“Piye dhik Pal, apa sliramu kabotan?”

“Menawi makaten saged, kula namung ndherek.”

“Ya wis yen ngono, saiki wis klir. Kari ngenteni **suk Setu mbutuhake latihan. Merga Janggrunge iki mung Janggrung netepi srana wae. Dadi kudu dilatih luwih dhisik.** Sokur ibu-ibu PKK mengko ora kabotan,” ngendikane bu Yustinah.

“Menika langkung sae bu, sokur mboten namung sepindhah latihanipun. Mergi menawi kirang sae rak nggih saget ngasoraken paguyuban menika.”

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 5)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian ingkang wujudipun gladhen karawitan kangge pentas Janggrung wonten dalemipun Pak Brayat, saged dipuntingali bilih Bu Yustinah minangka Bu Kades ingkang mandegani gladhen karawitan kasebut. Piyambakipun tindak dhateng griyanipun Palguna kangge ngrembag tabuhan gamelanipun. Karawitan Sekar Sari minangka grup karawitan ingkang sampun kawentar ing tlatah Ngadirojo ingkang badhe nabuh gamelan, nanging ugi mbetahaken pambiyantu saking Palguna kangge nguataken ricikan alus. Titikanipun gladhen karawitan wonten pethikan ing inggil inggih menika ukaranipun Bu Yustinah ingkang nyebutaken sinten ingkang badhe ngrebab samangke, sedaya mangertos bilih rebab menika satunggaling perangan gamelan utawi seni karawitan.

Tuladha salajengipun ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung ngengingi gladhen tari saha karawitan inggih menika nalika badhe dipunwontenaken lomba tari rakyat tingkat Jawi Tengah. Pethikan ingkang nedahaken prekawis kalawau inggih menika.

(116) Latihane saya grengseng nalika wektune kurang sepuluh dina. Rampake garapan tari lan gendhing wis katon gemana. Rampak lan rempege tabuhan wis kena ditablangake, nadyan isih perlu banget gregete latihan. Prastiwi lan Palguna ora bosen-bosen tansah menehi peningkatan-peningkatan kanggo nguripake pacake lan pancande joget. Dene pak Bambang lan pak Lebda ya tansah ngikrikake irama tabuhan, klebu rasane tabuhan supaya luwih nges. Andhile mas Parwono nyata gedhe paedahe babagan garapan gendhing kuwi. Saben kelompok tabuhan tansah diolah mateng saengga luwih mapan lan resik saka ngeng-ngeng lan rasa sing kurang pas.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 25)

Pethikan ing inggil nyariyosaken bilih proses gladhen beksan saha gendhing kangge nyamaptakaken lomba tari rakyat tingkat Jawi Tengah. Janggrung minangka tari rakyat ingkang dipunpilih kangge lomba tari samangke inggih beksan Janggrung ingkang garapan, tegesipun wonten perangan ingkang dipunewahi, nanging boten ngewahi pakem saha paugeran beksan Janggrung menika piyambak. Nalika wekdal gladhen namung kirang sedasa dinten saderengipun lomba dipuntindakaken, gladhen sansaya grengseng. Rampakipun beksan saha gendhing sampun katingal sae, sinaosa taksih mbetahaken greget anggenipun gladhen. Sedayanipun tansah gotong royong sesarengan anggenipun nggladhi para anggota ingkang samangke ndherek nyengkuyung lomba kasebut. Prastiwi, Palguna, Pak Bambang, saha Pak Lebda tansah maringi peningkatan

tumrap rampaking beksan saha gendhing. Menapa malih wontenipun Mas Pranowo pranyata ageng paedahipun kangge majuning gladhen gendhing.

(4) Sinten kemawon ingkang ningali pentas Janggrung

Janggrung minangka sarana pertunjukan temtu ngewrat kathah perangan, kalebet tiyang ingkang ningali pentas Janggrung. Tiyang ingkang ningali pentas Janggrung menika gumantung kaliyan sinten ingkang ngawontenaken utawi nanggap Janggrung. Menawi ingkang nanggap Janggrung menika tiyang ageng ingkang gadhah drajat inggil, temtu tiyang ingkang ningali pentas Janggrung saking kalangan tiyang ageng. Nanging saged ugi tanggapan Janggrung dening tiyang ageng menika ingkang ningali masyarakat padatan, menawi pentas kasebut dipunadani kangge nglipur masyarakat. Lajeng menawi Janggrung dipunpentasaken wonten acara rasulan utawi bersih desa, temtu tiyang ingkang ningali inggih menika masyarakat menika piyambak. Tiyang ingkang ningali Janggrung ingkang dipunpanggihaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika.

(36) Kaur desa kuwi meneng. Ing batin mbenerke omongane Kancung Umuk. Yen sing nanggap tontonan wong sugih tamune lan undangane ya wong sugih-sugih. **Yen sing duwe gawe wong gedhe lan pangkat, undangane lan tamune ya wong gedhe-gedhe. Wong cilik-cilik ora wani mara, merga ora duwe jas sing mlithit setrikane lan kempling sepatune.**

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 3)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian mliginipun prekawis sinten kemawon ingkang ningali pentas Janggrung. Pak Tarjo minangka kaur desa ingkang saweg wawan ginem kaliyan Kancung Umuk, ngleresaken ukaranipun

Kancung Umuk. Kancung Umuk matur menawi ingkang nanggap Janggrung tiyang ageng saha gadhah pangkat kados Pak Brayat, pramila undangan saha dhayohipun temtu tiyang ageng ugi. Prekawis menika jumbuh kaliyan andharan ing inggil bilih tiyang ingkang ningali pentas Janggrung menika gumantung kaliyan sinten ingkang nanggap Janggrung, saha kangge ancas menapa Janggrung dipunpentasaken. Wonten pethikan antawisipun Pak Tarjo kaliyan Kancung Umuk, ingkang nanggap Janggrung inggih menika Pak Brayat minangka tiyang ageng saha inggil drajadipun. Piyambakipun nanggap Janggrung kangge ngiras pantes kawin emasipun. Satemah ingkang dipunundang minangka tamu inggih menika tiyang saking kalangan ageng ugi.

(50) Gendhing Roning Tawang laras pelog wis paripurna. Jam wolu kurang sepuluh menit Pak Mulyono nyuwun pirsane menyang **pak Widura sing dadi paniti priksa tamu sing rawuh wis jumbuh karo undangan apa ora. Nyatane wis ora ana sing kecikir. Prasasat undangan patang atus wis komplit**, saengga acara bakal kawiwitan. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil ugi nyariyosaken tamu ingkang badhe rawuh saha mriksani pentas seni wonten acara ngiras pantes kawin emasipun Pak Brayat. Saderengipun acara kawiwitan, tiyang minangka paniti priksa inggih menika Pak Widura kedah mriksa tamu ingkang rawuh sampun jumbuh kaliyan undangan menapa dereng. Menawi sedaya tamu sampun jangkep, pramila acara badhe kawiwitan. Menika dipuntindakaken amargi tamu ingkang rawuh saking kalangan tiyang ageng, satemah kedah sampurna anggenipun niti priksa para tamu supados sedayanipun saged mriksani pentas seni kanthi manah ingkang remen.

(56) **Tamu-tamu lanang pandulune tumuju gendhuk Welas sing nyata ayu merak ati.** Ora kalah nyi Lindri lan nyi Prenes katon mbombrong gawe gawe gregeten sing nyawang nadyan umure wis setengah tuwa. **Beda maneh karo tamu-tamu putri, sajake padha kepranan marang Palguna sing nyata bagus lan isih enom pisan.** Prasasat padha ngalembana ing batin utawa karo klesak-klesik kepengin ngerti sapa satemene Palguna iku.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian prekawis tiyang ingkang ningali pentas Janggrung. Tamu-tamu ingkang sampun rawuh wonten acara pahargyanipun Pak Brayat saha Pak Mulyono sami kepranan kaliyan para paraga Janggrung, inggih menika Welas, Nyi Lindri, Nyi Prenes saha Palguna. Para tamu kakung pandulunipun tumuju Welas minangka ledhek Janggrung ingkang ayu merak ati, wondene tamu putri sami kepranan dhateng Palguna ingkang pranyata taksih nem sanget. Menika ndadosaken para tamu sami remen kaliyan acara ingkang dipunadani dening Pak Brayat menika.

Salajengipun pentas Janggrung ingkang dipunadani kangge mengeti HUT RI ugi kathah tamu-tamu ingkang rawuh, kados wonten pethikan ing ngandhap menika.

(111) Ora baen-baen, sing rawuh ing pentas Janggrung kuwi ana **pak Camat, saka Kantor Kebudayaan Kabupaten, lan isih ana sing rawuh saka dinas Pariwisata barang.**
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 23)

Pethikan ing inggil nedahaken saperangan tamu ingkang rawuh wonten pentas Janggrung, inggih menika Pak Camat, tamu saking Kantor Kebudayaan Kabupaten, saha taksih wonten ingkang rawuh saking dinas Pariwisata. Menika

nedahaken bilih Janggrung taksih pikantuk kawigatosan saking masyarakat saha perangkat pemerintah, menawi Janggrung dipungarap alusan nanging taksih ngenut paugeran ingkang dados titikanipun Janggrung.

(5) Janggrung Sarana Pertunjukan ing Acara Tartamtu

Seni Janggrung menika gadhah maneka warni kaginaan wonten adicara-adicara tartamtu. Janggrung minangka beksan *pergaulan* adatipun dipunpentasaken kangge nyambut tamu undangan ingkang kinurmatan. Samangke tiyang ingkang ngersakaken beksan sesarengan kaliyan ledhek Janggrung kedah mbayar utawi maringi ‘sawer’ dhateng ledhek kasebut. Nanging wonten ugi Janggrung minangka sarana pementasan wonten acara bersih desa saha rasulan. Wonten acara kasebut adatipun ugi kathah tiyang ingkang nyawer ledhek Janggrung. Ing ngandhap menika tuladha Janggrung minangka sarana pertunjukan wonten acara tartamtu, ingkang dipunpanggiaken salebeting cerbung Janggrung.

(41) “Acarane iki ulang taun kawin emase pak Brayat, lan mesisan nggawe tanggap warsa kawin perak pak Mulyono putrane sing tuwa dhewe. Ngiras pantes panjenengane kuwi kepingin nuduhake marang tamune, babagan kesenian Jawa sing butuh tangan-tangan kanggo nglestarekake. Nyatane tontonan sing ditanggap kabeh dumadi saka kabudayan jawa. Wiwit Klenengan, Fragmen Wayang Wong lan Janggrunge awake dhewe iki mengko. Apa ora jeneng hebat. Mosok awake dhewe wis ana sing nggatekake malah saiki arep mlayu ngedohi, rak jeneng ora sumbut ta?”
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 4)

Pethikan ing inggil inggih menika perangan kesenian ingkang nedahaken seni Janggrung minangka sarana pertunjukan wonten acara ngiras pantes kawin emasipun Pak Brayat, saha kawin perak pitranipun ingkang ageng

piyambak, Pak Mulyono. Menika nedahaken taksih wonten tiyang gadhah pangkat kersa nanggap seni Janggrung kangge tontonan dhayoh ingkang rawuh. Kados ingkang sampun dipunandharaken ing inggil bilih menawi paraga Janggrung utawi ledhekipun sampun mbeksa, samangke dhayoh ingkang ngersakaken mbeksa sesarengan kaliyan tledhek kedah mbayar mutawi maringi saweran. Nanging sedayanipun kedah njagi unggah ungguh supados saged dipuntingali Janggrung ingkang endah saha adiluhung.

(96) **Pawiwahan ngundhuh manten neng daleme pak Lebda sida nanggap Janggrung tenan.** Janggrung sing wis digarap kanthi wektu setengah jam wae. Mergane mengko bakal diterusake pakeliran padhet kanthi lakon Wahyu Makutha Rama.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 17)

Pethikan ing inggil nedahaken bilih seni Janggrung menika sarana pertunjukan wonten kathah acara. Kados wonten pawiwahan ngundhuh manten ingkang dipunadani wonten dalemipun Pak Lebda. Wonten acara menika, Janggrung ingkang dipunpentasaken sengaja dipungarap kanthi wektu setengah jam kemawon. Wonten ngriki boten wonten tombokan kanthi ancas nyigeg wekdal amargi taksih kathah acara-acara salajengipun. Menika nedahaken bilih seni Janggrung ugi saged dados tontonan ingkang sae saha kebak kawibawan menawi dipunpentasaken wonten acara pawiwahan.

Kajawi sarana pertunjukan wonten acara pawiwahan, seni Janggrung ugi asring dipunpentasaken wonten acara resik desa utawi rasulan. Tuladha ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung inggih menika. Resik desa

utawi rasulan inggih menika satunggaling upacara adat Jawi ingkang dipunadani sabibaripun panen, saha ancasipun kangge ngonjukaken agunging panuwun dhateng Gusti tumrap asiling panen pantun ingkang sae.

(99) Pak Lebda anggone kepingin nguripake Janggrung ora mung cukup semono wae. **Nalika ana acara rasulan utawa resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar maneh.** Kanthil lan Welas sing kadhapuk dadi paraga Janggrung, digarap joget alusan. Lan sajake ya wis mranani tenan, nalika ana tombokan ya mung digawe alusan lan winates paraga-paraga sing dikeparengke. Sing dadi pelandang cukup Palguna.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 18)

Pethikan ing inggil nyariyosaken bilih upayanipun Pak Lebda kangge nglestantunaken seni Janggrung boten mandheg namung kangge sarana pawiwahan ngundhuh manten kemawon. Nanging nalika wonten acara rasulan saha resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar malih. Kanthil saha Welas ingkang dados paraganipun ugi katingal sampun mranani saestu. Menika nedahaken bilih seni Janggrung saged dipunpentasaken wonten saperangan acara kalebet resik desa utawi rasulan. Sajatosipun pentas Janggrung wonten acara resuk desa menika kangge nglipur manahipun para kadang tani amargi sayah nindakaken panen.

(109) **Kepyakan pentas Janggrung sing sepisan wis diangkah wulan Agustus, ngiras pantes karo mengeti HUT RI** sing wis dadi bombong lan mongkoge warga Indonesia, dene negarane wis duwe dina kamardikan, sawuse sadurunge wus dilabuhi kanthi korban jiwa raga dening para pejuang anggone ndhepani bumi pertiwi, lila dadi korban minangka kusuma bangsa.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 21)

Pethikan ing inggil nedahaken bilih seni Janggrung ugi saged dipunpentasaken sarana mengeti pahargyan utawi HUT RI. Minangka dinten pahargyan, sampun mesthi bangsa Indonnesia gadhah raos sukacita saha mongkog awit kamardikan ingkang sampun dipunupayakaken dening para pahlawan. Kangge nambah remening manah masyarakat mliginipun masyarakat desa Kecil, badhe dipunadani pentas Janggrung. Kajawi menika pentas Janggrung ugi saged njagi silaturahmi antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun wonten bebrayan ageng.

Janggrung menika ugi satunggaling tuladha tari rakyat wonten tlatah Jawi. Tari rakyat inggih menika beksan ingkang tuwuh wonten kalangan rakyat. Ragam tari rakyat menika tuwuh miturut *letak geografis* kados gunung saha segara. Prekawis menika ingkang ndadosaken tari rakyat gadhah wujud gerak ingkang beda saben dhaerhipun. Tari rakyat ugi asring dipunpentasaken minangka lomba sarana nglectantunaken seni tradhisional Jawa. Makaten ugi ingkang dipunpanggiaken salebeting cerbung Janggrung kados ing ngandhap menika.

(113) “Iki ngene dhik Pal, anane pak Kasi Kebudayaan rawuh mrengs iki beteke arep kagungan kersa marang sliramu, sing magepokan karo bakal anane **lomba tari rakyat ing tingkat Jawa Tengah sasi ngarep**,” pak Bambang mbukani rembug,

“Lajeng kersanipun kados pundi?” wangsulane Palguna

“**Pak Kasi Kebudayaan ngersakake ngangkat Janggrung**. Mula dak aturi mirsani piyambak, ngendika piyambak karo sliramu dalasan anggota sanggar Janggrung supaya damang.”

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 24)

Pethikan ing inggil nedahaken bilih seni Janggrung ugi kalebet tari rakyat, satemah nalika Pak Kasi Kebudayaan ngandharaken bilih badhe dipunadani lomba tari rakyat tingkat Jawi tengah, piyambakipun ngersakaken seni Janggrung ingkang makili Kabupaten Wonogiri kangge lomba tari rakyat menika. Kanthi ndherek lomba tari rakyat menika temtu dipunajab bilih masyarakat langkung tepang kaliyan seni Janggrung menika piyambak.

(120) Wis ora mungguh jamane yen ana Janggrung manggung keladuk wani kurang deduga, saengga sok gawe wong lena imane merga sembranan. Janggrung garapan kang pinetha telung pantha. Yaiku Janggrung kang dikemas minangka tontonan kanthi ila-ila, kayata: Janggrung minangka upacara ritual bedhah bumi sing wis kerep lumaku wiwit jaman kuna minangka upacara resik desa utawa rasulan sing dianakake bakda panen, Janggrung minangka upacara adat temantenan, kanthi gegambaran paraga temanten kakung sing melu mbeksa ngregengake suasana Janggrung kanthi beksan laras tayub sing alus lan kebak subasita. Kanthi piwulang sinigid, mecaki urip anyar ing bale sesomahan kuwi tansah kebak panggodha, saengga kudu linambaran iman kang santosa anut paugeraning kautaman. Saengga tuwuh unen-unen, “aja gampang kalepyan lamun nyawang kaendahan lan aja gampang pepes lamun nemoni lelakon kang ngenes.” Ping telune Janggrung minangka sarana tontonan, kanthi nyanggit wujud beksan pergaulan tanpa ana penonton sing tombok. Saengga garapan Janggrung kuwi cukup dinulu dening penonton wae. (Sugiyanto, 2005: 34 seri 26)

Pethikan ing inggil nedahaken kaginaanipun pentas Janggrung. Pentas Janggrung samenika boten malih kados seni Janggrung wonten jaman rumiyin ingkang keladuk wani kurang deduga, nindakaken tumindak sembranan. Janggrung samenika inggih seni ingkang kebak unggah ungguh saha kawibawan, sarta kathah kaginaan saking seni Janggrung ingkang prayogi. Seni Janggrung saged dipunpentasaken wonten saperangan acara. Ingkang sepisan kangge upacara

resik desa utawi rasulan ingkang dipuntindakaken bakda panen. Ingkang kaping kalih Janggrung minangka upacara adat temanten, saha kaping tiga inggih menika kangge sarana tontonan, kanthi nyanggit wujudipun beksan pergaulan wonten pundi boten wonten penonton ingkang tombok.

(6) Acara wonten Pementasan ingkang Ngremenaken

Saben pementasan seni sampun samesthinipun wonten rantaman acara supados acara pementasan menika saged lumampah kanthi rancag. Wiwit saking pambuka dumugi pungkasaning acara. Amargi ingkang dipunrembag inggih menika pentas seni tradhisional, temtu wonten gayutanipun kaliyan beksan saha karawitan. Makaten ugi kaliyan seni Janggrung saha seni sanesipun ingkang kapentasaken wonten satunggaling acara salebeting cerbung Janggrung.

(49) Wiwit jam pitu bengi, karawitan Sekar Sari wis ngumandhangke tabuhan soran sing nyamleng. Ladrang Harjuna Mangsah krasa sigrak, kanthi tabuhan balungan gemontang bening. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan kesenian ingkang wujudipun acara wonten pementasan. Ukara ingkang kacithak kandel inggih menika *wiwit jam pitu bengi, karawitan Sekar Sari wis ngumandhangke tabuhan soran sing nyamleng* nedahaken bilih saderengipun acara dipunwiwiti, karawitan Sekar Sari sampun ngumandhangaken tabuhan soran. Tabuhan soran inggih menika tabuhan gendhing-gendhing kanthi volume tabuhan ingkang sora, sedaya instrumen dipuntabuh kajawig gender, gambang, rebab, suling saha siter. Tabuhan soran menika dipunkumandhangaken kangge ngisi acara saderengipun acara inti

dipunwiwiti, sinambi nengga para tamu undhangan ingkang dereng rawuh, satemah tabuhanipun kedah sora saha sigrak supados langkung semangat saha narik kawigatosan tamu ingkang rawuh.

(51) **Ladrang Santi Mulya laras pelog pathet lima** keprungu munya hangrangin mratandhani adicara kaul kawin emase pak Brayat lan ngiras pantes mengeti kawin perake pak Mulyono kawiwitan.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nedahaken acara pementasan seni wonten dalemipun Pak Brayat, ngiras pantes kawin emasipun. Minangka gendhing kangge miwiti adicara kaul kawin emase pak Brayat lan ngiras pantes mengeti kawin perake pak Mulyono inggih menika Ladrang Santi Mulya laras pelog pathet lima. Wonten upacara adat temanten Jawi, Santi Mulya adatipun dipunginakaken kangge ngiringi dhalang nganten nalika miwiti satunggaling upacara pahargyan. Makaten ugi wonten acara pahargyan kawin emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono, Ladrang Santi Mulya menika dipuntabuh nalika miwiti acara. Menika cakepan saking Santi Mulya.

*Santi mulya, santi mulya
luhur mulyaning negara
Indonesia pasti jaya
tarlen saking golonging sedyta tama
manunggal mrih santosa
cipta rasa budi karsa
gumelare memayu hayuning bangsa
basuki yuwana
sirna papa sangsaya
sampurnaning bebrayan gung pancasila
mangambar gandanya rum
Indonesia langgeng merdika*

Acara pentas seni salebeting pahargyan sampun limrah menawi wonten wedharan utawi sesorah saking panitia utawi tetuwangganing pawiwahan. Sesorah utawi pidhato utawi tanggap wacana inggih menika ngandharaken idhe utawi pokok pikiran kanthi wujud tembung- tembung ingkang dipunucapaken dhateng tiyang kathah. Ancasing sesorah menika kathah, wonten ingkang ancasipun kangge maringi hiburan, kanggo menéhi hiburan, maringi informasi, utawi wara-wara dhateng tiyang ingkang mirengaken supados nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken pamedharsabda.

(52) **Acara resmi pidhato ora akeh**, mung saka pak Teguh Winaryo sing minangka tetuwanggane pawiwahan kang ngendika, ngudal kandha wigatining perlu, jinajaran pak Brayat sekalihan dalasan pak Mulyono sekalihan.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nedahaken acara salebeting pentas seni wonten sesorah saking tetuwangganing pawiwahan. Ancasing sesorah ingkang dipunandharaken dening Pak Teguh Winaryo inggih menika kangge maringi informasi dhateng tamu ingkang rawuh bilih wosing acaranipun samangke inggih ngiras pantes kawis emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono. Ancas sanesipun inggih menika kangge maringi informasi bilih minangka pambuka pasegahan badhe kasugata beksan Janggrung. Lajeng minangka pucakipun adicara pasugatan inggih menika wujudipun guyon maton saking RRI Surakarta Hadiningrat kanthi irah-irahan Gatutkaca Pregiwa. Prekawis menika

nedahaken bilih acara salebeting pentas seni ngiras pantes kawin emasipun Pak Brayat wonten acara sesorah.

(59) “Pancasila dhasare negari” nyi Prenes nyaut buka celuk jineman Uler Kambang kanthi irama nyemeg. Palguna lan Welas wiwit ngaturi pak Brayat mundhut sampur ana baki. Tamune padha mesam-mesem nalika pak Brayat wis kalungan sampur maju alon-alon menyang panggung karo ngenteni suwuke jineman Uler Kambang. **Minangka ila-ila, dhuwit lembaran seket ewu ditibakake neng baki, diisusul pak Mulyono ora beda kalungan sampur sajak rikuh, mesam-mesem melu nibake dhuwit lembaran eketan ewon.** (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nyariyosaken lampahing adicara wonten pahargyan kawin emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono. Nyi Prenes nyaut buka celuk jineman Uler Kambang minangka pratandha. Palguna saha Welas wiwit ngaturi pak Brayat mundhut sampur wonten baki. Lajeng Pak Brayat wiwit majeng alon-alon wonten panggung ngantos suwukipun jineman Uler Kambang. Menika jumbuh kaliyan beksan Janggrung kados adatipun, amargi Pak Brayat mbeksa kaliyan ledhek Janggrung pramila piyambakipun mbayar paraga utawi *nyawer*.

Tuladha sanesipun ngengingi acara salebeting pentas seni ingkang dipunpanggiaken wonten cerbung Janggrung inggih menika acara wonten lomba tari rakyat ingkang dipunadani tingkat Jawi Tengah. Ing ngandhap menika pethikan ingkang nedahaken satunggaling acara wonten lomba kasebut.

(119) Lomba tari rakyat kuwi dianakake ing wayah bengi, mapan ana Kabupaten Kendal. Sing melu ana wolung kontingen, siji lan sijine mujudake wakil karesidenan lan kodya. **Palguna lan Kanthil minangka wakil penari Janggrung melu jejer bebarengan wakil-wakil saka saben karesidhenan ngadani pembukaan. Ing pendhapa kuwi wis kebak tamu-tamu undangan, lan para yuri uga wis padha**

siyaga ing gati mbiji lakune lomba tari rakyat tingkat Jawa Tengah.

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 26)

Ukara ingkang kacithak kandel ing inggil menika nedahaken satunggaling acara saking sedaya acara ingkang wonten salebeting lomba tari rakyat tingkat Jawi Tengah. Palguna saha Kanthil minangka wakil beksan Janggrung saking tlatah Wonogiri ndherek kempal sesarengan kaliyan wakil saking karesidhenan sanes kangge ngadani pembukaan. Pembukaan menika mratandhani bilih lomba tari rakyat wonten pundi pasartanipun saking sedaya kabupaten ing tlatah Jawi tengah menika dipunwiwiti. Para juri ingkang samangke mbiji lampahing lomba ugi sampun siyaga kangge miwiti lomba.

f. Pakaryan ingkang Prasaja Salebeting Cerbung Janggrung

(1) Jinising Pakaryan wonten Masyarakat

Jinisipun pakaryan salebeting masyarakat temtu maneka warni, jumbuh kaliyan latar sosial saha latar budaya saking masyarakat menika piyambak. Jinising pakaryan salebeting masyarakat menika ugi dados prekawis ingkang mbedakaken strata sosial salebeting masyarakat, mliginipun masyarakat wonten desa. Ing ngandhap menika jinis pakaryan saben paraga ingkang dipunpanggiaken salebeting cerbung Janggrung.

(2) Sing wis tau dadi ledhek wiwit padha omah-omah lan **golek pakaryan liya** sing jamak karo kiwa tengene. **Ana sing bakulan, ana sing dodolan lan ana sing nrima mung grima tani apadene buruh wae.** Pegawean apa wae padha disrabut beteke kepengin ngilangake pamor janggrunge.

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken jinising pakaryan ingkang dipunpilih dening saperangan masyarakat desa Kecik ingkang rumiyin tilas ledhek Janggrung. Para tilas ledhek Janggrung menika sami madosi pakaryan sanesipun njanggrung supados boten digebyah uyah dening masyarakat ingkang nganggep bilih sedaya ledhek Janggrung menika asor. Kajawi pawadan menika, tilas ledhek Janggrung ugi madosi pakaryan sanes supados saged nyekapi kabetahaning gesang menika. Jinis pakaryan ingkang dipunpilih dening para tilas ledhek Janggrung inggih menika wonten ingkang *bakulan*, *sadean*, saha wonten ugi ingkang narima dados *tani* utawi *buruh* kemawon.

Kasunyatan menika ugi kadadosan kaliyan Pak Kemis saha Nyi Rawit minangka tiyang sepuhipun Palguna. Piyambakipun kekalih nilar pakaryanipun ingkang rumiyin dados paraga Janggrung kanthi pawadan supados saged langkung mulya anggenipun gesang. Prekawis menika saged dipuntingali wonten pathikan ing ngandhap menika.

(16) Jenenge pancen Palguna. Nanging dudu jeneng wayang ing Palguna Palgunadi. Ing jiwane pancen ana getih seni sing lumuntur ngukur jiwa ragane. Nanging saiki **panggaotane bapake dadi tukang batu lan tukang kayu saliyane tani. Dene mboke bakulan isih candhak kulak asil tetanen neng pasar Ngadirojo.** Nadyan kanthi mengkono nyatane anggone omah-omah isa temata nadyan ora klebu keluarga sing sugih.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 2)

Ukara ingkang kacithak kandel ing inggil nedahaken pakaryan ingkang samenika dipuntindakaken dening tiyang sepuhipun Palguna. Bapakipun samenika dados tukang batu saha tukang kayu sanesipun tani, wondene

simbokipun samenika bakulan wonten peken Ngadirojo. Sinaosa jinis pakaryan kasebut boten nedahaken bilih tiyang sepuhipun Palguna menika tiyang sugih, nanging anggenipun mbangun balegriya saged tumata dados kulawarga ingkang prasaja.

Tuladha jinis pakaryan sanesipun ingkang dipunpanggihaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika kados wonten pethikan ing ngandhap menika.

(86) “Las, engga cawisna unjukan loro, karo nyamikan. Sajake Pak Lebda duwe wigati tenan,” prentahe nyi Prenes semu bisik-bisik menyang Welas. Sing dikongkon ora ndadak nganggo wangsulan wis jumangkah memburi.

Gupuh-gupuh nyi Prenes mapag tamune sing katon gagah kebak prebawa nadyan wus katon sepuh, diampingi **pak Bambang sing minangka penilik kabudayan**.

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 13)

Pethikan ing inggil inggih menika pancelathon antawisipun Nyi Prenes kaliyan Welas, saha nedahaken perangan pakaryan, mliginipun bab jinising pakaryan. Ukara ingkang kacithak kandel ing inggil nedahaken jinis pakaryanipun Pak Bambang, ingkang merdhayoh dhateng griyanipun Nyi Prenes. Pak Bambang menika ngasta minangka penilik kabudayan. Saking ukara-ukara pethikan ing inggil, saged dipunmangertos bilih Nyi Prenes ngormati sanget dhateng Pak Bambang. Kajawi minangka dhayoh, raos kurmat menika ugi dipunsebabaken dening pakaryanipun Pak Bambang minangka penilik kabudayan. Bedanipun pakaryan antawisipun Nyi Prenes kaliyan Pak Bambang menika ndadosaken wontenipun raos kurmat antawisipun pakaryan ingkang langkung inggil drajadipun kaliyan Nyi Prenes minangka ledhek Janggrung. Prekawis-prekawis

menika nedahaken bilih jinising pakaryan saged mangaribawani tumrap raos kurmat antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun.

Tuladha jinis pakaryan salajengipun ingkang dipunpanggihaken wonten cerbung Janggrung inggih menika.

(108) Nalika Kancung Umuk weruh Karyo Mingun si **blantik sapi** sing lagi ngetung dhuwit ana ngarep warunge Sarmin agahan dheweke marani.

“Aku ujur kang Mingun, sajake oleh bathi okeh.”

“**Bathi okeh mbel gedhes. Oleh satus seket ewu wae didum wong loro,**” wangsulane Karyo Mingun karo nyumet roko.

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 20)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Kancung Umuk kaliyan Karyo Mingun. Ukara ingkang kacithak kandel menika nedahaken jinis pakaryan, inggih menika pakaryanipun Karyo Mingun minangka blantik sapi. Blantik inggih menika tiyang ingkang sade kewan rajakaya, kados sapi, wedhus, saha kebo. Blantik taksih asring dipunpanggihaken wonten peken-peken ing desa. Prekawis menika jumbuh kaliyan perengan pakaryan mliginipun prekawis jinising pakaryan salebeting masyarakat.

(2) Asil anggenipun Makarya

Asil anggenipun makarya wonten ngriki magepokan kaliyan arta ingkang saben tiyang temtu beda-beda, gumantung kaliyan jinis pakaryan saha greget anggenipun makarya saking tiyang menika piyambak. Asiling pakaryan menika ugi mangaribawani tumrap gesang bebrayan wonten masyarakat. Tuladha ingkang dipunpanggihaken salebeting cerbung Jaggrung inggih menika.

(7) “**Aku ora bakal ninggalake Janggrung Las. Nadyan saiki wis okeh wong-wong padha ora gelem nanggap.**”

Welas panggah durung aweh wangsulan, nganti Nyi Prenes nyedhaki lan ngepuk-puk pundhake.
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 1)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Nyi Prenes kaliyan Welas. Ukara ingkang kacithak kandel ingkang dipunandharaken dening Nyi Prenes nedahaken bilih piyambakipun boten badhe nilar pakaryanipun samenika inggih menika njanggrung, sinaosa asiling njanggrung boten kathah. Menapa malih samenika kathah tiyang ingkang *nggebyah uyah* paraga seni Janggrung. Para ledhek Janggrung dipunanggep asor drajadipun, menika ndadosaken seni Janggrung boten asring dipuntanggap malih, satemah mangaribawani tumrap asiling makarya para paraga Janggrung. Prekawis menika nedahaken bilih asil anggenipun makarya saking Nyi Prenes boten kalangkung kathah kadosdene jaman rumiyin wonten pundi kesenian Janggrung taksih ngrembaka saha pikantuk kawigatosan saking masyarakat.

(13) “Apa sing mbok kandhakke kuwi pancen yen dirasa bener Nyi. **Lemah telung tlebek iki ora bakal kentas kanggo urip** ngetutake rukune ing tengah-tengahe sesrawungan,” pak Kemis nglenggana.
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 1)

Pethikan ing inggil inggih menika pacelathon antawisipun Pak Kemis minangka tiyang sepuhipun Palguna, kaliyan Nyi Prenes. Kekalihipun ngrembag prekawis Palguna ingkang dipunajab Nyi Prenes sageda mlebet SMKI satemah samangke saged langkung ngrembakakaken kaprigelanipun wonten babagan seni.

Kasunyatanipun kanthi kaprigelan ingkang dipungadhahi menika Palguna mbaka sekedhik saged ngempalaken asilipun kangge ragad sekolah. Menika ndadosaken Pak Kemis menggali bilih asiling pakaryanipun minangka kuli saha tani boten cekap kangge gesang padintenan. Saged dipunmangertos wonten ukara *Lemah telung tlebek iki ora bakal kentas kanggo urip ngetutake rukune ing tengah-tengahe sesrawungan* bilih lemah telung tlebek menika nedahaken pakaryanipun minangka tani.

Kajawi Pak Kemis, Nyi Rawit simbokipun Palguna ugi radi kuwatir nalika Palguna sampun lulus SMA negeri badhe nglajengaken kuliyah. Sedaya prekawis menika taksih wonten gayutanipun kaliyan ragad ingkang magepokan kaliyan asiling pakaryan. Ing ngandhap menika inggih pethikan ingkang nedahaken prekawis ingkang dipunpangaribawani dening asilipun pakaryan.

(64) Krungu krentege Palguna bakal nerusake kuliah, pak Kemis ora ketara kaget. **Sing rada njola malah nyi Rawit merga mikir bab ragad.**

”Kabeh iki durung dilakoni nyi, tekade Palguna dak jurung kanthi mongkoge ati. Perkara ragad kuwi kena dipikir karo mlaku,” wangsulane pak Kemis tanpa tidha-tidha.

“Awake dhewe uga butuh ragad kanggo Pawitri ki. Apa ya kentas yen panggaotane awake dhewe mung tukang mbarang ngene iki?”
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 8)

Wonten pethikan ing inggil, saged dipunmangertos bilih Nyi Rawit radi kawratan menawi Palguna badhe nglajengaken kuliah amargi piyambakipun kuwatir menawi boten saged mbeayani ragad kuliahipun Palguna. Menapa malih taksih wonten Pawitri, rayinipun Palguna ingkang taksih sekolah. Nyi Rawit rangu-rangu piyambakipun saged mbeayani Palguna menapa boten, amargi pakaryanipun namung tukang mbarang ingkang asilipun boten kathah. Nanging

beda kaliyan Pak Kemis ingkang njurung tekadipun Palguna kanthi mongkoking manah. Piyambakipun gadhah pamanggih bilih prekawsi ragad samangke saged dipunpadosi kanthi upaya menapa kemawon. Prekawis-prekawis menika nedahaken peranan pakaryan mliginipun bab asil anggenipun makarya ingkang gayutanipun kaliyan arta.

(3) Upaya pados pakaryan ingkang sampun awrat wonten jaman samenika

Jaman ingkang sansaya dangu sansaya maju menika boten jumbuh kaliyan kawontenan salebeting masyarakatipun. Kathah prekawis ingkang ruwet tuwuh salebeting masyarakat. Prekawis ingkang nyata kadadosan wonten masyarakat inggih menika prekawis pakaryan. Jaman samenika sampun kathah tiyang ingkang boten gadhah pakaryan, mliginipun masyarakat wonten kitha.. Menika saged dipunsebabaken dening cacahing tiyang gesang ingkang sansaya ngrembaka. Kathah masyarakat saking padesan ingkang tindak dhateng kitha kanthi ancas pados pakaryan, nanging kasunyatanipun kahanan wonten kitha kepara langkung nggegirisi. Kathah masyarakat ingkang dipun-PHK, dados gelandangan boten gadhah griya.

(67) “Jaman saiki golek gawean angel Las. Apa maneh neng kutha-kutha wis okeh sing di PHK. Nadyan diselaki kaya ngapa kasunyatanane awake dhewe bisa ngopeni awak nganti tekan seprene.”

Welas tanggap, mboke sajak ora seneng yen nyritakake babagan Kathil sing lunga. **Dheweke bisa ngrasakake jaman sing saya maju iki pancene saya angel golek gawean sing gumathok kanggo nguripi tembe mburi.**

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 9)

Pethikan ing inggil inggih menika pancelathon antawisipun Nyi Prenes kaliyan Welas, saha nedahaken kawontenan jaman samenika ingkang sansaya sisah pados pakaryan. Paraga Nyi Prenes katingal boten remen nalika Welas nyariyosaken babagan Kanthil ingkang nilar griyanipun, bilih menawi taksih wonten Kanthil, gesangipun Wlas kaliyan Nyi Prenes boten badhe gothang. Satemah Nyi Prenes lajeng ngendika dhateng Welas bilih pados pakaryan wonten kitha menika sanes prekawis gampil, menapa malih samenika wonten kitha sampun kathah ingkang dipun-PHK. Welas ugi sarujuk kaliyan pamanggihipun Nyi Prenes kalawau, bilih ing jaman samenika tansaya sisah pados pakaryan ingkang gumathok kangge gesang ing tembe. Prekawis menika nedahaken upaya pados pakaryan ing jaman samenika ingkang sansaya sisah.

(91) “Mbak Nunik ki rak wis rampung kuliah ta? Mosok sarjana trima bukak warung lesehan ngene, apa ora eman-eman ijasah mbak?”

“Saiki golek gaweyan angel, dhik. Durung mesthi sarjana mesthi nemu gaweyan sing gumathok. Yen kabeh kepingin dadi pegawai kantor, sapa sing arep nggaji? Wong negara utange sak ambreg. Puluh-puluh gaweyan ngene, sing penting kena nggo mangan dhik,” banyolane Nunik karo nyodhorake es jeruk.

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 14)

Pethikan ing inggil ugi nedahaken bilih upaya pados pakaryan ing jaman samenika sisah. Pethikan ing inggil inggih menika pancelathon antawisipun Kanthil kaliyan Mbak Nunik. Mbak Nunik menika paraga ingkang mbikak warung lesehan wonten terminal Ngadirojo, sinaosa piyambakipun menika lulusan sarjana. Kanthil ugi ngungun kaliyan kahananipun Mbak Nynik ingkang sarjana kalawau. Nanging Mbak Nunik gadhah pamanggih piyambak bilih pados

pakaryan menika sisah, dereng mesthi lulusan sarjana saged manggihaken pakaryan ingkang gumathok. Pethikan cerbung menika jumbuh kaliyan andharan ing inggil bilih kangge ngupayakaken pakaryan ingkang gumathok menika boten gampil saha mbetahaken upaya ingkang saestu.

g. Pirantos ingkang Prasaja Salebeting Cerbung Janggrung

Pirantos inggih menika sedaya sarana ingkang dipunginakaken kangge nggampilaken saha nyengkuyung pakaryan utawi kabetahanipun tiyang gesang. Salebeting cerbung Janggrung dipunpanggihaken maneka warni pirantos ingkang sampun dipunpantha miturut jinisipun, inggih menika pirantos salebeting kesenian Janggrung, titihan, pirantos wonten griya, pirantos wonten tetanen, saha pirantos wonten sesadean.

(1) Pirantos Salebeting Kesenian Janggrung

Janggrung minangka seni tradhisional Jawi temtu gadhah pirantos-pirantos ingkang saged nggampilaken sedaya kagiyatan salebeting seni Janggrung. Tuladhanipun pirantos kangge pentas, pirantos ingkang nyengkuyung beksan Janggrung, saha gamelan ugi kalebet pirantos salebeting seni Janggrung.

(12) “Pancen Palguna duwe bakat Nyi. Nyatane dheweke ricikan gamelan ora tau nulak. Wiwit saka **kendhang, mbalung, bonang**, nganti tekan **ricikan alus** wis isa dirasakke. Klebu anggone **nyeblakke sampur** wis ngenut pada.

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 1)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan pirantos salebeting kesenian Janggrung. Kados ingkang dipunsebataken dening paraga Pak Kemis wonten pethikan ing inggil bilih Palguna sampun nguwaosi maneka warni ricikan gamelan kados kendhang, balungan, saha bonang. Tabuhan wonten gamelan menika kalebet pirantos salebeting seni karawitan, saha seni karawitan menika boten saged kapisahaken kaliyan beksan Janggrung. Amargi menawi pentas Janggrung boten ngginakaken gamelan temtu boten saged dipunraosaken kaendahanipun.

(117) Rong dina engkas lomba neng Semarang bakal digelar. Palguna lan Prastiwi kabantu dening Kanthil nyiapake **uba rampene, klebu kostum lan tata riase pisan**. Dene pak Lebda lan pak Bambang kajibah nyenyepuhi karawitane. Kabeh lumaku kanthi rancag. **Seragam karawitan** wis dicawisi dening kantor Kebudayaan.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 26)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan pirantos ingkang wujudipun pirantos ingkang dipunginakaken salebeting kesenian Janggrung. Miturut pethikan ing inggil, seni Janggrung ingkang badhe dipunpentasaken kangge lomba tari rakyat tingkat Jawi tengah temtu mbetahaken pirantos kangge nyengkuyung rancagipun acara menika. Pirantos salebeting lomba tari rakyat miturut pethikan ing inggil wonten kostum, tata rias, saha seragam karawitan. Menika pirantos wigati ingkang kedah dipunsamptakaken salebeting lomba kesenian.

(2) Titihan Masyarakat wonten Desa

Titihan inggih menika sedaya pirantos *transportasi*, saged ingkang dipuntindakaken dening mesin, manungsa, menapa dene kewan. Pirantos titihan ingkang dipunpanggiaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika

(23) Ana **sepedha bebek Yamaha 80 werna biru** mlebu platarane omah nedhenge Palguna ngrewangi Pawitri adhine wedok sing lagi ngentasi kacang brol sing dipepe. Dudu kacang panen, nanging kacang sing tuku neng pasar. Kacang kuwi digaringke terus digawe ose, bathine kena nggo mangan saben dinane.
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 2)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan titihan, inggih menika sepedha bebek Yamaha 80 werni biru. Wonten pethikan dipunandharaken nalika Palguna saha Pawitri ngentasi kacang brol ingkang saweg dipunpepe, dumadakan wonten sepedha bebek Yamaha 80 werni biru. Sepedha motor menika kalebet titihan motor, ingkang tegesipun titihan ingkang dipuntindakaken dening mesin utawi pirantos *teknik*. Jumbuh kaliyan namanipun, sepedha bebek Yamaha 80 menika dipunrakit rikala taun 1980.

(25) Pak Padmo melu nggleges, terus pamitan ngono wae. Sing ditinggal age-age ngrampungke mulungi kacange. Srengenge wis ngadhepke sagenter ing sisih kulon. Pak Kemis kanthi numpak **sepedha onthel** mlebu plataran mulih saka nyambut gawe anggane dadi tukang watu.
(Sugiyanto, 2005: 20 seri 2)

Pethikan ing inggil nyariyosaken bilih Pak Kemis sampun kondur anggenipun nyambut damel dados tukang watu. Piyambakipun nitih sepedha

onthel kangge tindak kaliyan kondur nyambut damel. Sinaosa sepedha onthel menika dipuntindakaken dening manungsa, nanging pirantos menika saged mbiyantu saha nggampilaken tiyang gesang menawi badhe tindak dhateng papan ingkang tebih.

(34) Cep klakep, karo lungguh lendhet-lendhet wit waru neng gapurane omahe nyi Prenes, Kancung Umuk nalika ana wong numpak **sepedha motor bebek Legenda** isih nganggo sragam perangkat desa. Pak Tarjo Kaur Desa sing teka. Tanpa ngebel langsung mlebu plataran omah rada mlebu emper diangkah rada eyup.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)

Pethikan ing inggil nyariyosaken bilih Kancung Umuk saweg lenggah sangandhaping wit waru nalika Pak Tarjo Kaur Desa rawuh dhateng griyanipun Nyi Prenes. Anggenipun tindak Pak Tarjo nitih sepedha motor bebek Legenda. Sepedha motor menika kalebet titihan motor, ingkang tegesipun titihan ingkang dipuntindakaken dening mesin utawi pirantos *teknik*. Sepedha motor menika ginanipun kangge nggampilaken tiyang ingkang nitih, supados boten kesel menawi badhe tindakan dhateng papan ingkang tebih.

(3) Pirantos wonten Griya Wetawis Taun 2005

Pirantos wonten griya menika pirantos ingkang gadhah kaginaan kangge nyimpen prabotan griya, minangka papan lenggah, papan sare, papan kangge nggarap samubarang saged awujud meja, utawi papan kangge nyawisaken samubarang tartamtu. Pirantos griya ingkang dipunpanggiaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika.

(29) Nyi prenes age-age njupuk ember diisi banyu disiramke neng latar bali ambal ping nem. Sedhela unjal ambegan karo ngulati latar sing bleduge wis krasa suda. Ambune kaya ampo lemah ketiban banyu udan. Sedhela mesem terus lungguh neng **lincak** emper karo sangga uwang. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 3)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan ingkang wujudipun pirantos wonten griya. Tembung *lincak* ingkang kacithak kandel menika tegesipun amben alit ingkang dipunginakaken kangge lenggah, saha dipundamel saking pring. Lincak menika dados satunggaling pirantos wonten griya, amargi adatipun dipunginakaken minangka papan lenggahan wonten griya.

(62) Wengi kuwi wis kliwat tabuh sepuluh. Palguna lengek-lengek ana latar mbeber **klasa**. Rong dina terang sawuse sawuse seminggu mbethethet disiram banyu udan prasasat ora ana terange. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 8)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan ingkang wujudipun pirantos wonten griya. Tembung *klasa* ingkang kacithak kandel menika tegesipun pirantos ingkang dipunginakaken kangge lemek nalika lenggah wonten ngandhap, saha dipundamel saking pring. Klasa menika dados satunggaling pirantos wonten griya, amargi adatipun dipunginakaken minangka papan lenggahan wonten griya.

(75) **Kenthongan** wis dithuthuk ambal pindho sadurunge srengenge mesem ana sisih wetan. Pak Sudikun sing minangka jaga tirta wis siaga ana patrolan wiwit pruput esuk mau. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan ingkang wujudipun pirantos wonten griya. Tembung *klasa* ingkang kacithak kandel menika tegesipun pring utawi kayu ngginakaken blewehan, adatipun dipunginakaken kangge maringi

tengara. Kenthongan menika adatipun dipunpasang wonten ngajeng griya, utawi saged ugi dipunpasang wonten pos rondha, satemah kalebet pirantos wonten griya.

(4) Pirantos wonten Tetanen Wetawis Taun 2005

Pirantos wonten tetanen menika pirantos ingkang dipunginakaken kangge nggampilaken sedaya pakaryan ingkang wonten gayutanipun kaliyan tetanen. Pirantos wonten tetanen ingkang dipunpanggihaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika.

(76) Durung ana wong liwat sing arep mangkat kerja bakti mikul **pacul**. Pancen isih kesuken rasane yen sing krungu kenthongan kudu ndang mangkat mikul **pacul** mlaku menyang dhawuhan.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan ingkang wujudipun pirantos wonten tetanen. Tembung *pacul* ingkang kacithak kandel menika tegesipun pirantos kangge ngadhuk lemah lan sapanunggalanipun, ingkang wujudipun wesi pesagen landhep dipungarani doran.

(5) Pirantos wonten Sesadean Wetawis Taun 2005

Pirantos wonten sesadean inggih menika pirantos ingkang dipunginakaken kangge nggampilaken sedaya pakaryan ingkang wonten gayutanipun kaliyan sesadean. Pirantos wonten sesadean ingkang dipunpanggihaken salebeting cerbung Janggrung inggih menika.

(78) Nini Tanem pijet kuwi manggut-manggut ora lali karo ngunyer-unyerke susure neng lambe sing wis kebak dubang. Bakule sega gudheg wis mingket. **Tenggoke** diangkat arep menyang pasar. Sing padha kerja bakti wiwit padha liwat mikul pacul. Pak Sudikun age-age aba rokok patang pak menyang warung cedhake kono.
(Sugiyanto, 2005: 19 seri 11)

Pethikan ing inggil nedahaken perangan ingkang wujudipun pirantos wonten tetanen. Tembung *tenggoke* saking tembung lingga *tenggok* ingkang kacithak kandel menika tegesipun senik ingkang alit. Tenggok menika dados satunggaling pirantos wonten sesadean, amargi adatipun dipunginakaken dening tiyang ingkang sade, kados sade rames, gudheg, lan sapanunggalanipun.

2. Kawontenan Sosial Budaya ingkang Kagambaraken wonten Latar

Kanthi ngginakaken *pendekatan sosiologi sastra* minangka pemahaman tumrap karya sastra gayutanipun kaliyan masyarakat, saged dipunmangertos bilih cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto inggih menika cerbung kanthi latar gesang padintenan masyarakat wetawis taun 2005. Kathah prekawis-prekawis ingkang maringi inspirasi tumrap Sri Sugiyanto anggenipun ngripta cerbung *Janggrung*. Kawontenan sosial budaya ingkang kagambaraken wonten latar inggih menika.

- a. Janggrung udakawis taun 2005 dados beksa pergaulan masyarakat, dumados saking ledhek, nanging tembung ledhek lajeng dipunalusaken dados “paraga beksa”. Ngiras dados sindhen kairingi gamelan, pengibing utawi penandhak inggih menika pambeksa kakung ingkang ketiban sampur, saha pengarih inggih menika satunggaling petugas ingkang tinanggenah ngawasi saha

tanggul jawab menawi wonten penandhak ingkang tumindak sembrana utawi nerak kasusilan. (*Kapethik saking kalawarti Panjekar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

Kawontenan wetawis taun 2005 menika jumbuh kaliyan cariyos salebeting cerbung Janggrung, ngengingi paraga-paraga salebeting pentas seni Janggrung. Wonten cerbung Janggrung anggitanipun Sri Sugiyanto ugi dipunsebutaken paraga-paraga salebeting beksa Janggrung. Kajawi menika salebeting cerbung ugi dipunsebutaken bilih tembung “ledhek” dipunalusaken dados tembung “paraga beksa” Janggrung, supados sae menawi dipunmirengaken ing tembe. Saged dipuntingali wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Mila ing kalodhangan punika minangka pambukane pasegahan badhe kasugata **beksan Janggrung kanthi tandhak utawi ledhek nyi Prenes, nyi Lindri, dalasan gendhuk Welas. Dene pelandang saha pelarihipun bagus Palguna kaliyan ki Padmo.** (Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

“Mengko **ledheke** awakmu, nyi Prenes, lan nyi Lindri. Merga pak Brayat ngersakke ndhuk Welas.”
 “Nyuwun pangapunten, kula usul pak Padmo. **Mbok samenika ampun nyebat ledhek.** Raosipun kok kurang prayogi dipun pirengaken ing jaman samangke,” panyelane Palguna.
 “Bener dhik, daktampa usulmu, supaya awake dhewe ora digebyah uyah. **Yen jaman saiki krungu jeneng ledhek kuwi kok sajake terus di-anggep asor banget,**” Welas numpangi rembug.
 (Sugiyanto, 2005: 20 seri 4)

Pethikan-pethikan menika nedahaken bilih paraga-paraga Janggrung salebeting cerbung *Janggrung*, saha tembung “ledhek” ingkang dipundamel tembung ingkang alus inggih menika “paraga beksa” jumbuh kaliyan

kawontenan Janggrung wetawis taun 2005, wonten pundi paraganipun sampun gadhah nama saha tugasipun piyambak-piyambak. Makaten ugi kaliyan sebutan tumrap “ledhek” menika dipunalusaken dados “paraga beksa” satemah langkung sae menawi dipunmirengaken.

- b. Seni Janggrung wetawis taun 2005 sampun nyebar wonten kalangan masyarakat, saged dados beksan “mligi”, kadosdene beksan gambyong utawi *modifikasi* saking Janggrung. Beksan menika asring dipunkepyakaken minangka beksan kangge nampi tamu wonten adicara mirunggan saha resmi. (*Kapethik saking kalawarti Panjebar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

Kawontenan Janggrung wetawis taun 2005 menika jumbuh kaliyan cariyos salebeting cerbung Janggrung, wonten pundi beksan Janggrung dipunpentasaken wonten adicara pahargyan kawin emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono. Beksan Janggrung dipunpentasaken nalika para tamu sampun rawuh sedaya, jumbuh kaliyan ancasipun bilih Janggrung inggih menika beksan kangge nampi tamu wonten adicara mirunggan, wonten ngriki adicara wonten dalemipun Pak Brayat. Saged dipuntingali wonten pethikan ing ngandhap menika.

Tanpa disela pranata wicara purnane ature pak Teguh Winaryo sinaut kumandhange lancar Udan Mas laras pelog, gawe ngese swasana. **Lan suwuke lancar Udan Mas katon para paraga Janggrung wis samekta ing gati.** Pranata wicara sigra nglantari kandha sinaut **Ayak-**ayakan laras Slendro Manyura. Tamuna padha pating klesik, ana sing ndomblong lan cingak weruh paraga Janggrung pranyata ayu-ayu lan bagus-bagus.

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Menika nedahaken bilih cariyos salebeting cerbung Janggrung wonten pundi beksan Janggrung dipunpentasaken wonten adicara pahargyan kawin emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono, jumbuh kaliyan sejarah Janggrung wetawis taun 2005 minangka beksan kangge nampi tamu wonten acara mirunggan. Prekawis menika mratandhani bilih Sri Sugiyanto minangka pangripta cerbung Janggrung pikantuk gambaran saking kawontenan seni Janggrung wetawis taun 2005 kasebut.

- c. Suwelan salebeting seni Janggrung udakawis taun 1960, taksih kanthi cara maringaken arta ingkang dipunlebetaken wonten “kemben” antawisipun dhadha. Nanging kawontenan taun 2005 prekawis menika sampun kaanggep sembrana, lajeng dipungantos kanthi maringaken arta wonten baki ingkang sampun dipuncawisaken dening pengarih. (*Kapethik saking kalawarti Panjekar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 28 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

Kawontenan wetawis taun 2005 menika jumbuh kaliyan cariyos salebeting cerbung Janggrung, wonten pundi menawi dipunadani pentas Janggrung, anggenipun tombokan utawi suwelan dipunparingaken wonten baki ingkang sampun dipuncawisaken dening pengarih. Kadosdene beksa Janggrung ingkang dipunpentasaken wonten adicara pahargyan kawin emasipun Pak Brayat saha kawin perakipun Pak Mulyono. Saged dipuntingali wonten pethikan ing ngandhap menika.

“Pancasila dhasare negari” nyi Prenes nyaut buka celuk jineman Uler Kambang kanthi irama nyemeg. Palguna lan Welas wiwit ngaturi pak Brayat mundhut sampur ana baki. Tamune padha mesam-mesem nalika pak Brayat wis kalungan sampur maju alon-alon menyang panggung karo ngenteni suwuke jineman Uler Kambang. **Minangka ila-ila, dhuwit lembaran seket ewu ditibakake neng baki, diisusul pak Mulyono ora beda kalungan sampur sajak rikuh, mesam-mesem melu nibake dhuwit lembaran eketan ewon.**

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 7)

Pethikan ing inggil nedahaken bilih cariyos salebeting cerbung Janggrung wonten pundi penandhak sampun boten kepareng nindakaken suwelan kemben nanging kedah dipunparingaken wonten baki ingkang sampun cumawis, jumbuh kaliyan kawontenan Janggrung wetawis taun 2005, sampun boten kepareng nindakaken suwelan kemben amargi kalebet tumindak ingkang sembrana. Prekawis menika mratandhani bilih Sri Sugiyanto minangka pangripta cerbung Janggrung pikantuk gambaran saking kawontenan seni Janggrung wetawis taun 2005 kasebut.

- d. Tumindak sembrana salebeting beksa Janggrung udakawis taun 2005 sampun boten asring katingal wonten pentas Janggrung masyarakat. Sinaosa *image* ledhek ingkang boten sae, tegesipun gadhah tugas “ngrangkep” menika wiwit kalis, nanging *image* ingkang boten sae menika kados sampun rumaket wonten dhirinipun para ledhek Janggrung. Sajatosipun sedaya kalawau gumantung kaliyan dhirinipun piyambak-piyambak. (*Kapethik saking kalawarti Panjebur Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*)

Kawontenan wetawis taun 2005 menika jumbuh kaliyan cariyos salebeting cerbung Janggrung wonten pundi tumindak sembranan salebeting pentas Janggrung sampun boten asring dipunpangguhaken, satemah pamanggih masyarakat ngengingi awonipun tumindak para paraga Janggrung wiwit kalis. Sedaya menika gumantung kaliyan dhirinipun piyambak-piyambak. Paraga beksa Janggrung ingkang sae kedahipun saged njagi kawibawanipun. Saged katingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Pak Lebda anggone kepingin nguripake Janggrung ora mung cukup semono wae. Nalika ana acara rasulan utawa resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar maneh. Kanthil lan Welas sing kadhapak dadi paraga Janggrung, digarap joget alusan. Lan sajake ya wis mranani tenan, nalika ana tombakan ya mung digawe alusan lan winates paraga-paraga sing dikeparengke. Sing dadi pelandang cukup Palguna. (Sugiyanto, 2005: 19 seri 18)

Pethikan ing inggil nedahaken bilih pentas Janggrung samenika dipungarap kanthi joget alusan. Menawi wonten tombakan namung dipundamel alusan saha winates paraga-paraga ingkang dipunkeparengaken. Prekawis menika jumbuh kaliyan kawontenan Janggrung wetawis taun 2005 wonten pundi sampun boten wonten tumindak sembranan salebeting pentas Janggrung. Prekawis menika mratandhani bilih Sri Sugiyanto minangka pangripta cerbung Janggrung pikantuk gambaran saking kawontenan seni Janggrung wetawis taun 2005 kasebut.

- e. Wonten sawetara masyarakat dhaerah ingkang pitados menawi ledhek menika dados sarana *penghubung* ingkang wigati, antawisipun panguripan masyarakat padesan kaliyan Dewi Sri utawi Dewi Kesuburan. Bibar panen adatipun dipunpentasaken beksa Janggrung kangge hiburan saha tontonan,

ugi raos panuwun awit kanugrahaning Gusti bilih tetanem tegalan saha sabin kalis saking ama. (*Kapethik saking kalawarti Panjebar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

Kawontenan wetawis taun 2005 menika jumbuh kaliyan cariyos salebeting cerbung Janggrung menawi tiyang warga desa taksih pitados kaliyan gugon tuhon ingkang wonten gayutanipun kaliyan Janggrungan. Bibar panen dipunadani adicara rasulan utawi resik desa. Beksa Janggrung temtu dipunpentasaken wonten acara resik desa utawi rasulan kasebut. Ancasipun pentas Janggrung sajatosipun kangge nglipur para kadang tani ingkang bibar panen kanthi asil ingkang sae, supados remen manahipun. Prekawis menika saged katingal wonten pethikan ing ngandhap menika.

Pak Lebda anggone kepingin nguripake Janggrung ora mung cukup semono wae. Nalika ana acara rasulan utawa resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar maneh. Kanthil lan Welas sing kadhapuk dadi paraga Janggrung, digarap joget alusan. Lan sajake ya wis mranani tenan, nalika ana tombokan ya mung digawe alusan lan winates paraga-paraga sing dikeparengke. Sing dadi pelandang cukup Palguna.

(Sugiyanto, 2005: 19 seri 18)

Wong-wong desa isih padha percaya karo gugon tuhon sing gandheng cenenge karo Janggrungan saben-saben pendhak panen.

(Sugiyanto, 2005: 20 seri 11)

Pethikan ing inggil menika mratandhani bilih Sri Sugiyanto minangka pangripta cerbung Janggrung pikantuk gambaran saking kawontenan ritual resik desa bibar panen ingkang mentasaken seni Janggrung rikala taun 2005 kasebut.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun ngengingi *latar sosial budaya* wonten cerbung Janggrung anggitanipun Sri Sugiyanto minangka satunggaling *kajian sosiologi sastra*, saged dipunpendhet dudutanipun kados ing ngandhap menika.

1. Perangan latar sosial budaya salebeting cerbung Janggrung kaperang dados pitu, inggih menika.
 - (a) *Religiusitas* ingkang inggil, ngewrat prekawis blaka minangka mitos ingkang taksih dipunpitados dening masyarakat saha ritual ingkang taksih dipuntindakaken dening masyarakat.
 - (b) Organisasi sosial ingkang ngrembaka salebeting masyarakat, ngewrat prekawis paguyuban utawi grup karawitan ingkang ngrembaka kanthi sae, sanggar beksan ingkang ngrembaka kanthi sae, kepengurusan salebeting organisasi, saha anggota salebeting organisasi ingkang maneka warni.
 - (c) Kawruh saha kaprigelan anggenipun nganalisa prekawis, ngewrat prekawis kawruh ngengingi kawontenan ingkang mirunggan, nganalisis satunggaling prekawis, saha kawruh ngengingi kesenian Janggrung ingkang mumpuni.
 - (d) Wujuding Basa, ngewrat prekawis paibasan, bebasan, tetembungan salebeting kesenian Janggrung, basa Jawi krama inggil, basa Jawi krama

madya, basa Jawi ngoko, basa Jawi krama dhusun, basa padesan, pepindhan, kerata basa, panyandra, macapat, sesanti, parikan, saha wangsalan.

- (e) Kesenian ingkang adiluhung, ngewrat prekawis paraga salebeting kesenian Janggrung ingkang mumpuni, kaprigelan seni ingkang mumpuni, gladhen beksan saha karawitan salebeting kesenian Janggrung ingkang ngremenaken, ingkang ningali pentas Janggrung, Janggrung sarana pertunjukan ing acara tartamtu, saha acara salebeting pementasan ingkang ngremenaken.
- (f) Pakaryan wonten masyarakat desa, ngewrat prekawis jinising pakaryan ingkang prasaja, asil anggenipun makarya, saha upaya pados pakaryan ingkang sampun awrat ing jaman samenika.
- (g) Pirantos salebeting masyarakat desa, ngewrat prekawis pirantos salebeting kesenian Janggrung, titihan salebeting masyarakat desa, pirantos wonten griya wetawis taun 2005, pirantos wonten tetanen wetawis taun 2005, saha pirantos wonten sesadean wetawis taun 2005.

2. Kawontenan sosial budaya ingkang kagambaraken wonten latar

- (a) Janggrung udakawis taun 2005 dados beksa pergaulan masyarakat, dumados saking ledhek, nanging tembung ledhek lajeng dipunalusaken dados “paraga beksa”. Ngiras dados sindhen kairingi gamelan, pengibing utawi penandhak inggih menika pambeksa kakung ingkang ketiban sampur, saha pengarih inggih menika satunggaling petugas ingkang

tinanggenah ngawasi saha tanggel jawab menawi wonten penandhak ingkang tumindak sembrana utawi nerak kasusilan. (*Kapethik saking kalawarti Panjebar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

- (b) Seni Janggrung rikala taun 2005 sampun nyebar wonten kalangan masyarakat, saged dados beksan “mligi”, kadosdene beksan gambyong utawi *modifikasi* saking Janggrung. Beksan menika asring dipunkepyakaken minangka beksan kangge nampi tamu wonten adicara mirunggan saha resmi. (*Kapethik saking kalawarti Panjebar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*
- (c) Suwelan salebeting seni Janggrung udakawis taun 1960, taksih kanthi cara maringaken arta ingkang dipunlebetaken wonten “kemben” antawisipun dhadha. Nanging kawontenan taun 2005 prekawis menika sampun kaanggep sembrana, lajeng dipungantos kanthi maringaken arta wonten baki ingkang sampun dipuncawisaken dening pengarih. (*Kapethik saking kalawarti Panjebar Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*
- (d) Tumindak sembrana salebeting beksa Janggrung udakawis taun 2005 sampun boten asring katingal wonten pentas Janggrung masyarakat. Sinaosa *image* ledhek ingkang boten sae, tegesipun gadhah tugas

“ngrangkep” menika wiwit kalis, nanging image ingkang boten sae menika kados sampun rumaket wonten dhirinipun para ledhek Janggrung. Sajatosipun sedaya kalawau gumantung kaliyan dhirinipun piyambak-piyambak. (*Kapethik saking kalawarti Panjebur Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

- (e) Wonten sawetara masyarakat dhaerah ingkang pitados menawi ledhek menika dados sarana *penghubung* ingkang wigati, antawisipun panguripan masyarakat padesan kaliyan Dewi Sri utawi Dewi Kesuburan. Bibar panen adatipun dipunpentasaken beksa Janggrung kangge hiburan saha tontonan, ugi raos panuwun awit kanugrahanning Gusti bilih tetanem tegalan saha sabin kalis saking ama. (*Kapethik saking kalawarti Panjebur Semangat edisi 38 per 17 September 2005, kaca 27 kanthi irah-irahan “Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata” (BP Soedarsono SG).*

B. Pamrayogi

Panaliten ngengingi latar sosial budaya wonten cerbung *Janggrung* anggitanipun Sri Sugiyanto menika ngewrat saperangan pamrayogi ingkang mirunggan kados makaten.

1. Adhedhasar asiling panaliten, panaliten menika saged dipundadosaken satunggaling materi wonten pasinaon sastra wonten sekolah, amargi ngewrat jinising latar sosial budaya ingkang sae menawi dipuntepangaken dhateng

para siswa. Kajawi menika, panaliten menika ugi saged dipundadosaken *bahan apresiasi sastra*.

2. Kangge para maos, panaliten menika saged nambah kawruh ngengingi kawontenan sosial budaya masyarakat Indonesia nalika taun 2005 wonten pundi kesenian Janggrung dipunanggep asor, boten namung maos saking buku-buku kesenian kemawon. Panaliten menika ugi saged dipunginakaken minangka pandom kangge nindakaken gesang padintenan ingkang langkung sae, gayut kaliyan *amanat* ingkang dipunandharaken dening pangripta (Sri Sugiyanto) wonten cerbung Janggrung.
3. Panaliten tumrap cerbung *Janggrung* dipunrembag ngginakaken *pendekatan sosiologi sastra*, saha dipunkaji wonten *konteks sosial budaya* masyarakatipun. Kawontenan cerbung *Janggrung* minangka teks sastra badhe langkung gesang menawi dipunkaji wonten perangan paraganipun, saha ngginakaken *tinjauan psikologi kepribadian*.

KAPUSTAKAN

- Budianta, Melani, dkk. 2003. *Membaca Sastra: Pengantar Memahi Sastra untuk Perguruan Tinggi*. Magelang: Indonesia Tera.
- Damono, Sapardi Djoko. 2002. *Pedoman Penelitian Sosiologi Sastra*. Jakarta: Depdikbud.
- _____. 1978. *Sosiologi Sastra sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2012. *Pedoman Studi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: FBS, Universitas Negeri Yogyakarta.
- _____. 2011. *Metodologi Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1985. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Depdikbud.
- Junus, Umar. 1986. *Sosiologi Sastera Persoalan Teori dan Metode*. Kuala Lumpur: Percetakan Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Panjebar Semangat. *Cerbung Janggrung (Sri Sugiyanto)*. Edisi 13 per 26 Maret 2005 s/d Edisi 38 per 17 September 2005. Surabaya: PT Percetakan Panjebar Semangat.
- _____. *Tayub Minangka Ajang Kesenian Politik lan Wisata (BP Soedarsono SG)*. Edisi 38 per 17 September 2005. Surabaya: PT Percetakan Panjebar Semangat.
- Pelly, Usman. 1994. *Teori-teori Sosial Budaya*. Jakarta: Proyek Pembinaan dan Peningkatan Mutu Tenaga Kependidikan, Depdikbud.
- Sangidu. 2004. *Penelitian Sastra: Pendekatan Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Depdikbud.
- Sayuti, A. Suminto. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Semi, M. Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Sudjiman, Panuti. 1988. *Memahami Cerita Rekaan*. Jakarta: Pustaka Raya.

Tworisniawati, Mardiana. 2012. *Latar Sosial Budaya dalam Cerbung Ting Karya Dyah Kushar*. Skripsi S1. Yogyakarta.

Universitas Negeri Yogyakarta. 2010. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS, Universitas Negeri Yogyakarta.

Widayat, Afendy. 2005. *Diktat Pengantar Pengkajian Sastra*. Yogyakarta: FBS, Universitas Negeri Yogyakarta.

LAMPIRAN

Lampiran 1

Ringkesan Isi Cerbung Janggrung

Kawontenan seni Janggrung ingkang rumiyin nate dados tontonan pethingan wonten madyaning masyarakat, samenika sampun badhe cures. Menapa malih kanthi wontenipun pawarta salebeting masyarakat bilih Janggrung menika seni ingkang nerak kasusilan satemah dipunanggep asor drajadipun. Sajatosipun boten sedaya paraga Janggrung pentes dipunanggep asor, sedayanipun gumantung kaliyan paraga ingkang nglampahi. Nanging kathah masyarakat ingkang nggebyah uyah, paraga Janggrung ingkang sae saha murwat bebudenipun ugi ndherek dipunanggep asor.

Sinaosa kados makaten kawontenanipun Janggrung, nanging taksih wonten pethinganipun paraga Janggrung ingkang boten kersa ninggalaken seni Janggrung inggih menika Nyi Prenes. Piyambakipun panggah kukuh sinaosa tanggapan Janggrungipun namung kadhangkala. Sajatosipun getih seni saking Nyi Prenes menika tumurun wonten putrinipun inggih menika Welas, nanging Welas kados boten remen menawi simbokipun kedah nglajengaken panggaotan Janggrung, menawi dipuncampuri kaliyan tumindak sembranan.

Nanging Nyi Prenes panggah kukuh boten badhe ninggalaken seni Janggrung minangka pakaryanipun. Kepara piyambakipun ugi gadhah gegayuhan bilih Palguna, jaka kencuripun Nyi Rawit saha Pak Kemis nglajengaken bakat seninipun, sinaosa tiyang sepuhipun Palguna radi kawratan amargi Palguna taksih kencur. Salebeting jiwaniipun Palguna pancen wonten getih seni ingkang tumurun

saking tiyang sepuhipun ingkang tilas ledhek Janggrung. Nanging gegayuhanipun kangge mlebet SMKI boten saged kaleksanan amargi tiyang sepuhipun langkung kersa menawi Palguna mlebet sekolah negeri. Palguna ndherek, piyambakipun pitados bilih menawi badhe ngrembakakaken kaprigelanipun boten kedah mlebet sekolah seni.

Satunggaling dinten pak Tarjo dipunutus dening Pak Brayat kangge ndhawuhi Nyi Prenes saha Welas supados dados paraga Janggrung wonten pahargyan kawin emasipun Pak Brayat, saha kawin perakipun Pak Mulyono, putranipun Pak Brayat ingkang paling sepuh. Proses gladhen dipuntindakaken kanthi nyawijikaken swantenipun gendhing kaliyan beksan Janggrung. Ngantos dinten pahargyan menika tumeka wonten dalemipun Pak Brayat, kathah tamu ingkang kepranan kaliyan pentas beksa Janggrung. Para tamu boten ngira menawi paraga Janggrung pranyata ayu-ayu saha bagus-bagus.

Makaten adicara pahargyan saged kalampahan kanthi rancag ngantos paripurnaning adicara. Nanging wonten satunggaling tamu undangan inggih menika Pak Dul Bandhu ngersakaken tumindak sembrana nalika mangertos bilih Nyi Prenes saweg wonten ruang ganti utawi ruang rias. Boten wonten tiyang sanes kajawi kekalihipun. Tamu sanesipun taksih mriksani seni hiburan ingkang taksih gayeng wonten njawi. Nyi Prenes nulak kekajenganipun Pak Dul Bandhu ingkang thukmis menika. Nanging Pak Dul Bandhu boten nyerah, ngantos boten wonten ingkang mangertos menapa ingkang kadadosan antawisipun kalih tiyang kalawau.

Pak Widura menika boten wasis wonten babagan gendhing, nanging gegayuhanipun kangge ngedegaken sanggar karawitan sajakipun sampun kawujud. *Sekar Kalongking* inggih menika nama ingkang dipunpilih kangge sanggar karawitan menika. Pak Widura saha Bu Wahyuni anggenipun milih anggota pranyata wasis saestu. Pak Bambang kemawon ingkang kajibah nggladhi para anggota ngraos mongkog saha remen amargi para anggotanipun sami gatekan saha boten lalen anggenipun ngapalaken urutanipun not.

Ngantos satunggaling dinten sanggar karawitan Sekar Kalongking dipunpitados kangge ngiringi beksan Janggrung wonten adicara ngundhuh manten sadherekipun Pak Lebda. Pak Lebda menika rumiyin nate ngasta wonten kantor Kebudayaan. Ingkang dados ledhek Janggrung inggih menika Nyi Prenes, Welas, saha Kanthil. Kanthil menika rayinipun Welas, piyambakipun sampun dangu nilar griyanipun amargi boten purun menawi dipunpeksa Nyi Prenes ndherek Janggrung menawi wonten tandhak ingkang ngersakaken sembranan.

Inkang dipunpasrahi ngracik beksan Palguna saha Kanthil, wondene ingkang dipunpatah nggarap gendhingipun inggih menika Pak Bambang. Karawitan Sekar Kalongking ingkang dipunpandhegenai dening Bu Wahyuni garwanipun Pak Widura, nyata prigel-prigel saestu, swantenipun gendhing saged dipunraosaken kanthi nyamleng, jumbuh menawi dipungathukaken kaliyan beksan Janggrung ingkang dipungarap alusan. Wekdal kangge beksan Janggrung menika boten dangu, udakawis namung setengah jam, nanging saged damel para tamu kepranan saestu. Paraganipun ingkang ayu-ayu, beksanipun ingkang endah, saha tabuhan gendhing ingkang raosipun rempeg dipunmirengaken.

Pak Lebda anggenipun badhe nglestantunaken Janggrung boten namung cekap semanten. Nalika wonten adicara rasulan utawi resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar malih. Kanthil saha Welas ingkang kadhapuk dados paraga Janggrung, dipungarap beksan alusan. Nalika wonten tombokan ugi namung tombok alusan, saha winates paraga-paraga ingkang dipunkeparengaken. Saking gethok tular, Janggrungipun Nyi Prenes wiwit pikantuk kawigatosan malih. Jeneng Janggrung wiwit dipuntepungi dening masyarakat silih gumanti. Kathah warga desa Kecik utawi sanesipun ingkang nanggap Janggrungipun Nyi Prenes kangge adicara-adicara tartamtu.

Kajawi Pak Widura ingkang sampun kasil ngedegaken sanggar karawitan Sekar Kalongking, Palguna ingkang samenika kuliah wonten jurusan seni ugi gadhah gegayuhan kangge ngedegaken sanggar beksan Janggrung. Nanging dereng dipunwujudaken pepenginanipun Palguna menika, sampun kaathah tiyang ingkang rangu-rangu menapa samangke sanggar beksan Janggrung menika saged lestantun saha maju. Menapa malih Palguna menika samangke dados sarjana seni, menapa cekap gesang ing madyaning padesan namung badhe mecaki jagading Janggrung. Palguna menggalih bilih pamanggihipun tiyang sanes menika wonten leresipun, nanging piyambakipun panggah kukuh badhe ngedegaken sanggar menika, sinaosa kathah pepalangipun. Umpaminipun Pak Padmo ingkang katingal serik dhateng Palguna, amargi piyambakipun nate ngedegaken sanggar beksan nanging wekasanipun namung kanton jeneng.

Wekasan Palguna sampun ngedegaken sanggar beksan Janggrung. Ning Manis putranipun Pak Dul Bandhu ingkang wiwit dados anggota. Sansaya dangu

anggota sanggaripun Palguna sansaya kathah, wiwit lare alit dumugi lare SMA wonten. Kanthil ugi ndherek mbiyantu Palguna anggenipun nggladhi anggota sanggar menika. Anggenipun gladhen beksan ugi dipunbedakaken dados kalih, lare alit piyambak, ingkang radi ageng piyambak. Sedaya sampun wonten jadwalipun piyambak-piyambak.

Sansaya dangu sanggar beksanipun Palguna sansaya ngrembaka. Kepara wiwit dipunpentasaken wonten adicara tartamtu. Wiwit adicara mengeti HUT RI, Palguna kaliyan Kanthil sansaya greget anggenipun nggladhi para anggotanipun, makaten ugi ingkang dipungladhi boten kawon semangatipun. Awit asringipun nggladhi sesarengan, sajakipun tuwuh raos tresna antawisipun Palguna kaliyan Kanthil. Nanging saking Palguna menapa dene Kanthil boten kepengin salawase nggladhi sanggar Janggrung menika wonten sesandhunganipun.

Adicara mengeti HUT RI saged lumampah kanthi rancag. Pentas Janggrung ingkang dipungarap pasangan sinambi gegeculan saha boten wonten tombokan ugi saged ndamel para tamu kepranan. Sanggar beksanipun Palguna pikantuk pangalembana saking kathah tamu, kalebet Prastiwi, keponakanipun Pak Bambang ingkang nembe wisuda sarjana seni. Piyambakipun ngalembana tumrap gregetipun Palguna ingkang taksih gadhah gegayuhan kangge nglestantunaken seni Janggrung.

Dereng telas pangalembana saking masyarakat tumrap sanggar beksanipun Palguna, Pak Kasi Kebudayaan ingkang dipundherekaken dening Pak Bambang saha Pak Lebda dalasan Prastiwi rawuh wonten sanggaripun Palguna maringi informasi bilih badhe dipunwontenaken lomba tari rakyat tingkat Jawa

Tengah. Pak Kasi Kebudayaan ngersakaken ngangkat Janggrung Wonogiren kanggendherek lomba kasebut. Ingkang dipundhapak minangka paraga beksan samangke para anggota sanggar beksanipun Palguna.

Ngadhepi lomba tingkat Jawa Tengah temtu mbetahaken gladhen ingkang boten sekedhap. Kedah greget amargi wekdalipun tansaya caket kaliyan lomba. Palguna, Kanthil saha Prastiwi sansaya greget anggenipun nggladhi para paraga Janggrung. Kalebet persiapan kados kostum, rias, seragam karawitan ugi sampun wiwit dipunsamaptakaken.

Lomba tari rakyat menika dipunadani wonten wayah ndalu, mapan wonten Kabupaten Kendal. Ingkang ndherek lomba wonten wolung kontingen. Janggrung Wonogiren wiwit jumedhul kanthi undhian nomer gangsal. Garapan Janggrung enggal menika damel penonton sami ngguyu amargi salebeting beksan menika wonten garapan beksan ingkang mloto. Nalika nengga pengumuman menika wekdal ingkang damel boten sabar kangge mangertosi asilipun.

Nalika Janggrung Wonogiren diumumaken minangka penyaji terbaik tari rakyat tingkat Jawa Tengah boten rinasa luh kabungahan tumetes, nganos boten kuwawa badhe surak. Sedaya sami salaman kebak raos mongkog saha bombong. Wiwit menika jeneng Janggrung sansaya ngumandhang. Setunggal mbaka setunggal media wiwit ngemot warta wontenipun Janggrung ingkang dipungarap. Sanggar Janggrungipun Palguna ugi wiwit dipunajeni.

Kahanan menika temtu damel mongkog manahipun Palguna saha Pawitri, menapadene Kanthil. Nalika Pawitri nyekel pundhakipun Palguna, manahipun kedher. Pawitri sajatosipun tansah kepengin semandhing wonten

sisihe Palguna kangge ngumandhangaken endahipun seni Janggrung, nanging ali-ali wonten drijinipun Prastiwi sampun njiret pangloncita ing batinipun Prastiwi. Palguna ugi ngraosaken sajatosipun sajroning manah wonten rasa ingkang gumathok. Nanging ali-ali wonten drijinipun Prastiwi mujudaken ali-ali sengeran.

Lampiran 2

Tabel Data Latar Sosial Budaya Salebeting Cerbung *Janggrung*

Tabel 1. Perangan Religiusitas ingkang Inggil wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Religi	Katrangan
48	“Ora mungkin yen Karyo Mingun tumindak kaya ngene. Dheweke kuwi wonge jujur. Tur mau awan wis kandha yen sing eleb sawah nyi Prenes lan pak Kemis,” swara atine Pengkuh karo clilang-clileng ing sakiwa tengene kono mbok menawa ana wong sing ndingkik. Kahanan panggah sepi.	Blaka minangka sipat ingkang dipunwulangaken agama	Sugiyanto, 2005: 20 seri 6
77	“Dhawuhane yen ora ndang didandani, mengko sawah-sawahe wong wong Kecik kene padha ora panen.” “Napa mboten nyangga sepanenan mawon ki?” “Enak temen yen nganti isa nutug nganti panen, lha wong tumapake pari mbledug wae wis ora kanthen. Eman-eman ragate lan parine yen ta nganti padha ora panen.” “ Apa sajake ora tau Janggrungan kuwi Ki, dhawuhane ora gelem dibembeg nganti kanjat taunan, ” cluluhe mbah Tanem pijet. “Napa nggih onten sesambungane Ni?” “Ya ora ana sambung rapete. Nanging ndhisik-ndhisik swargi Bayan tuwa sing dituwekke	Mitos ingkang taksih dipunpitados dening masyarakat	Sugiyanto, 2005: 19 seri 11

	panemune neng desa kene iki, saben-saben panen ora lowong karo Janggrungan. Ngiras pantes nglipur karo para kadang tani sing mentas pethel olehe tetanen.”		
79	Nalika mbah Bayan tuwa isih sugeng, adat Janggrungan ing ara-ara cedhak dhawuhan kuwi tansah dileksanakake minangka adat ritual lan panglipur marang para tani sing mentas panen.	Ritual ingkang taksih dipuntindakaken dening masyarakat	Sugiyanto, 2005: 20 seri 11

Tabel 2. Perangan Organisasi Sosial wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Organisasi Sosial	Katrangan
21	Jroning ati pancen bener ngendikane pak Joko. Sajrone dheweke bisa karawitan lan njoget, neng njaban sekolahan wis ngasilake dhuwit, nadyan dheweke ora niyat komersil. Akeh grup-grup karawitan sing merlokake tenagane. Utamane group-group karawitan putri. Cekelan sing disenengi ricikan alus. Asile sithik mbaka sithik dicelengi, malah kena kanggo ragat sekolah.	Paguyuban utawi grup-grup karawitan ingang ngrembaka kanthi sae.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
39	“Pak Brayat ora ngersakke Janggrung sing sembranan Las, nanging Janggrung sing alus kebak subasita. Sing ngiringi wae ibu-ibu PKK Desa. Karawitan Sekar Sari. Dakkira ora bakal nyebal saka paugeran sing nerak kasusilan.”	Paguyuban utawi grup-grup karawitan ingang ngrembaka kanthi sae..	Sugiyanto, 2005: 19 seri 4

68	“Aneh ya mbok, pak Widura kuwi laras ora mudheng, not gamelan ora nyanthol, kok aneh-anehe ngedegake karawitan barang. Gumunku kuwi kok sing digoleki prawan-prawan sing kencur,” guneme Welas krasa tidha-tidha. “Sliramu saiki ora perlu was sumelang Las. Pak Widura saiki wis ora kurang ajar kaya nalika isih seneng mendem neng kalangan Janggrung nalika semana. Kabeh mau rak bot-bote kepingin melu ngreksa lestarine kabudayan Jawa.”	Pengurus salebeting organisasi	Sugiyanto, 2005: 20 seri 9
71	“Sekar Kalongking” mujudake jeneng sing dipilih minangka tetenger karawitane pak Widura disekseni dening pak Camat, pak Bambang minangka Pemilik Kebudayaan lan para sesepuh desa.	Paguyuban utawi grup-grup karawitan ingang ngrembaka kanthi sae.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 10
104	“Aku nyengkuyung lamun mas Palguna lan mbakyu Kanthil sida ngedegke sanggar Janggrung iki. Sapa ngerti mengko bakal oleh kawigaten saka masyarakat. Merga sanggar-sanggar sing gelem nggulawentah marang seni tradisi kuwi arang lho mas,” panuture Ning Manis kanthi kebak pangarep-arep.	Sanggar beksan ingkang ngrembaka kanthi sae.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 19
105	“Mengko dhisik ta, ngedegke sanggar kuwi ora gampang lho, Pal. Contone wae sanggar tari sing wis daktakoni, nyatane ora sempulur. Mosok awakmu malah arep adeg sanggar sing mligi Janggrung, apa ora kowang-kowang.” “Sedaya rak dereng dicobi, pak. Malah niki dereng	Pengurus salebeting organisasi (sanggar beksan)	Sugiyanto, 2005: 19 seri 19

	dibentuk pengurus mpun oleh sing ajeng tumut. Pak Padmo mangke mlebet pengurus, ngiras pantes ndherek dados sesepuh.”		
106	Sing baku anggotane sanggar Janggrung kuwi ana sanga . Wadone lima lanange papat. Dene bocah cilik-cilik uga wiwit padha melu dadi anggota . Ing jadwal latihan dipilahke. Sing bocah-bocah diwenahi tarian bocah-bocah, kayata tari Kelinci, tari Kupu-kupu, lan sapanunggalane. Dene sing gedhe-gedhe wis diwarahi tari dasar klebu batangan tayub. Latihane cukup seminggu pisan kanthi program isa nambah wektu latihan yen ta ora ngganggu pasinaon ing sekolahan.	Anggota wonten sanggar beksan ingkang maneka warni	Sugiyanto, 2005: 19 seri 20
118	“Sajake kabeh persiapan wis ora ana sing kecicir mas. Muga-muga wae kanca-kanca ora ana sing ngrerendhet laku,” pangudarasane Prastiwi. “Mbak Pras wis melu rekasa kanggo mujudi lomba iki. Mengko kanca-kanca sanggar ora bakal nglalekake kabeh sumbangsihmu.”	Sanggar beksan ingkang ngrembaka kanthi sae	Sugiyanto, 2005: 19 seri 26

Tabel 3. Perangan Kawruh saha Kaprigelan anggenipun nganalisa wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Kawruh saha Kaprigelan anggenipun Nganalisa	Kapethik saking
3	Satemene ora saben Janggrung pantes dianggep asor. Kabeh mau gumantung paraga sing nglakoni.	Kawruh ngengingi kawontenan Janggrung ing jaman samenika.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 1

	Nanging sing jenenge wae urip ing samodrane sesrawungan sok kelem ing unen-unen, “digebyah uyah”, saengga sing dadi ledhek Janggrung murwat lan apik bebudene ya katut melu dicap kaya mengkono mau.		
44	“Kahanan desa iki kok pancet wae, pak. Sajake ora ana kaundhakane. Apa pancen wis ora ana grengsenge warga kanggo ngolah kegiatan?” “Kapan sliramu teka?” “Lagi mau bengi,” “Durung ana sedina kok sliramu wis nduga, apa titikane Par?” “Kahanan dalam panggah padha. Malah pager-pager omah pekarangan sajak wis padha ora kopen. Suket-suket kiwa tengen dalam padha njembrung. Lan maneh iki lho pak, galengan uwangan lan panggarape sawah pacet wae. Apa kahanan ngene iki yen musim ketiga apa ya padha panen?”	Kawruh ngengingi kawontenan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 5
46	“Kudune uwangan iki wis wancine dirombak Kuh, supaya banyu sing menyang ngisor ora kepangan gronjalan kalen,” guneme pak Kemis karo leren neng ndhuwur tulakan. “Bener, kang. Mesakke sing neng ngisor, banyune rada keponthalan nguyak wektu. Dalam banyu kudu dipaprasi nleseng alus mengisor. Cluwengan neng tulakan kudu dikurangi.”	Kawruh ngengingi kawontenan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 6
74	“Sabèn lelakon kuwi ora ana sing bisa nyelaki	Kawruh ngengingi kawontenan	Sugiyanto, 2005: 46 seri

	wektu Nyi. Nadyan wis ora payu njanggrung, nyatane dheweke padha puguh ngantebi kasetyane kanggo ngupaya boga njajah desa milang kori. Ora mung golek rejeki wae pawadane, nanging uga kepingin ngelingake warga desa, manawa seni Cokek lan Janggrung iku butuh kawigaten kang sanyatane.” Nyi Prenes mesem. Ironing ati ngalembana marang Pengkuh sing duwe wawasan jembar.		10
81	Nyi Prenes meneng, sajak lagi ngundha pangudarasa. Tembunge Welas dirasa ana benere. Menawa anggone ambyur ing donyane Janggrung wis kejeran nerak angger-angger kasusilan. Mesthine tumindak kaya ngono kuwi ora perlu dilakoni. Janggrung bisa wibawa waton sing dadi ledhek ora lelemeran, tansah kebak rasa kurmat, ngregem rega lan ajining dhiri. Nanging kabeh wis kedlarung. Ndonya wis padha nyekseni yen saiki akeh sing padha nganggep asor saben krungu tembung Janggrung.	Nganalisa satunggaling prekawis	Sugiyanto, 2005: 19 seri 12
84	“Ning dheweke kurang ajar karo aku, kang.” “Babagan panggautan sing mbok lakoni ta?” Nyi Prenes unjal ambegan wae. “Krenahe Kanthil kuwi bener, nyi. Dheweke emoh mbok peksa lelemeran kanthi paes Janggrung sing saya ora ngrembaka iki. Coba saiki gagasan lan nalaren kanthi jero, sapa wae sing ambyur ing donyane seni tanpa gondhelan	Nganalisa satunggaling prekawis	Sugiyanto, 2005: 47 seri 12

	kasusilan apa uripe bakal tentrem. Dak kira ora. Wong urip kuwi dudu gambar dhuwit ajine, nanging kawibawan.”		
93	“Bapak kuwi pikirane ngeres. Sapa ngerti suk mben Janggrung isaanja ing donyane kabudayan.” “Anja mbelgedhes, saiki ora ana sing ketarik karo Janggrung. Kesenian kuwi kuna.” “Ning wolak-walike jaman ora kena digerba lho pak. Nyatane saiki barang antik ya dadi inceran,” panangkise Ning Manis.	Kawruh ngengingi kawontenan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 15
95	“Piye nyi Prenes lan nyi Lindri kuwi, sajake kabotan pa yen digarap ngene iki?” “Nggih radi bingung, pak. Murugke nggih mboten nate mambu sekolahan seni,” wangsulane nyi Lindri karo klecam klecem. “Sing jenenge garapan ki ya ngene iki. Mengko waton sregep sinau lan kulina ya ora kangelan. Pancen joged sing apik, mapan lan ngresepi kuwi kudu bisa ngenggoni telung perkara. Yaiku wiraga, wirama lan wirasa.” Kabeh padha njinggleng ngrungokke apa sing dingendikakake pak Lebda kuwi. “Wiraga teges cekak aose wae sing magepokan karo obahe awak babagan joged, dene iramane gendhing lan sapanunggalane kuwi mlebu ing wirama mau. Yen wis jangkep loro njoged kuwi obahe kudu dirasakke, cocog ora karo gendhinge, nganti tekan polatane. Yen ing tari	Kawruh ngengingi kesenian beksan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 16

	gagrak Surakarta, joget sing apik kuwi kudu ngugemi gondhelan waton sing diarani Hasta Sawanda. Hasta tegese wolu, sawanda mengku teges wateg, saka tembung wanda.”		
101	“Pancen abot sanggane, nyi, njejegake luhure Janggrung minangka seni sing adiluhung kuwi. Aku kuwi tilas wong mendem, tilas blangkrahan tombokan Janggrung. Aku ngerti, ledhek sing seneng lelemeran ora bakal sempulur kawibawane. Merga mung mburu kecehe dhuwit. Aku melu njurung lan mathuk, janggrung digarap alusan, sopan, duwe tata krama, ora perlu nganggo mendem lan tombokan suwelan kemben.” Nyi Prenes mleruki karo pleda-pledu	Kawruh ngengingi kesenian Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 18
114	“Ning garapan menika rak sampyn kathah permakanipun saking pakem lan aslinipun Janggrung pak Lebda,” pak Kasi isih ketara kukuh saka kederenge. “Pancen ingkang dipunwastani garap menika kedah wonten ewah-ewahan. Kompagipun beksan, polatan, cakrikipun beksan. Nadyan kanthi garapan ingkang kados mekaten, nanging mboten badhe linggar saking angger-angger seni rakyat. Janggrung jogetipun kedah katon temata lan guyup, milane sok katelah tayub. Cobi gendhing-gendhing ingkang dipun racik sampun mujudake gendhing-gendhing gagrag lawas, utawi kuna, ingkang raosipun sampun njangget dhateng	Kawruh ngengingi kesenian Janggrung	Sugiyanto, 2005: 20 seri 24

	manahipun warga desa. Othog Owog, Boyong Basuki, Godril, Orek-orek, menika rak sampun mratandhani cirikas gendhing-gendhing rakyat.		
--	---	--	--

Tabel 4. Perangan Basa wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Basa	Kapethik saking
1	Ana unen-unen “ Cokek ketleyek, Janggrung ora duwe siung. Tayub ora oleh papan eyub. ”	Paribasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 1
4	Nyi Prenes, salah sijine ledhek janggrung ing desa Kecik sing isih setengah umur, ora mupus mecaki lakune jaman.	Paribasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 1
5	Pancen sing jeneng lakune urip kuwi sok owah gingsir. Ndhisik nalika janggrung tau dadi tontonan pethingan neng tengahe masyarakat, prasasat sing jenenge ledhek tansah dadi kembang pocapan sing diaji-aji. Mbuh jogete, mbuh swarane, mbuh rupane, mbuh samubarange, waton ana Janggrung manggrung mesthi sing nonton tumpang bleg nanti parak esuk.	Paribasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 1
8	“Sliramu weruh anake nyi Rawit, jaka kencure pak Kemis kae?” “Dhik Palguna sing dikarepake simbok?”	Paribasan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1
11	“Palguna duwe bakat. Lan awake dhewe iki urip ana jagate janggrung paribasane wis mbalung sumsum. Dheweke kuwi duwe turasing getih saka	Bebasan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1

	wong tuwane, masa mbakyu Rawit ora tanggap.”		
14	“Nyi, mumpung durung kasep aku pengen golek panggautan sing kena dak jagakke nganti tuwa. Merga wis akeh conto, tedhek sing wis kisut kulite kegawa umur wis ora ana sing gelem nggape maneh.” Nyi Prenes mleruk karo mencap-menceb ketara ayune merga pipine sing dheik ketara obah-obah	Tetembungan salebeting kesenian Janggrung	Sugiyanto, 2005: 43 seri 1
15	“Nyi Prenes, kula angsal welingan, njenengan ken ndang wangsul,” celathune Pawitri karo lungguh ing sisihe mboke.	Basa Jawi ragam krama dusun.	Sugiyanto, 2005: 43 seri 1
18	“ Jroning jiwamu ana bakat kependhem Pal. Dak jaluk aja nganti ilang sawuse lulus SMP mengko, ” ngendikane pak Joko.	Basa Jawi ragam ngoko.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
19	“ Mboten badhe ical saking manah kula pak, ” wangsulane Palguna keprungu manteb.	Basa Jawi ragam krama inggil.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
20	“Mboten pak, kula sampun manteb kangge mecaki seni jiwa menika. Raosipun kok ndadosaken tentrem teng manah.” Pak Joko mesem. Pundhake Palguna dipuk-puk.	Basa awujud basa Jawi ragam krama dhusun.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
26	Wengi kang sepi. Kabeh padha leyeh-leyeh sawuse kliwat jam wolu bengi. Palguna ora lali kaya padatan lungguh neng latar nggeseki rabab. Krasa senggrekan alus kebak irama sing mapan. Swarane dumeling nyendhal ati , krasa nganyut-anyut.	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 2
27	Pak Kemis ngrangkul pundhake Pawitri dipuk-puk, nuli ndhisiki bali lungguh neng kursi, nyeler	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 2

	rokoke disumed kebul-kebul. Disawang keluke karo sangga uwang. Ah lakune pega kuwi kok kaya nurut iramane rebab sing tansah nganyut-anyut. Apa dheweke arep tegel megat jiwa senine sing netes ing balung sumsume anake lanang kuwi?		
28	Awan kuwi krasa nantang. Panase ngudubilah kaya kuwawa ngobong kulit bae.	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3
31	“Piye ya Bu Sri. Rasane atiku kok kurang teteg ngadhepi kasetyane wong lanang. Aja-aja mung kepengin blegger we ora tekan njero ati,” wangsulane Nyi Prenes klewa-klewa. “Jenenge wae wong lanang, tembunge ala-ala menang. Yen ana ngarepan mlithit matrem janji, ning yen mlangkah lawang sok seje kocape. Sajake ngedhug-dhuge dupeh amba jangkahe.	Keratabasa	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3
32	Nyi Prenes mesem ijen nuli mlebu omah. Ing atine wiwit krasa yen Pengkuh katon duwe ati marang dheweke. Wong lanang pidegsa sing gaweyane saiki dadi kuli panggul neng pasar kuwi saiki watake katon semeleh, tur ya ora sugih gunem.	Panyandra	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3
33	“Bapak Pocung, dudu watu dudu gunung, satriya ing Plembang, dedegira ageng inggil, yen lumampah si Pocung lembahan grana. Ooongg bumi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon. Thok cek gendhang gong. Nong-nong-nong gong. Gik-gik-gik gong. Dlang dhondhang thung gong....”	Macapat	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3

	neng ngarep omahe Nyi Prenes pernah isih ana ndalan ngadhepake gapura mlebu.		
37	“Dinane kari sasi ngarep pendhak iki lho ndhuk Las. Tamune wong sugih-sugih, mesthi tombokane wis kena ditohke.” “Wong sugih kuwi durung mesthi loma lho Lik. Srawunge malah mbebayani, dhuwit gedhe sok nggawa ati,”	Tetembungan salebeting kesenian Janggrung	Sugiyanto, 2005: 20 seri 3
38	“Janggrung kuwi wiwit jaman dhisik ya ngono kuwi Las, dadi ledhek kudu gelem sembranan, ora gampang putung aten, ning ya ora gampang kecanthol tresna.” “Kuwi jarene sapa mbok?” “Ya jarene wong-wong wiwit jaman ndhisik, simbok kuwi rak mung kari ngleluri jaman sing wis mlaku.” “Simbok ngugemi sesanti kuwi?”	Sesanti	Sugiyanto, 2005: 19 seri 4
40	“Satemene Kanthil ora melu TKW. Dheweke dak titipke adhiku neng Sala sing duwe sanggar tari. Malah iki wis lulus SMKI.” “Kula kok dereng percados, nalaripun kadospundi Kanthil ngantos ndherek adhikipun bapak. Mangka wonten seratan piyambakipun kesah tumut TKW wiwit kawan taun kepengker?”	Basa padesan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 13
43	Welas meneng, praupane sedhela mbrabak, nuli ndhingkluk ora wani ngulati pak Dul Bandhu sing sajak kedhep tesmak anggone nyawang perangan dhadhane kang nyengkir gadhing.	Panyandra	Sugiyanto, 2005: 19 seri 5

45	Nyi Prenes mbalang esem, ndadekake dhadhane Pengkuh nratat sedhela. Satemene Pengkuh kepingin nyrempet anggone ngayunake nyi Prenes kuwi, ning kegawa atine tidha-tidha satemah ora ketekan. Sedhela nyoba lungguhe dipepetake, nyi Prenes panggah lungguhe ora ngendhani, ndadekake atine Pengkuh dadi tambah goreng kaya kesamber-samber gandrik pitulukur. Luwih gragapan maneh nalika weruh Welas metu saka pawon nggawa selang digawa menyang latar arep dinggo nyirami kembang.	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 6
47	“Hmm... apa ora kelingan unine tembang asmarandana kae, gegaraning wong akrami, dudu bandha dudu rupa, amung ati pawitane, luput pisan kena pisan, yen gampang luwih gampang yen angel-angel kelangkung, tan kena tinambak arta, ”	Macapat	Sugiyanto, 2005: 20 seri 6
54	“Ing wasana cekap semanten atur kula nglantaraken werdining sedya bapak Brayat kaliyan. Wadhuk Gajah mungkur Wonogiri, wonten kethithaling atur kula nyuwun pangaksami. Billahitaufik wal hidayah, wassalamualaikum warah matullahi wabarakatuh.”	Parikan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
63	“Rumangsaku lintang kae panggah ayem. Sing beda apane kang?” pitakone Pawitri mbaleni rembuge. “Ombyake kahanan,” wangsulane Palguna cekak. Pawitri sedhela nyawang kakange sajak ora	Basa Jawi ragam Ngoko	Sugiyanto, 2005: 19 seri 8

	mudheng. “Ndhisik yen lintange padha abyor, rembulane katon sumeblak, akeh bocah-bocah padha dolanan turut latar karo tetembangan.”		
65	Nyi Rawit wekasane mung nyarah marang Palguna. Paribasane didhadhunga medhot, dipalangi mlumpat. Wong nyatane dheweke sekolah bakal golek ragad dhewe. Palguna pancen wis duwe pikiran sing memet anggone kepingin kuliah njupuk jurusan seni. Mboke sadurunge ya tidha-tidha, nanging bareng anake lanang kuwi nuduhake celengane neng bank atine ya krasa kabuka sing wekasane ya menahi panjurung.	Bebasan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 8
69	“ Piye kabare, karo mas Parjimo sida ora? ” Welas panggah meneng “ Lelakon sing wis mungkur daklalekake Las, awakmu aja kleru pandakwa. Ing atiku wis ora ana maneh jeneng Parjimo. Upama aku sida dadi karo dheweke, ora wurung mung bakal dadi pocapan wong tuwane. Parjimo kuwi digegadhang bisaa entuk bojo pegawai negeri. ”	Basa Jawi ragam ngoko	Sugiyanto, 2005: 40 seri 9
82	Nyi Prenes sedhele-sedhela mung unjal ambegan landhung. Sajrone ati uleng antarane gething lan bungah dadi siji. Ndhisik atine nyi Prenes pancen tatu, rumangsa diundhat dening anake wadon sing klebu gawan kuwi. Kanthil klebu prawan sing longgor awake, ayu rupane nanging katon singset.	Basa padesan (ingkang kasar)	Sugiyanto, 2005: 20 seri 12

	Dheweke ketara tregal-tregel yen lagi nyeblakake sampure. Nanging kipa-kipa yen sing tombok padha sembranan. Bola bali nyi Prenes nyoba ngrimuk atine supaya gelem digendhak wong lanang sing dhuwite kandel. Nanging Kanthil panggah puguh. Dheweke gelem Janggrung neng kalangan wae, ora bakal diterusake neng njaba, apa neng papan liya.		
83	“ Njanur gunung kang Kemis sekalihan. Sajak ana wigati sing ngangseg?” pitakone nyi Prenes karo nyithe rokoke sing kari uthisan. “Arep mertakke jare Kanthil arep bali, nyi?”	Wangsalan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 12
85	Nadyan wengi kuwi wis katon sepi kagawa mendhunge tansaya peteng, nyi Prenes durung bisa turu. Hawane krasa gerah kagawa pikirane sing uleg. Njegreg kethap-kethip ijen, kelingan Kanthil nalika isih umbelen. Ah, bocah kuwi menyang ngendi-endi tansah kemanthil, beteke ngrasakake nyi Prenes kadidene ibune sawutuhe. Antarane Welas lan Kanthil pindhha jambe sinigar ayune . Umure sing kacek limang taun kuwi krasa kaya mbakyu adhi nunggal wadhah lan wijine.	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 47 seri 12
88	“Cethane aku kuwi arep ngundhuh manten, ning manten lawas. Nanging bakal daktanggapke Janggrung.” “Janggrung?” Nyi Prenes mlongo setengah ora percaya. “Bener, Janggrung. Mesthi sliramu kaget, merga	Basa krama inggil	Sugiyanto, 2005: 19 seri 13

	wong duwe gawe saiki wis arang banget nanggap Janggrung, Janggrung saya kesisih kagawa ombyake jaman.” “Nanging bapak menika priyagung luhur, mesthinipun tamunipun ugi priyagung-priyagung ingkang luhur, menapa janggrungan kula saged mranani. Menapa malih Kanthil dereng saged mesthekaken wangsulanipun pak,” Nyi Prenes krasa grogi.		
92	Mung kebeneran wae wengi kuwi Palguna mlebu warung lesehan. Kanthil atine kaya entuk emas sagunung anakan. Mita kenthele tunggal desa sing tansah lelumban ing donyane Janggrung. Umure luwih tuwa rong taun. Nom-noman kuwi sajak seneng weruh Kanthil bakal bali neng desane.	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 14
97	Para paraga among tamu kakung putri sing pacak baris ana wiwarane wiwaha katon rintib temata ngagem beskap warna ireng njanges, ana saperangan sing digawe saka beludru, utamane sedulur-sedulure pak Lebda. Keris warangka ldrang sinungging pendhik kang melok pindha kuninge kencana nambahi luwih ngengreng lan wibawa. Esem sing tansah sinungging gawe suka lan remen sing padha mara tamu.	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 17
103	Wengine terus nggremet. Kaya padatan Palguna saben-saben wektu kang longgar seneng ngisis ana latar karo ora lali nyenggreki rebabe. Yen isih sore	Pepindhan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 18

	gelem kumpul-kumpul karo bocah-bocah nom turut prapatan sing ora duwe kagiyatan. Satemene dheweke lumuh yen kudu ubyang-ubung kaya bebek wae anut grubyuk tanpa duwe ancas sing maton . Nanging yen ora gelem ubyang-ubung mengko mundak dikira ora gelem sawung.		
107	Sing laop-laop ana ndalan kuwi pancene Kancung Umuk, karo sedhela-sedhela ngglenggeng kendhangan lan senggakan Sinom Parijatha thung ndlang dhet, dhet dhet dah, thung dhet thung gong. “Loro telu, papat lima enem, Janggrunge ayu-ayu sing nyawang padha marem. Yake eyo, e e yake eyo, ayo disengkuyung.”	Parikan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 20
110	“Ngapa bu Sri ora gelem ngomong yen ana prawan ayu-ayu mlebu warung. Thukna aku ket mau rak melu jagongan neng kene,” cluluke mas Luwih karo njejeri lungguhe Kanthil. Sing dijejeri mingsed rada adoh, sajak ora seneng karo sikepe anake Dul Bandhu kuwi. “Piye Thil janggrunge, wis dadi durung. Apa sida kepyakan ora?” pitakone Mas Luwih karo mripat kurang ajar. “Yen butuh dana aku gelem tombok . Mbakyu adhi pisan wani direga pira. Seket ewu apa satus ewu?”	Tetembungan salebeting kesenian Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 22
112	“Ah, iki mung coba-coba kok mbak, ngiras pantes ngleluri kabudayan Jawa. Yen mboten awak dhewe, mengke njur sinten sing gelem ngurip-urip seni Janggrung ngeten niki,”	Basa jawa ragam krama madya	Sugiyanto, 2005: 19 seri 23

	wangsulane Palguna andhap asor. “Aku yen dibutuhake mengko ya gelem kok urun-urun bau. Ngiras pantes golek pengalaman ana tengahe masyarakat.” “Matur nuwun mbak Pras.”		
--	---	--	--

Tabel 5. Perangan Kesenian wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Kesenian	Kapethik saking
9	“Dhik Palguna sing dikarepake simbok?” “Ho oh, dheweke lagi kelas telu SMP wis wasis njoget jawa lan karawitan. Sajake suk yen gedhe bakal dadi bocah pethingan. ”	Kaprigelan seni ingkang mumpuni	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1
10	Weruh keprigelane Palguna munggah kalangan kuwi nyi Prenes dadi kepranan. Ora ngira babar pisan bocah sing lagi kelas loro SMP wis baut nyeblakke sampur ora geseh karo wiramane gendhing. Dheweke kepingin ngejak samangsa ana tanggapan Janggrung, piride kena nggo gawe gawoke penonton. Mensthi wae nyi Prenes wis nyisihake opah kanggo anake nyi Rawit kuwi.	Paraga ingkang wonten ing kesenian Janggrung ingkang mumpuni	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1
17	Nadyan wong tuwane wis ngoncadi pakaryan njanggrung sing wis tau dipecaki, nanging kasunyatane getih seni sing nuruni marang Palguna kuwi ora bisa diselaki. Nyatane jaka kencur kuwi wiwit SMP wis pinter njoget lan	Bakat utawi kaprigelan seni ingkang wonten ing satunggaling paraga ingkang mumpuni	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2

	karawitan. Guru-gurune wae padha ngungun marang kaprigelane Palguna.		
24	Nalika semana ing daleme didegake sanggar tari, ning sing padha latihan mung arang kadhing, wekasane saiki mung kari jeneng wae. Ewasemana kanggone wong kepengin golek beksa kanggo wong duwe gawe isih padha njujug ing daleme pak Padmo.	Gladhen beksan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
35	“Wonten napa Pak, sajakipun ajeng janggrungan?” “Ho oh Cung, diutus pak Brayat. Pendhak iki, sasi ngarep arep nanggap Janggrung. Pak Brayat tau duwe omong, yen anggone omah-omah bisa menangi taun emas bakal nanggap Janggrung. Sing diantebi nyi Prenes lan gendhuk Welas. ”	Paraga Janggrung ingkang mumpuni	Sugiyanto, 2005: 20 seri 3
36	Kaur desa kuwi meneng. Ing batin mbenerke omongane Kancung Umuk. Yen sing nanggap tontonan wong sugih tamune lan undangane ya wong sugih-sugih. Yen sing duwe gawe wong gedhe lan pangkat, undangane lan tamune ya wong gedhe-gedhe. Wong cilik-cilik ora wani mara, merga ora duwe jas sing mlithit setrikane lan kempling sepatune.	Inkang ningali pentas Janggrung.	Sugiyanto, 2005: 20 seri 3
41	“Acarane iki ulang taun kawin emase pak Brayat, lan mesisan nggawe tanggap warsa kawin perak pak Mulyono putrane sing tuwa dhewe. Ngiras pantes panjenengane kuwi kepingin nuduhake marang tamune, babagan kesenian Jawa sing butuh tangan-tangan kanggo nglestarekake.	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 20 seri 4

	Nyatane tontonan sing ditanggap kabeh dumadi saka kabudayan jawa. Wiwit Klenengan, Fragmen Wayang Wong lan Janggrunge awake dhewe iki mengko. Apa ora jeneng hebat. Mosok awake dhewe wis ana sing nggatekake malah saiki arep mlayu ngedohi, rak jeneng ora sumbut ta?"		
42	"Lha sing arep ngrebab sapa, Dhik Sek?" "Nggih Pak Bambang mawon." Bu Kades kuwi meneng sedhela nuli manggut-manggut sajak setuju. "Piye dhik Pal, apa sliramu kabotan?" "Menawi makaten saged, kula namung ndherek." "Ya wis yen ngono, saiki wis klir. Kari ngenteni suk Setu mbutuhake latihan. Merga Janggrunge iki mung Janggrung netepi srana wae. Dadi kudu dilatih luwih dhisik. Sokur ibu-ibu PKK mengko ora kabotan," ngendikane bu Yustinah. "Menika langkung sae bu, sokur mboten namung sepindhah latihanipun. Mergi menawi kirang sae rak nggih saget ngasoraken paguyuban menika."	Gladhen karawitan kangge ngiringi pentas Janggrung.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 5
49	Wiwit jam pitu bengi, karawitan Sekar Sari wis ngumandhangke tabuhan soran sing nyamleng. Ladrang Harjuna Mangsah krasa sigrak, kanthi tabuhan balungan gemontang bening.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
50	Gendhing Roning Tawang laras pelog wis paripurna. Jam wolu kurang sepuluh menit Pak Mulyono nyuwun pirsya menyang pak Widura	Ingkang ningali pentas Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7

	sing dadi paniti priksa tamu sing rawuh wis jumbuh karo undangan apa ora. Nyatane wis ora ana sing kecicir. Prasasat undangan patang atus wis komplit, saengga acara bakal kawiwitan.		
51	Ladrang Santi Mulya laras pelog pathet lima keprungu munya hangrangin mratandhani adicara kaul kawin emase pak Brayat lan ngiras pantes mengeti kawin perake pak Mulyono kawiwitan.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
52	Acara resmi pidhato ora akeh, mung saka pak Teguh Winaryo sing minangka tetuwanggane pawiwahan kang ngendika, ngudal kandha wigatining perlu, jinajaran pak Brayat sekalihan dalasan pak Mulyono sekalihan.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
53	“Mila ing kalodhangan punika minangka pambukane pasegahan badhe kasugata beksan Janggrung kanthi tandhak utawi ledhek nyi Prenes, nyi Lindri, dalasan gendhuk Welas. Dene pelandang saha pelarihipun bagus Palguna kaliyan ki Padmo.	Paraga Janggrung wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
55	Tanpa disela pranata wicara purnane ature pak Teguh Winaryo sinaut kumandhange lancaran Udan Mas laras pelog, gawe ngese swasana. Lan suwuke lancaran Udan Mas katon para paraga Janggrung wis samekta ing gati. Pranata wicara sigra nglantari kandha sinaut Ayak-ayakan laras Slendro Manyura. Tamuna padha pating klesik, ana sing ndomblong lan cingak weruh paraga Janggrung pranyata ayu-ayu lan bagus-bagus.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7

56	Tamu-tamu lanang pandulune tumuju gendhuk Welas sing nyata ayu merak ati. Ora kalah nyi Lindri lan nyi Prenes katon mbombrong gawe gawe gregeten sing nyawang nadyan umure wis setengah tuwa. Beda maneh karo tamu-tamu putri, sajake padha kepranan marang Palguna sing nyata bagus lan isih enom pisan. Prasasat padha ngalembana ing batin utawa karo klesak-klesik kepengin ngerti sapa satemene Palguna iku.	Ingkang ningali pentas Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
58	Tamune padha keplok, nuli gendhuk Welas kuwi bali menyang panggung dipapag paraga liyane, tinampunan kendhang ngaplak terus irama kebar, kanthi beksan gambyongan.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
59	“Pancasila dhasare negari” nyi Prenes nyaut buka celuk jineman Uler Kambang kanthi irama nyemeg. Palguna lan Welas wiwit ngaturi pak Brayat mundhut sampur ana baki. Tamune padha mesam-mesem nalika pak Brayat wis kalungan sampur maju alon-alon menyang panggung karo nggenteni suwuke jineman Uler Kambang. Minangka ila-ila, dhuwit lembaran seket ewu ditibakake neng baki, diisusul pak Mulyono ora beda kalungan sampur sajak rikuh, mesam-mesem melu nibake dhuwit lembaran eketan ewon.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
60	“Ngersakaken gendhing menapa pak Brayat ingkang minulya?” swarane gendhuk Welas bening nggemesake.	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 7

	“Aku njaluk gendhing alus, Kinanti Padhang Rembulan laras Slendro, rong rambahan wae kanthi buka celuke nyi Prenes, ” ngendikane pak Brayat keprungu rada groyok ning wijang.		
66	Sajake Remong Tambal mujudake tontonan sing banget digandrungi dening warga desa. Yen ing tlatah Jawa Tengah ya meh memper Janggrung cak cakane. Mung bedane yen Janggrung sing ana ndhuwur panggung kuwi jenenge ledhek, dene Remong Tambal diparagani sawijine wanita kanthi dan-danan lan joget Remong. Ing pentas kuwi ya ana tombokan, kaya patrape tombokan neng tontonan Janggrung. Sing tombok nuli jejogetan anut iramane gendhing sing dipesen.	Paraga wonten pementasan.	Sugiyanto, 2005: 45 seri 8
73	Sajake warga desa kuwi padha ngelak tontonan tenan. Nyatane sing arep nonton katon ndlilir nalika wis keprungu kendhang dikeplak irama ciblon. Neng latare nyi Prenes kuwi jebul wis tumpleg wong ndelok gawe kalangan. Sing mbarang cokek wis tuwa-tuwa dumadi saka wong papat wae.	Paraga salebeting kesenian Janggrung ingkang mumpuni	Sugiyanto, 2005: 46 seri 10
80	“Bener, dheweke kuwi pancen pethingane Janggrung sing wis kondhang tekan ngendi-endi. Malah yen miturut critane swargi mbah Bayan tuwa, wiwit jaman rati mbiyen mbah-mbahe ya ledhek Janggrung gamben sing ngedanke wong lanang tenan. Mula ora mokal yen nganti saiki	Paraga salebeting kesenian Janggrung ingkang mumpuni	Sugiyanto, 2005: 20 seri 11

	ilmune isa diturunake marang nyi Prenes lan nyi Rawit sing wis ngumandhangke dumelinge seni Janggrung ing ngendi-endi papan.		
96	Pawiwahan ngundhuh manten neng daleme pak Lebda sida nanggap Janggrung tenan. Janggrung sing wis digarap kanthi wektu setengah jam wae. Mergane mengko bakal diterusake pakeliran padhet kanthi lakon Wahyu Makutha Rama.	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 17
98	Sadurunge adicara tanggap wacana silaturrahmine wong bebesanan, para tamu sinugata ing seni Janggrung sing diwiwiti kanthi gummyake Gambyong Pangkur dening Welas lan Kanthil. Sing nonton padha gawok weruh paraga ayu-ayu sing wasis ulah beksa kuwi.	Paraga wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 17
99	Pak Lebda anggone kepingin nguripake Janggrung ora mung cukup semono wae. Nalika ana acara rasulan utawa resik desa, Janggrung alusan wiwit kababar maneh. Kanthil lan Welas sing kadhapuk dadi paraga Janggrung, digarap joget alusan. Lan sajake ya wis mranani tenan, nalika ana tombakan ya mung digawe alusan lan winates paraga-paraga sing dikeparengke. Sing dadi pelandhang cukup Palguna.	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 18
100	Saka gethok tular, mbok bakul sinambi wara, Janggrungane nyi Prenes wiwit oleh kawigaten maneh. Jeneng Janggrung wiwit ditepungi dening warga desa silih gumanti. Siji loro, saka njaban	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 18

	desa wiwit ana sing nanggap kanggo acara resik desa utawa rasulan , wiwit tlatah Wuryantoro, pracimantoro, Eromoko, Jatisrono, Slogohima lan kecamatan-kecamatan liyane ing wewengkon Wonogiri padha kepingin nanggap Janggrunge nyi Prenes. Pancen racake turut desa ngadesa, nanging dilakoni ora kanthi nggresula nadyan asile sok-sok ora patia teles, beteke mung kepingin ngurip-urip aja nganti seni Janggrung ketliweng dening lakune jaman.		
109	Kepyakan pentas Janggrung sing sepisan wis diangkah wulan Agustus, ngiras pantes karo mengeti HUT RI sing wis dadi bombong lan mongkoge warga Indonesia, dene negarane wis duwe dina kamardikan, sawuse sadurunge wus dilabuhi kanthi korban jiwa raga dening para pejuang anggone ndhepani bumi pertiwi, lila dadi korban minangka kusuma bangsa.	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 21
111	Ora baen-baen, sing rawuh ing pentas Janggrung kuwi ana pak Camat, saka Kantor Kebudayaan Kabupaten, lan isih ana sing rawuh saka dinas Pariwisata barang .	Ingkang ningali pentas Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 23
113	“Iki ngene dhik Pal, anane pak Kasi Kebudayaan rawuh mrengs iki beteke arep kagungan kersa marang sliramu, sing magepokan karo bakal anane lomba tari rakyat ing tingkat Jawa Tengah sasi ngarep ,” pak Bambang mbukani rembug, “Lajeng kersanipun kados pundi?” wangsulane	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 24

	Palguna “Pak Kasi Kebudayaan ngersakake ngangkat Janggrung. Mula dak aturi mirsani piyambak, ngendika piyambak karo sliramu dalasan anggota sanggar Janggrung supaya damang.”		
115	“Lajeng samangke ingkang prayogi ngagem tetenger tari rakyat menapa pak Lebda?” pitakone pak Kasi sajak wis kersa nampa. “Dhik Pal sengaja ngangkat tetenger Janggrung. Janggrung Wonogiren.”	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 20 seri 24
116	Latihane saya grengseng nalika wektune kurang sepuluh dina. Rampake garapan tari lan gendhing wis katon gemana. Rampak lan rempege tabuhan wis kena ditablangake, nadyan isih perlu banget gregete latihan. Prastiwi lan Palguna ora bosen-bosen tansah menahi peningkatan-peningkatan kanggo nguripake pacake lan pancande joget. Dene pak Bambang lan pak Lebda ya tansah ngikrikake irama tabuhan, klebu rasane tabuhan supaya luwih nges. Andhile mas Parwono nyata gedhe paedahe babagan garapan gendhing kuwi. Saben kelompok tabuhan tansah diolah mateng saengga luwih mapan lan resik saka ngeng-ngeng lan rasa sing kurang pas.	Gladhen kesenian Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 25
119	Lomba tari rakyat kuwi dianakake ing wayah bengi, mapan ana Kabupaten Kendal. Sing melu ana wolung kontingen, siji lan sijine mujudake wakil karesidenan lan kodya. Palguna lan Kanthil	Acara wonten pementasan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 26

	minangka wakil penari Janggrung melu jejer bebarengan wakil-wakil saka saben karesidhenan ngadani pembukaan. Ing pendhapa kuwi wis kebak tamu-tamu undangan, lan para yuri uga wis padha siyaga ing gati mbiji lakune lomba tari rakyat tingkat Jawa Tengah.		
120	Wis ora mungguh jamane yen ana Janggrung manggung keladuk wani kurang deduga, saengga sok gawe wong lena imane merga sembranan. Janggrung garapan kang pinetha telung pantha. Yaiku Janggrung kang dikemas minangka tontonan kanthi ila-ila, kayata: Janggrung minangka upacara ritual bedhah bumi sing wis kerep lumaku wiwit jaman kuna minangka upacara resik desa utawa rasulan sing dianakake bakda panen, Janggrung minangka upacara adat temanten, kanthi gegambaran paraga temanten kakung sing melu mbeksa ngregengake suasana Janggrung kanthi beksan laras tayub sing alus lan kebak subasita. Kanthi piwulang siningid, mecaki urip anyar ing bale sesomahan kuwi tansah kebak panggodha, saengga kudu linambaran iman kang santosa anut paugeraning kautaman. Saengga tuwuh unen-unen, “aja gampang kalepyan lamun nyawang kaendahan lan aja gampang pepes lamun nemoni lelakon kang ngenes.”	Janggrung sarana pertunjukan ing adicara tartamtu.	Sugiyanto, 2005: 34 seri 26

	Ping telune Janggrung minangka sarana tontonan, kanthi nyanggit wujud beksan pergaulan tanpa ana penonton sing tombok. Saengga garapan Janggrung kuwi cukup dinulu dening penonton wae.		
--	---	--	--

Tabel 6. Perangan Pakaryan wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Pakaryan	Kapethik saking
2	Sing wis tau dadi ledhek wiwit padha omah-omah lan golek pakaryan liya sing jamak karo kiwa tengene. Ana sing bakulan, ana sing dodolan lan ana sing nrima mung grima tani apadene buruh wae. Pegawean apa wae padha disrabut beteke kepengin ngilangake pamor janggrunge	Ukara ingkang kacithak kandel wonten indikator, nedahaken perangan pakaryan. Ukara menika nggambaraken jinising pakaryan wonten masyarakat.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 1
6	“Las, sliramu kabotan pa yen simbok panggah nerusake panggaotan janggrung iki?” Welas anake wedok sing wis prawan kuwi mung gedheg.	Ukara ingkang kacithak kandel wonten indikator, nedahaken perangan pakaryan awujud jinising pakaryan wonten satunggaling masyarakat. Satunggaling paraga wonten pethikan menika ndadosaken kesenian janggrung minangka pakaryanipun.	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1
7	“ Aku ora bakal ninggalake Janggrung Las. Nadyan saiki wis okeh wong-wong padha ora gelem nanggap. ”	Ukara ingkang kacithak kandel wonten indikator, nedahaken perangan pakaryan awujud asil anggenipun makarya. Ukara	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1

	Welas panggah durung awesh wangsulan, nganti Nyi Prenes nyedhaki lan ngepuk-puk pundhake.	menika nyariyosaken sampun kathah tiyang ingkang sampun boten kersa nanggap Janggrung, satemah mangaribawani tumrap asil (gayutanipun kaliyan arta) para paraga Janggrung menika.	
13	“Apa sing mbok kandhakke kuwi pancen yen dirasa bener Nyi. Lemah telung tlebek iki ora bakal kentas kanggo urip ngetutake rukune ing tengah-tengahe sesrawungan,” pak Kemis nglenggana.	Ukara ingkang kacithak kandel nedahaken perangan pakaryan awujud asil anggenipun makarya.	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1
16	Jenenge pancen Palguna. Nanging dudu jeneng wayang ing Palguna Palgunadi. Ing jiwane pancen ana getih seni sing lumuntur ngukur jiwa ragane. Nanging saiki panggaotane bapake dadi tukang batu lan tukang kayu saliyane tani. Dene mboke bakulan isih candhak kulak asil tetanen neng pasar Ngadirojo. Nadyan kanthi mengkono nyatane anggone omah-omah isa temata nadyan ora klebu keluarga sing sugih.	Ukara ingkang kacithak kandel nedahaken perangan pakaryan awujud jinisipun pakaryan wonten masyarakat.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
64	Krungu krentege Palguna bakal nerusake kuliah, pak Kemis ora ketara kaget. Sing rada njola malah nyi Rawit merga mikir bab ragad. “Kabeh iki durung dilakoni nyi, tekade Palguna dak jurung kanthi mongkoge ati. Perkara ragad kuwi kena dipikir karo mlaku,” wangsulane pak Kemis tanpa tidha-tidha. “Awake dhewe uga butuh ragad kanggo Pawitri	Asil anggenipun makarya	Sugiyanto, 2005: 20 seri 8

	ki. Apa ya kentas yen panggaotane awake dhewe mung tukang mbarang ngene iki?”		
67	“Jaman saiki golek gawean angel Las. Apa maneh neng kutha-kutha wis okeh sing di PHK. Nadyan diselaki kaya ngapa kasunyatan awake dhewe bisa ngopeni awak nganti tekan seprene.” Welas tanggap, mboke sajak ora seneng yen nyritakake babagan Kathil sing lunga. Dheweke bisa ngrasakake jaman sing saya maju iki pancene saya angel golek gawean sing gumathok kanggo nguripi tembe mburi.	Upaya pados pakaryan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 9
70	Welas nyawang Saitun wiwit pucuke rambut nganti dlamakan tapis tan kecicir sethithika. Dheweke ngerti kepriye watake Saitun, lan kepriye sifate, merga wiwit cilik tansah awor. Saitun ing tengah desane wis klebu prawan sing lelemeran dupeh rupane ayu. Anggone ambyur ing donyane seni panggung mung dinggo pawadan wae supaya gampang olehe gawe dalan golek dhuwit. Dheweke pancen laris tanggapane. Mbuh kuwi joged apa nyanyi. Dheweke pancen ora nulak yen disembranani dijak nerusake laku sing satemene nerak angger-anggere kasusilan, ewadene panggah dilakoni waton ana dhuwite sing gambar buta.	Jinisipun pakaryan wonten masyarakat	Sugiyanto, 2005: 40 seri 9
86	“Las, engga cawisna unjukan loro, karo nyamikan. Sajake Pak Lebda duwe wigati tenan,” prentahe nyi Prenes semu bisik-bisik menyang Welas. Sing	Jinising pakaryan wonten masyarakat	Sugiyanto, 2005: 19 seri 13

	dikongkon ora ndadak nganggo wangsulan wis jumangkah memburi. Gupuh-gupuh nyi Prenes mapag tamune sing katon gagah kebak prebawa nadyan wus katon sepuh, diampingi pak Bambang sing minangka penilik kabudayan.		
90	Ngadirojo mujudake kutha cilik sing kahanane panggah rame. Prasasat kutha sing ora tau turu. Wiwit bakda Asar ing sakiwa tengene dalam cedhak terminal lan pasar tansah rintip tendha-tendha dagang panganan maneka warna. Akeh tukang-tukang ojek sing padha mangkal nganti ngadhepake parak esuk. Merga kutha cilik kuwi yen wis lingsir dadi jujukane bus malam sing wis wancine mulih.	Jinising pakaryan	Sugiyanto, 2005: 19 seri 14
91	“Mbak Nunik ki rak wis rampung kuliah ta? Mosok sarjana trima bukak warung lesehan ngene, apa ora eman-eman ijasahe mbak?” “Saiki golek gaweyan angel, dhik. Durung mesthi sarjana mesthi nemu gaweyan sing gumathok. Yen kabeh kepingin dadi pegawai kantor, sapa sing arep nggaji? Wong negara utange sak ambreg. Puluh-puluh gaweyan ngene, sing penting kena nggo mangan dhik,” banyolane Nunik karo nyodhorake es jeruk.	Upaya pados pakaryan	Sugiyanto, 2005: 20 seri 14
102	Pancen saploke Kanthil magang neng kantor Kebudayaan, Palguna wis arang ketemu. Prawan ayu kuwi wektune sajake luwih akeh digunakake	Jinising pakaryan masyarakat	Sugiyanto, 2005: 20 seri 18

	neng kegiatan-kegiatan kantor. Malah jarene wis entuk samben ngelesi tari neng SD-SD lan desa-desa sing mbutuhake.		
108	Nalika Kancung Umuk weruh Karyo Mingun si blantik sapi sing lagi ngetung dhuwit ana ngarep warunge Sarmin agahan dheweke marani. “Aku ujur kang Mingun, sajake oleh bathi okeh.” “ Bathi okeh mbel gedhes. Oleh satus seket ewu wae didum wong loro, ” wangsulane Karyo Mingun karo nyumet rokoke.	Jinising pakaryan masyarakat	Sugiyanto, 2005: 20 seri 20

Tabel 7. Perangan Pirantos wonten Cerbung Janggrung

No. Dhata	Indikator	Perangan Pirantos	Kapethik saking
12	“Pancen Palguna duwe bakat Nyi. Nyatane dheweke ricikan gamelan ora tau nulak. Wiwit saka kendhang, mbalung, bonang , nganti tekan ricikan alus wis isa dirasakke. Klebu anggone nyeblakke sampur wis ngenut pada.	Ukara ingkang kacithak kandel wonten indikator nedahaken perangan pirantos awujud pirantos ingkang wonten ing kesenian Janggrung.	Sugiyanto, 2005: 20 seri 1
22	Palguna mung unjal ambegan. Mripate nyawang rebab sing mentas dituku sawetara sasi kepungkur. Rebab sing cumanthel kuwi sajak ngawe-awe atine. Tangan lan atine wis konjem lakune pathet sing dumeling saka senar rebab kang digesek kebak rasa jroning wardaya.	Tembung ingkang kacithak kandel nedahaken perangan pirantos awujud jinising pirantos ingkang wonten ing kesenian Janggrung.	Sugiyanto, 2005: 19 seri 2
23	Ana sepedha bebek Yamaha 80 werna biru mlebu	Titihan masyarakat wonten desa	Sugiyanto, 2005: 20 seri 2

	platarane omah nedhenge Palguna ngrewangi Pawitri adhine wedok sing lagi ngentasi kacang brol sing dipepe. Dudu kacang panenane, nanging kacang sing tuku neng pasar. Kacang kuwi digaringke terus digawe ose, bathine kena nggo mangan saben dinane.		
25	Pak Padmo melu nggleges, terus pamitan ngono wae. Sing ditinggal age-age ngrampungke mulungi kacange. Srengenge wis ngadhepke sagenter ing sisih kulon. Pak Kemis kanthi numpak sepedha onthel mlebu plataran mulih saka nyambut gawe anggone dadi tukang watu.	Titihan masyarakat wonten desa	Sugiyanto, 2005: 20 seri 2
29	Nyi prenes age-age njupuk ember diisi banyu disiramke neng latar bali ambal ping nem. Sedhela unjal ambegan karo ngulati latar sing bleduge wis krasa suda. Ambune kaya ampo lemah ketiban banyu udan. Sedhela mesem terus lungguh neng lincak emper karo sangga uwang.	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3
30	Wingenane gendheng cedhak penuwun pecah loro ketiban sawo digondol codhot ora ono sing ndandani. Pagere dhemplah, banyu kran mblambang merga pralone pecah ketiban kates jingga sing arep dimasak oseng-oseng. Tujune wae Pengkuh, tanggane let omah siji, kerep aweh pitulungan.	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3
34	Cep klakep, karo lungguh lendhet-lendhet wit waru neng gapurane omahe nyi Prenes, Kancung Umuk nalika ana wong numpak sepedha motor bebek	Titihan masyarakat wonten desa	Sugiyanto, 2005: 19 seri 3

	Legenda isih nganggo sragam perangkat desa. Pak Tarjo Kaur Desa sing teka. Tanpa ngebel langsung mlebu plataran omah rada mlebu emper diangkah rada eyup.		
57	Tekan panggung pas ayak-ayak disuwuk. Gendhuk Welas sing nggawa baki isi klasa bangka, bantal, dom bolah lan takiran wujud kacar-kucur , sajak sajodho dicaosake langsung menyang pak Brayat sing lenggah ana kursi pinajang kanthi iringan Ladrang pangkur merong wirama tanggung.	Pirantos wonten pentas Janggrung	Sugiyanto, 2005: 19 seri 7
61	“Nyi, geneya awakmu ora ndang ganti klambi banjur lungguh neng kursi tamu nonton laruge guyon maton kae.” Nyi Prenes meneng karo ngulati raine pak Dul Bandhu saka kaca pangilon . Wong lanang kuwi sajak kepingin ngumbar rasa sembrana kanggo ngrimuk atine. “Pak Dul bandhu ampun sembrana, niki wonten pahargyan. Mengke yen kedenangan bojo sampeyan napa wong liya bakal dadi gendra,” nyi Prenes nyoba nampik alus tangane pak Dul Bandhu sing nyoba kurang ajar.	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 20 seri 7
62	Wengi kuwi wis kliwat tabuh sepuluh. Palguna lengek-lengek ana latar mbeber klasa . Rong dina terang sawuse sawuse seminggu mbethethet disiram banyu udan prasasat ora ana terange.	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 19 seri 8
72	Sawijine dina pak Dul Bandhu nesu-nesu nalika	Pirantos wonten griya wetawis taun	Sugiyanto, 2005: 20 seri

	Ning Manis lagi ngrungokke klenengan saka kaset , sing sadurunge pancen ora tau dilakoni kaya mengkono kuwi. Kenya kuwi karo nyoba ngapalake not sing ditulis neng buku cilik karo ngepaske irama lan unine tabuhan balungan ing swarane gendhing. “Kowe kuwi anake wong sugih Ning, arep dadi apa wae dak ragadi. Nanging aja nggepok karo babagan gamelan, utawa seni Jawa liyane.”	2005	10
75	Kenthongan wis dithuthuk ambal pindho sadurunge srengenge mesem ana sisih wetan. Pak Sudikun sing minangka jaga tirta wis siaga ana patrolan wiwit pruput esuk mau.	Pirantos wonten griya wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 19 seri 11
76	Durung ana wong liwat sing arep mangkat kerja bakti mikul pacul . Pancen isih kesuken rasane yen sing krungu kenthongan kudu ndang mangkat mikul pacul mlaku menyang dhawuhan.	Pirantos wonten tetanen wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 19 seri 11
78	Nini Tanem pijet kuwi manggut-manggut ora lali karo ngunyer-unyerke susure neng lambe sing wis kebak dubang. Bakule sega gudheg wis mingket. Tenggoke diangkat arep menyang pasar. Sing padha kerja bakti wiwit padha liwat mikul pacul. Pak Sudikun age-age aba rokok patang pak menyang warung cedhake kono.	Pirantos wonten sesadean wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 19 seri 11
87	Sadurunge lenggah pak Lebda ora enggal ngendikan apa mapan ing kursi tamu sing dimanggakake, kepara priyayi sepuh kuwi marani gender kuningan sing isih katon kempling.	Pirantos ingkang wonten salebeting kesenian	Sugiyanto, 2005: 19 seri 13

	Rancakane digawe saka kayu jati ukir-ukiran mawa plituran bening. Astane wiwit nyekel tabuh gender nuli ninthingi laras wiwit wilah gedhe nganti wilah methit wola-wali. Sedhela-sedhela katon mesem sajak nyocogi ati.		
89	“Cah kementhus kuwi ben ngrasakke, durung tau krungu sapa Dul Bandhu. Geneya ora mbangga sepiroa!” Bu Sri Gudheg genti nulungi Parjimo sing lenger-lenger semendhe bangku. Dene Dul Bandhu wis ninggalake warung karo nyelehke dhuwit rong puluhan ewon kanggo ijol gelas lan piring sing pecah. “Wis Mo, pupusen, dheweke kuwi tukang pencak. Kowe aja nyepelekake dupeh awake gering angklung-angklung. Tujune ana aku, yen ora rak sida benjut kabeh awakmu.” “Dheweke nyepelekke banget karo nyi Prenes, bu.” “Wong kedhuwitan kuwi sok lumrah ora ngregani liyan, dupeh samubarang isa dituku. Kedadeyan iki aja didawa-dawa.”	Pirantos wonten sesadean wetawis taun 2005	Sugiyanto, 2005: 40 seri 13
117	Rong dina engkas lomba neng Semarang bakal digelar. Palguna lan Prastiwi kabantu dening Kanthil nyiapake uba rampene, klebu kostum lan tata riase pisan . Dene pak Lebda lan pak Bambang kajibah nyenyepuhi karawitane. Kabeh lumaku kanthi rancag. Seragam karawitan wis dicawisi dening kantor Kebudayaan.	Pirantos ingkang wonten salebeting lomba kesenian	Sugiyanto, 2005: 19 seri 26

